ÓZBEKSTAN REPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

B.Q. TURGANOV

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍNAN DEREKLER

**(XVII–XIX ásirlerdegi Rossiyalı elshi hám sayaxatshılardıń maǵlıwmatları tiykarında)**

«Tafakkur-bo'stoni» baspası
Tashkent – 2019

**UQK. 930.94 (575.1)**
**KBK. 632 (5 uzb-6 qq)**
**T-87**

**B.Q. Turganov**
**Qaraqalpaqstan tariyxínan derekler** (oqıw qollanba). – Tashkent, «Tafakkur-bo‘stoni», 2019. – 144 bet.

Usı oqıw qollanba – «Qaraqalpaqstan tariyxı» páni boyınsha járdemshi material sıpatında jazılǵan bolıp, XVII-XIX ásirlerdegi Rossiyalı elshi, sayaxatshı, mámleketlik xızmetkerler, tariyxshı hám áskeriy qánigelerdiń shıǵarmaları, eske túsiriwlerindegi qaraqalpaq xalqınıń sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq turmısı, etnogeografiyası, tariyxı, etnografıyası hám mádeniyatına tiyisli tariyxıy dereklerdegi maǵlıwmatlar berilgen.

Oqıw qollanbadan joqarı oqıw orınlarında «tariyx oqıtıw metodikası» qánigeliginde oqıtılatuǵın «Qaraqalpaqstan tariyxı», «tariyx oqıtıw metodikası» qánigeligi magistratura basqıshında ótiletuǵın «XVI-XIX ásirlerdegi qaraqalpaqlar» pánleri boyınsha student, magistr hám professor-oqıtıwshılarǵa qosımsha xrestomatiyalıq oqıw materiali sıpatında paydalanıwı mumkin. Bunnan tısqarı, Watanımız tariyxına qızıǵıwshı insanlarǵa oqıw ádebiyatı sıpatında arnalǵan.

**Juwaplí redaktor:**
A. Qudiyarov – Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti quramındaǵı «Repressiya qurbanların eslew» muzeyi direktorı, tariyx ilimleri kandidatı, docent

**Pikir bildiriwshiler:**
M. Tlewmuratov – Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı «Tariyx oqıtıw metodikası» kafedrası professorı
O. Yusupov – Ájiniyaz atındaǵı Nokis mámleketlik pedagogika instituti «Tariyx oqıtıw metodikası» kafedrası úlken oqıtıwshısı

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Ilimiy Keńesi tárepinen 2019-jıl 1-noyabr 3-sanlı bayanlaması menen baspaǵa usınıs etildi.

**ISBN 978-9943-993-64-8**

**© B.Q. Turganov**
**© «Tafakkur-bo‘stoni» baspası, 2019**

# Kirisiw

Qaraqalpaq xalqınıń bay ótmish tariyxı, joqarı mádeniyatı hám kórkem óneri, mánawiyatın, qońsı xalıqlar menen tariyxıy hám mádeniy baylanısların hár tárepleme úyreniw watanımız tariyxınıń aktual mashqalarınan biri esaplanadı. Búgingi kúnde watanımızda barlıq millet hám xalıqlarǵa óz mádeniyatın úgit-násiyatlaw hám de tariyxın úyreniw ushın keń imkaniyatlar jaratılǵan. Milliy ózlikti ańlaw, tariyxıy eslewdi qayta tiklew, xalqımız tariyxına tiyisli jazba dereklerdi asırap-abaylaw, olardı izertlew hám mádeniy - tariyxıy miyrasımızdı xalqımız arasında keń kólemde úgit-násiyatlaw máseleleri tariyxshı ilimpaz-larımızǵa úlken juwapkershilik júkleydi. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 24-maydaǵı «Áyyemgi jazba dereklerdi saqlaw, izertlew hám úgit-násiyatlaw dizimin jáne de jetilistiriw ilajları haqqındaǵı» qararı xalqımız tariyxına tiyisli jazba dereklerdi úyreniw barısında túpkilikli ózgeris jasadı[1]. Usı hújjette jazba dereklerdi úyreniw, izertlewdiń jetilisken dizimi qáliplesken.

Usı qarar tariyxshı alımlarımız aldına xalqımızdıń bay tariyxıy dereklerin, ilimiy, mánawiy intellektual miyrasımızdı saqlaw, ilimiy jámaatshilik arasında talqılaw, onıń mazmunı hám áhmiyeti haqqında qánigelerge, tiyisli tálim baǵdarlarında bilim alıp atırǵan studentlerge tereń maǵlıwmatlar berip barıw wazıypasın júkleydi.

Bunnan tısqarı, ǵárezsizligimizdiń dáslepki kúnlerinen baslap xalqımızdıń bay ótmish tariyxın haqıyqat túrde hám jazba derekler tiykarında úyreniw, olardı jaslarımız hám keń jámiyetshilik arasında úgit-násiyatlaw mámleketimiz siyasatınıń baslı baǵdarlarınan biri bolıp kelmekte.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A.Karimov «Hár qashan, óz tariyxın bilgen, onnan ruwxıy quwat alatuǵın xalıqtı jeńip bolmaydı eken, biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz,

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 24-майдаги «Қадимий ёзма манбаларни сақлаш, тадқиқ ва тарғиб қилиш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисидаги» қарори // Халқ сўзи газетаси. 2017 йил 25-май. №103 (6797) сони.

xalqımızdı, milletimizdi mine usı tariyx penen qurallandırıwımız zárúr. Tariyx penen qurallandırıw, jáne bir márte qurallandırıw zárúr» - dep atap ótken edi[2].

Bizge belgili, burıngı awqam dúzimi dáwirinde tariyxıy shıǵarmalar bir tárepleme, milletimiz hám mánawiyatımızǵa jat bolǵan marksizm hám leninizm ideyaları tásirinde jazıldı. Tariyxıy waqıya hám hádiyselerdi sáwlelendiriwde qalıs hámde tariyxıy procestegi haqıyqatlıqtan kelip shıǵıp emes, al bir tárepleme kommunistlik ideyalogiya tiykarında jarıtıldı.

Ásirese, Rossiya hám Orta Aziya múnásibetleri, ózbek xanlıqları, atap aytqanda qaraqalpaqlardıń Rossiya imperiyası menen sırtqı siyasattaǵı múnásibetleri, Aral boyı hám Sırdárya boylarındaǵı qaraqalpaqlardıń Patsha Rossiyası menen diplomatiyalıq hám sawda-satıq baylanısları, olardıń aqıbetleri hám basqa tariyxıy, siyasıy, sociallıq waqıyalardı haqıyqatlıqqa sáykes túrde sın kózqarastań qayta kórip shıǵıw hám jańa maǵlıwmatlardı toplaw zárúr. Rossiya imperiyasınıń Orta Aziya menen qızıǵıwshılıǵı, onı koloniyaǵa aylandırıw jolındaǵı háreketler patsha Mixail Fyodorovich (1613–1645-jj.) dáwirinen baslanadı hám eki júz eliw jıldan soń 1865- jılı Qoqan, Buxara hám 1873-jılı Xiywa xanlıqların boysındırıw menen juwmaqlanadı.

Rossiya húkimeti koloniyashılıq siyasatın ámelge asırıw procesınde Orta Aziya xanlıqları hár tárepleme tereń úyrenilgen, bunda shıǵıstanıwshı alımlar, joqarı maǵlıwmatlı diplomatlar hám áskeriy qánigelerden paydalanılǵan. Olar júzeki túrde sawda-satıq hám mádeniy baylanıslardı rawajlandırıw ushın jiberildi dep sáwlelendirilgen bolsa da, tiykarında Orta Aziyadaǵı áskeriy-siyasıy jaǵdaydı úyreniw, Qoqan, Buxara hám Xiywa xanlıqları-nıń qońsı mámleketler: Hindistan, Iran, Turkiya hám Qıtay menen múnásibetlerin anıqlaw hám regiondaǵı qalalardıń geografiyalıq jaylasıwı hám topografiyasın úyreniw ushın jiberiledi. Rossiya imperiyası Orta Aziyanı iyelew siyasatında túrli diplomatiyalıq

[2] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. –Тошкент. Шарқ, 1998.- B. 24-25.

oyınlar, jalǵan wádeler beriw, ámelge aspaytuǵın shártnamalar dúzıw arqalı qazaq xanlıqları hám qaraqalpaqlardı Rossiya puqaralıǵın qabıl qılıwǵa, sol jol menen Orta Aziya xanlıqları hám xalıqları arasındaǵı óz ara kelispewshiliklerdi kúsheytiwge háreket qıladı. Ámelde bul koloniyashılıq siyasatınıń diplomatiyalıq oyınlarinan biri edi.

Oqıw qollanbadaǵı tariyxıy maǵlıwmatlarda Rossiyalı elshi, sayaxatshı, áskeriy qánigeler, mámleketlik ǵayratkerler hám shıǵıstanıwshı alımlar izertlewleriniń tiykarǵı maqsetleri ayqın sáwlelenedi. Rossiyalı elshi hám sayaxatshılardıń Orta Aziya xalıqları tariyxı, etnografıyası hám mádeniyatı haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlardı milliy ǵárezsizlik ideyalogiyası principleri tiykarında úyreniw watanımız tariyxınıń belgisiz táreplerin úyreniwde oǵada úlken áhmiyetke iye.

Oqıw qollanbanı jazıwda Tashkent qalası A.Nawayı atındaǵı Ózbekistan Respublikası mámleketlik kitapxanasındaǵi «Turkistan toplamı» («Туркестанский сборник») nan tariyxıy derek sıpatında paydalanıldı. Bul toplam Turkistan, sonday-aq qaraqalpaq xalqınıń XVIII-XX ásirlerdegi tariyxın jarıtıwda úlken áhmiyetke iye esaplanadı. Toplam jámi 594 tomnan ibarat bolıp, negizinen gazeta hám jurnallardıń qıyındılarınan, ayırım hújjetlerdıń nusqalarınan quralǵan. Ondaǵı materiallar Orta Aziya xalıqlarınıń social-ekonomikalıq, siyasıy hám mádeniy turmısınıń barlıq tarawların qamtıp aladı. «Turkistan toplamı» V.İ.Mejov tárepinen dúzilgen. Onıń birinshi tomı 1868-jılı Peterburg qalasında, al songı tomları Tashkent qalasında tayarlanadı. «Turkistan toplamı» sol dáwirdegi patsha Rossiyası baspa sóz betlerinde járiyalanǵan materiallardan quralǵan bolǵanlıǵı ushın tariyxıy derek sıpatında áhmiyetlı esaplanadı. Ol xalqımız tariyxında ashılmay atırǵan betlerin jáne de tolıqtırıwda xızmet etetuǵın qunlı derek bolıp tabıladı.

Sonı atap ótiw kerek, «Turkistan toplamı» hám basqa da Rossiyalı elshi, sayaxatshı, áskeriy qánigeler hám mámleketlik ǵayratkerlerdıń shıǵarmaları, maqala hám eslewlerinde qaraqalpaq xalqınıń XVII - XIX ásirlerdegi tariyxı, etnografıyası, mádeniyatı, geografiyalıq jaylasıwı, sociallıq hám siyasıy

turmısına tiyisli kóplegen tariyxıy maǵlıwmatlar sáwlelendirilgen. Olardan D.Vershinin, F.Beneveni, M.Tevkelov, D.Gladıshev hám İ.Muravin, D.Rukavkin, F.Efremov, F.Nazarov, G.İ.Danilevskiy, N.V.Xanıkov, A.İ.Butakov, D.İgnatev, İ.Kirillov, V.N.Tatishev, M. Chulkov, P.İ.Rıchkov, A.V.Kaulbars, A.Kun hám basqalardıń shıǵarmalarında qaraqalpaqlardıń etnogeografiyalıq jaylasıwı, siyasıy turmısı, sociallıq hám ekonomikalıq jaǵdayı, tariyxı, etnografiyası, urıwlıq dúzimi haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

XVI-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqı tariyxı Buxara ámirligi, Xiywa xanlıǵı hám Sırdárya boyındaǵı Kishi júz qazaq xanlıǵı tariyxı menen tıǵız baylanıslı bolǵan. Sol sebepten Rossiyalı elshi hám sayahatshılar shıǵarmaları Orta Aziyanıń qaysı xanlıǵı haqqında maǵlıwmat beriwden qatań túrde, qısqasha bolsa da qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XX ásirlerge tiyisli tariyxı boyınsha ilimiy izertlewler alıp barǵan tariyxshılardan M.K.Nurmuxammedov, P.P.İvanov, T.A. Jdanko, L.S.Tolstova, Ya.Dosumov, S.Kamalov, R.K.Qosbergenov, Q.Sarıbaev, X.Esbergenov, M.Tlewmuratov, M.Mambetullaev, A.Qoshanov, Ǵ.Xojaniyazov, O.Yusupovlar shıǵarmalarında Rossiyalı elshi hám sayaxatshılar maǵlıwmatlarınan keń túrde paydalanılǵan.

Qaraqalpaqlar tariyxına baylanıslı dereklerdi Rossiya mámleketindegi arxiv maǵlıwmatları tiykarında jıynaw barısında A.Birze, N.N.Palmov, A.S. Morozovlar úlken xızmet qıladı.

A.Qudiyarov, S.Saymanov, M.Qarlıbaev, İ.Piskunovalar tárepinen ǵárezsizlik jıllarında alıp barılǵan ilimiy izertlew jumıslarında XVII-XX ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń qalaları, sociallıq-siyasıy hám ekonomikalıq turmısı, mádeniy hám mánawiyat tarawlarına tiyisli tariyxıy izleniwler Rossiya dereklerindegi maǵlıwmatlar tiykarında tereń jarıtılǵan.

XVII-XIX ásirlerdegi Rossiyalı mámleketlik iskerler, ilimpaz, elshi hám sayaxatshılardıń qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵlıwmatların úyreniw qaraqalpaq xalqı tariyxın jáne de tereńirek úyreniwde oǵada úlken áhmiyetke iye bolıp tabıladı.

# I BAP. XVII-XIX ÁSIRLERDEGI QARAQALPAQ XALQÍ TARIYXINÍŃ TARIYXTANÍW ÁDEBIYATLARÍNDA JARÍTÍLÍWÍ

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxın ilimiy tárepten úyreniw XX ásirdıń 20–30-jıllardan baslanadı. XX ásirdiń 20-jılları ortalarınan baslap Qaraqalpaqstanda lingvistikalıq, folklorlıq, etnografıyalıq, úlketanıw, arxeologiyalıq izertlewler hám baqlawlar alıp barıla baslanadı. 1926-jılı Moskva mámleketlik universiteti etnologiya fakultetiniń studentleri hám etnografıyalıq–arxeologiyalıq muzeyi xızmetkerleri N.Baskakov, A.Dawlet hám A.İvanovlar Qaraqalpaqstanda ilimiy izertlewler alıp baradı. Olar 1928-jılı Qaraqalpaqstanǵa ekinshi márte ilimiy saparǵa keledi.

1929-jılı A.L.Melikov jańa etnografıyalıq ekspediciyaǵa basshılıq qıladı. Ol úlkemiz boylap arxeo-etnologiyalıq izertlewler alıp baradı hám úlke tariyxı-etnografıyasına baylanıslı kóplegen materiallardı jıynaydı. Usı materiallar tiykarda 1929-jılı Qaraqalpaq úlketanıw muzeyi shólkemlesedi. A.L.Melikov Qusqana tawınan zoroastrizm dinine tiyisli «ossuwariy»lardı jaynaǵan hám olardan bir danasın «Rus muzeyine» tapsıradı.

S.E.Malov, E.Polivanov, professor A.Sokolov, Filenenko basshılıǵında 1930–1933-jılları qaraqalpaq tili, folklorı, ádebiyatı, qaraqalpaq xalqı tariyxı, mádeniyatın úyreniw boyınsha ilimiy ekspediciyalar shólkemlestiriledi. Olar quramında jergilikli qánigeler–dilmashlar O.Qosekeev, K.Ayımbetov, N.Dáwqaraev, O.Kojurovlar xızmet etti. Solardıń miyneti menen respublikamızda dáslepki tariyx, arxeologiya, etnografıya, filologiya, folklortanıw ilimleri qáliplesedi[3].

1931–jılı birinshi ilimiy oray Qaraqalpaqstan kompleksli ilim-izertlew instituti duzildi. İnstitutta altı sekciya boldı.-Olar:

1. Qaraqalpaqstan tariyxı hám ekonomikası;
2. Pedagogika sekciyası;
3. Etnografıyalıq-lingvistikalıq sekciya;

---

[3] Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрлар таярлаў. -Нөкис. Қарақалпақстан. 1992.-B.62-64.

4.Biologiyalıq sekciyanıń entomologiyalıq bólimi;

5. Meteorologiyalıq byuro;

6. Muzeyler hám úlketanıw boyınsha shólkemlestiriw byurosı.

Ásirese, qaraqalpaq xalqı mádeniyatı hám tariyxın úyreniwde burıngı awqam kóleminde 1933-jılı shólkemlestirilgen konferenciya dáslepki qádemlerdiń biri boldı. Konferenciyada alımlardan K.Nurmuxamedov, P.P.İvanov, D.M.Loginov, A.A.Gnedenko, N.A.Baskakov, S.E.Malov, K.Ubaydullaev, T.Nizamatdinov sonday-aq, Leningrad qalasında oqıp atırǵan qaraqalpaqstanlı studentler hám basqa da wákiller qatnasadı. Konferenciyanıń tiykarǵı maqseti burıngı awqam tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikası tábiyiy baylıqları, tariyxı, etnografiyası hám ádebiyatın ilimiy tárepten mámleketlik dástúr tiykarında kompleksli úyreniwge arnalǵan edi.

Qaraqalpaqlar tariyxı hám ádebiyatı tariyxına tiyisli dereklerdi úyreniwde A.N.Ponomarevdıń xızmetleri oǵada úlken boldı. Ol Sankt-Peterburg qalasındaǵı 1933-jılǵı Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı óndiris múnásibetlerin kompleksli úyreniw boyınsha shólkemlestirilgen konferenciya- daǵı dokladında P.İ.Rıchkov shıǵarmasındaǵı maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan jaǵdayda, «...qaraqalpaq xalqı dóretiwshiligi áyyemgi dáwirlerden jazba dástúrlerge súyengen»-dep atap ótedi. Bul haqqında XIV-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxına tiyisli dereklerdi maǵlıwmat sıpatında beredi.

A.N.Ponomarev, N.N.Palmov birgelikte Rossiya imperiyası gazeta, jurnal hám ilimiy ádebiyatlarında baspadan shıǵarılǵan XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń tariyxı hám mádeniyatına tiyisli qoljazba dereklerdi toplaydı hám olardı toplam sıpatında sistemalastırılǵan túrde «Qaraqalpaqlar tariyxı boyınsha materiallar» atamasında baspadan shıǵaradı[4]. Bul toplamda XVI-XIX ásirlerde Sırdárya boyı, Buxara xanlıǵı, Xiywa xanlıǵı, Deshti qıpshaq dalası, Emba, Ural, Volga hám Ámiwdárya alabında jasaytuǵın qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar toplanǵan edi. Toplamda tariyxıy shıǵarmalar, arnawlı ilimiy

[4] Материалы по истории каракалпаков. – С.145-278.

ádebiyatlar, arxiv híjjetler, gazeta hám jurnallardaǵı jazba maǵlıwmatlar, qaraqalpaqlarǵa tiyisli Rossiya imperiyası húkimeti tárepinen shıǵarılǵan túrli-túrli qarar hám pármanlar berilgen. N.Palmov Astraxan qalasındaǵı arxiv hújjetleri tiykarında XVII-XVIII ásirler basında Volga boylarında kóshpeli tárizde jasawshı geypara qaraqalpaqlar urıwları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı da keltirip ótedi.

Etnograf alim T.A.Jdanko «XVIII-XIX ásirlerdegi Qaraqalpaqstan territoriyasın hám xalqın izertlewdegi dáslepki hám baslı xızmet rus ilimine tiyisli» dep jazadi[5]. Bunı professor N.N.Palmov hám A.I.Ponomarevlardıń «Rus tilinde qaraqalpaqlar haqqında baspa hám qoljazba tariyxıy xabarlar», A.I.Ponomarevdıń «Qaraqalpaqlar haqqında rus tilindegi biblio-grafiyaliq materialları» atamasındaǵı toplamlar tastıyıqlaydı[6].

Shıǵıstanıw institutı alımı, professor P.P.Ivanov 1933-jılǵı konferenciyada «Qaraqalpaqlar tariyxi boyınsha maǵliwmatlar» («Материалы к изучению история Каракалпаков») atamasındaǵı bayanatı menen qatnasdı[7]. Bul bayanatta XVIII ásirdegi rus-qaraqalpaqlar múnásibetleri tariyxı jarıtılǵan.

P.Ivanov qaraqalpaqlar tariyxın úyreniwde P.Rıchkov shıǵarmalarına ayrıqsha itibar qaratadı. Ol P.Rıchkov shıǵarmalarındaǵı maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp, qaraqalpaqlar Volga boylarında, Qazan xanlıǵı hám Astraxan xanlıqları aymaqlarında siyasiy hám tábiyiy sebeplerge baylanıslı belgili waqıt dawamında kóshpeli turmıs keshirgenligin atap ótedi[8].

Moskva mámleketiniń XVI ásirde baslanǵan Shıǵıstı iyelew siyasatı aqıbetinde qaraqalpaqlar Orta Aziyadaǵı óz watanlarına qayta baslaydı.

---

[5] Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. -М-Л.: 1950.– С.19.

[6] Материалы по истории каракалпаков. Труды институт востоковедение АН СССР. Том.VII. –М.:-Л.:1935.– С.145-278.

[7] Иванов П.П. Материалы по изучению истории каракалпаков. Сборник: Каракалпакия. –Л.: 1934. –С.178-199.

[8] Иванов П.П. Материалы по изучению истории каракалпаков. –С.178-199.

P.Ivanov qaraqalpaqlardıń tariyxın úyreniwde Sankt-Peterburg, Moskva, Astraxan qalalarındaǵı XVII–XIX ásirlerge tiyisli arxiv hújjetlerin úyreniwge ayrıqsha itibar qaratadı[9]. Ol Rossiya imperiyası tárepinen qaraqalpaqlarǵa berilgen jarlıqnama, elshi hám sayaxatshılardıń maǵlıwmatları tiykarında Rossiyanıń qaraqalpaqlar menen sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq múnásibetlerin úyreniwge háreket qılǵan.

P.Ivanov miynetlerinde Evropalı avtorlar Dosson, Berezin, Xovoros, Aristov, H.Vamberi hám basqalardıń qaraqalpaqlardıń kelip shıǵıwı haqqındaǵı pikirleri sın kózqarasta tálqılandı hám ilimiy tiykarda ulıwmalastıradı. Onıń batıs pechenegleriniń bir toparı rus dereklerinde «Qara borikliler» dep atalmastan burın XI ásir birinshi yarımında Xorezm mámleketiniń áskerbasılarınan biri «Qalpaq» dep atalǵanı, usı mámleketke ásker berip otırǵan «Qalpaq» (Qaraqalpaq) degen xalıq atamasına tikkeley baylanıslı bolǵanlıǵı haqqındaǵı pikirleri qaraqalpaqlardıń ázeliy watanı qubla Aral boyları bolǵanlıǵın kórsetedi.

Onıń miynetlerinde qaraqalpaq xalqı etnogenezi hár tárepleme tólıq izertlengen dep bolmaydı. Ol óz shıǵarmalarında arxeologiya, antropologiya, etnografiya, lingivistika ilimleri materiallarınan derlik paydalanılmaǵan. Sonday-aq, onıń miynetlerinde Shıǵıs pechenegleri hám Qubla Aral boylarında orta ásirlerde jasaǵan Kerder mádeniyati xalıqları hám qıpshaq qáwimleriniń qaraqalpaqlar etnogenezindegi ornı izertlenbegen.

P.Ivanov rus hám Evropa dereklerine suwenip tiykarınan pecheneglerdiń batıs toparı haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlardı jarıtıwǵa háreket qıladı.

Sol dáwir kózqarasinan alıp qaraǵanımızda, P.Ivanovtıń qaraqalpaq xalqınıń etnogenezi hám XVII-XIX ásirlerdegi tariyxın úyreniwdegi ilimiy xızmeti úlken bolıp esaplanadı.

Moskvalı arxivtanıwshı alım A.M.Birzening XVIII ásirdegi qaraqalpaqlardıń tariyxı, xojalıǵı hám mádeniyatına tiyisli Rossiya imperiyası arxiv dereklerin úyreniwde xızmetleri úlken. Ol Rossiya sırtqı isler ministrligi arxiv fondlarindaǵı

[9] Юсупов О. П.П. Ивановтың архиви // Әмиўдәрья. –Нөкис. 1986. №2 саны; Об-архиве историка П.П.Иванова//Вестник КК ФАН УзССР.–Нукус. 1986. №2.

maǵlıwmatlar tiykarında «Qaraqalpaqlar isi» atlı arxiv hújjetleri toplamın baspadan shıǵaradı[10]. Bul toplamda arxiv hújjetleri tiykarında 1722–1742-jıllardaǵı qaraqalpaq xalqınıń siyasiy hám ekonomikalıq tariyxına tiyisli maǵlıwmatlar sáwlelendirilgen.

A.M.Birze tárepinen Rossiya arxivlerindegi XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaqlar tariyxı haqqındaǵi derekler sistemalastırılǵan. Oniń izertlewlerinen tariyxshı alımlardan T.A.Jdanko, B.V.Andrianov, L.S.Tolstova, K.L.Zadıxina, S.Kamalov, R.Qosbergenov, X.Esbergenov, Q.Sarıbaev, M.Tlewmuratov, J.Ubbiniyazov, M.Mambetullaev, O.Yusupovlar miynetlerinde derek sıpatında paydalanılǵan.

L.S.Tolstova qaraqalpaq xalqınıń etnik tariyxı hám etnografıyası tarawında izertlewler júrgizgen ilimpazlardan biri[11]. Ol dáslep 1953–1954-jılları Ferǵana qaraqalpaqları arasında tariyxıy etnografıyalıq izertlewler alıp bardı. Bul izertlewlerdiń nátiyjeleri avtordıń bir qatar ilimiy jumıslarında járiyalandı[12]. 1960–1961-jılları L.S.Tolstova basshılıǵında ÓzRIA QB Zarafshan etnografıyalıq otryadı Ózbekstannıń Samarqand wálayatınıń xalıqları quramındaǵı «Qaraqalpaq etnotoparları» arasında dala qıdırıw jumısların alıp bardı [13].

---

[10] Бирзе А.М. К историй каракалпаков XVIII в. //Красный Архив. –М.: 1938. №6 (91).

[11] Турганов Б. Турғанбаев А. Л.С.Толстова – қарақалпақ халқы тарийхын изертлеўши алым //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1– Бөлим. -Нөкис. 2019.– Б.75-76.

[12] Толстова Л.С. Материалы по этнографии Ферганских каракалпаков //Краткие сообщения Института этнография АНСССР, вып. XXI; Из истории Ферганских каракалпаков (К вопросу о переселении группы каракалпаков в Ферганскую долину) // Ученые записки Каракалпакского Госпединститута. – Нукус. 1957; Каракалпаки Ферганской долины (Историко-этнографический очерк). – Нукус. 1959.

[13] Толстова Л.С. Этнографическая группа «Каракалпаков» составе узбеков Самаркандской области //Вестник КК АН УзССР. 1960. N-2; Некторые сведения о бухарских каракалпаках // Вестник КК АН УзССР. 1961. N-1; К вопросу о Закавказского-передне Азиатских связах в этногенезе каракалпаков (мою стены) //Общественные науки в Узбекистане. -Ташкент. 1966.; О некоторых каракалпакско – Башкирских фольклорных связах //Археология и этнография Башкирии. IV материалы научной сессии по этногенезу Башкир. -Уфа. 1971.

Dala qıdırıw jumısları nátiyjesinde L.S.Tolstovanıń «XIX-XX ásirlerde Xorezm oazisiniń sırtda jasawshı qaraqalpaqlar» atamasındaǵı monografiyası baspadan shıǵarıldı[14]. Monografiyada Qubla Aral boylarınan sırtta jasawshı qaraqalpaqlardıń ótmish tariyxı, migraciyalıq procesler, jámiyetlik dúzilisi, materiallıq hám ruwxıy mádeniyatınıń belgileri, qonsı xalıqlar menen uqsaslıqları haqqında etnografiyalıq maǵlıwmatlar beriledi. Ol jazba derekler, xalıq awzındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar hám ańızlar tiykarında qaraqalpaqlardıń XVI-XVIII ásirlerde Sırdárya boylarında jasaǵan tiykarǵı massasınan bólingen qáwim-urıwlardıń tariyxın qaytadan tikledi. Bul jerlerge (Samarqand, Buxara) kóship ótiw XVII-XVIII ásirlerde, ásirese 1723-jılı Junǵarlardıń topılısı nátiyjesinde júz bergenligin kórsetip ótedi. Bul áskeriy basqınshılıqlar qaraqalpaqlardı Sırdáryanıń joqarǵı tárepine (Tashkentke), Zarafshan (Samarqand, Buxara, Nawayı), Ferǵana boylarına kóship qonıs basıwına májbúrleydi.

L.S.Tolstovanıń pikirinshe, Buxara, Ferǵana qaraqalpaqlarına qaraǵanda Samarqand wálayatındaǵı qaraqalpaqlarǵa ózbek tili hám mádeniy turmısı kúshli tásir kórsetken.

L.S.Tolstovanıń «XIX-XX ásirlerde Xorezm oazisiniń sırtda jasawshı qaraqalpaqlar», «Joqarı qaraqalpaqlar» shıǵarmalarında XVIII–XX ásirler basındaǵı rus alımlarınan V.Tizengauzen, P.P.Rıchkov, A.İ.Levshin, A.D.Grebenkin hám basqa da kóplegen rus elshileri, ilimpaz, sayaxatshı hám arxiv hújjetlerindegi maǵlıwmatlarınan paydalanılǵan[15].

L.S.Tolstovanıń pikirinshe, 1723-jılǵı junǵarlar basqınshılıǵı-nan sońǵı jılları «joqarı qaraqalpaqlar»dıń bir bólegi qazaqlar menen birge Zarafshan dáryasınan Ferǵana oazisına shekemgi aymaqlarda jaylasqan. Biraq, «joqarı» qaraqalpaqlardıń tiykarǵı bólimi dereklerde kórsetilgenindey, Sırdáryanıń orta aǵısında, yaǵnıy Túrkstan qalasınan Tashkentke shekem hám onnan qublada jasawdı dawam ettirgen. Olar junǵarlarǵa siyasiy tárepteń

---

[14] Толстова Л.С. Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса в XIX и начале XX в. –Нукус. – Ташкент 1963.

[15] Толстова Л.С. Жоқары қарақалпақлар. – Нөкис. Қарақалпақстан, 1975.

ǵárezli bolǵan. 1743-jılǵı Kishi júz xanı Abulxayırxan tárepinen «tómengi» qaraqalpaqlarǵa shólkemlestirilgen basqınshılıqtan sońda olardıń bir topar «joqarı» qaraqalpaqlarǵa kelip qosıladı.

«Joqarı» qaraqalpaqlardıń kópshilik bólegi Zarafshan, Surxandárya hám Qashqadárya aymaqlarında jasaǵan. Zarafshan dáryası boyındaǵı Miyankól oazisinde jasawshı qaraqalpaqlar Buxara ámirligindegi siyasiy waqıyalarda da qatnasıp turǵan.

L.Tolstova rus etnograf alımı A.D.Grebenkinniń «Ózbekler» (XIX ásir) shıǵarmasına tiykarlanip Zarafshan boylarındaǵı 37 awılda qaraqalpaq urıwları jasaǵanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı da keltirip ótedi[16]. L.S.Tolstova pikirinshe, «joqarı» qaraqalpaqlardıń Buxara hám Qoqan xanlıqları aymaqlarına jaylasıwı XVIII ásir baslarına tuwrı keledi. «Joqarı» qaraqalpaqlar mákan basqan jańa aymaqlarında kóbinese otırıqlı turmıs tárizine kóshken, diyqanshılıq penen shuǵıllanıwǵa háreket qılǵan. Sonday-aq, L.S.Tolstova Astraxan qalasındaǵı arxiv hújjetlerin izertlew nátiyjesinde 1723-jılǵı jońǵar shabılıwınan keyin Emba hám Ural dáryaları boylarında kóplep qaraqalpaq toparlarınıń payda bola baslaǵanın jazadı. Ol qaraqalpaqlardıń Volga hám Ural dáryaları aralıǵındaǵı jaylawlar ushın rus puqaralıǵındaǵı qalmaqlar menen kóp jıllar dawamında gúres alıp barǵanlıǵın hám usı aymaqdaǵı qaraqalpaqlar turmısı etnografıyasın haqqında da qısqasha maǵlıwmatlar beredi. Ol bunday qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlar XVIII-XIX ásirlerdegi rus ilimpazlarnıń miynetlerinde hám de arxiv hújjetlerinde kóplep ushırasatuǵınlıǵın kórsetip ótedi[17]. Máselen, 1847-jılı Astraxan guberniyasında 133 qaraqalpaq bolǵan. Biraq, qaraqalpaqlardıń Astraxan toparlarınıń bunnan sońǵı táǵdiri haqqında hesh qanday maǵlıwmatlar berilmegen.

---

[16] Гребкин. А. Д. Узбеки русский Туркистан. Сборник, изданный по поводу политехн. Выставка. – М.: 1872. – С.94-99.

[17] Толстова.Л.С. Каракалпаки Ферганской долины (Историко-этнографический очерк). – Нукус. 1959; Жоқарғы қарақалпақлар. -Нокис. 1975. ha`m t.b.

Ol óz shıǵarmaları arqali basqa milletler arasında jasaytuǵın qaraqalpaqlardıń kishi toparlarınıń etnik hám etnomádeniyatlıq qubılıslarındaǵı mashqalalardı sheshiwge úlken úles qostı[18].

L.S.Tolstovanıń miynetlerinde Xiywa xanlıǵı quramına kirgen qaraqalpaqlar menen bir qatarda, «Buxara hám Qoqan xanlıǵı quramında, sonday-aq Rossiya aymaǵındaǵı kishi toparlardıń etnikalıq tariyxı haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

K.L.Zadixina XVII-XVIII ásirlerge tiyisli rus elshi, sayaxatshıları maǵlıwmatları hám jergilikli derekler tiykarında Xorezmniń arqasında, yaǵnıy tómengi Ámiwdárya aymaǵındaǵı arallı ózbekler tariyxın úyreniledi[19]. Shıǵarmada «Aral hákimligi» yamasa arallı ózbeklerdiń etnikalıq tariyxı, tómengi Ámiwdárya boylarına kelip mákan basıwı hám etnogeografiyalıq jaylasıwı haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen.

K.L.Zadixina arallı ózbekler tariyxın jarıtıwda shıǵıstanıwshı alım V.V.Bartoldtıń «Aral teńizi hám tómengi Ámiwdárya aǵısı haqqında áyyemgi dáwirden baslap XVII ásirge shekem bolǵan maǵlıwmatlar» shıǵarmasınan keń túrde paydalanılǵan[20]. Shıǵarmadaǵı maǵlıwmatlar boyınsha tómengi Ámiwdárya oazisine arallı ózbekler XVII ásir baslarında kelip jaylasqan. XVII-XVIII ásirlerde «Aral hákimligi» orayı dáslep Qońırat qalası, soń biraz waqıt Shaxtemir qalası bolǵan. Arallı ózbekler tiykarınan qıpshaq, mańǵıt, keneges hám qońırat urıwlardan ibarat bolıp, ózleriniń etnikalıq kelip shıǵıwı tárepinen Xorezmniń qublasındaǵı ózbeklerden keskin parıq qıladı[21]. Arallı ózbekler qaraqalpaqlar menen awqamlas hám aralas jasaǵan. Aral hákimligi 1625-1814-jıllarda Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz mámleket esaplanǵan.

---

[18] Турганов Б. Турғанбаев А. Л.С.Толстова – қарақалпақ халқы тарийхын изертлеўши алым //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1– Бөлим. -Нөкис. 2019. – Б.75-76

[19] Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи//Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Том.1. – М.: Изд. АНССР. 1952. – С.324-325.

[20] Бартольд В.В. Сведения об Аральском море и низовьях Амударьи с древнейших времен до XVII века. Соч., т.3. – Москва. 1965.

[21] Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи. – С.329-333.

Qaraqalpaqlar tariyxın úyreniwde akademik S.Kamalovtıń xızmetleri ayrıqsha orın tutadı. Onıń basshılıǵında Orengburg qalası arxivlerindegi qaraqalpaqlar tariyxına tiyisli hújjetlerdi úyreniw maqsetinde ilimiy ekspediciya shólkemlestiriledı[22]. Ekspediciya quramında ilimiy xızmetkerlerden Húsniddin Hamidov, Biybaysha Ketebaeva hám basqa da xızmetkerler qatnastı. Olar tárepinen qaraqalpaqlardıń rus adminstraciyasına jazǵan xatları, XVIII ásirdegi rus-qaraqalpaq qatnasıqları, XIX ásirlerdegi Ernazar Alakózdıń jazǵan xatları hám basqa da xalqımız tariyxına tiyisli arxiv materialları toplandı.

Akademik S.Kamalovtıń ilimiy miynetleriniń biri XVIII ásirdegi qaraqalpaq-rus qatnasıqlarına arnalǵan. Onda qaraqalpaqlardıń patsha Rossiyasi menen qarım-qatnasıqları arxiv materialların úyreniw tiykarında tálqılanılǵan[23]. Sonday-aq qaraqalpaqlardıń social-ekonomikalıq ham siyasıy turmısı haqqında tariyxıy faktler keltiriledi.

Onıń «XVIII ásirdegi qaraqalpaq-rus múnásibetleri», «XVIII-XIX ásirlerde qaraqalpaqlar» atlı monografiyalarında Moskva, Peterburg, Orenburg, Tashkent qalalarındaǵı Rossiya imperiyası administraciyasına tiyisli derekler, arxiv hújjetleri tiykarında qaraqalpaq xalqınıń sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy turmısı, qaraqalpaq hám rus múnásibetleri tariyxı jarıtılǵan. Alımniń «XVIII ásirdegi qaraqalpaq-rus múnásibetleri» shıǵarmasında XVIII ásirdegi qaraqalpaqlardıń pitimlerı, Rossiya imperatorı tárepinen qaraqalpaqlarǵa berilgen jarlıqnama, arxiv hújjetleri hám elshilerdiń xatlarınan foto nusqalar keltirilgen[24].

Shıǵarmada S.Kamalov tárepinen birinshi ret Rossiya sırtqı siyasatı arxivindegi «Qaraqalpaqlar isi» fondında qaraqalpaqlar-dıń elshilik múnásibetlerine tiyisli jarlıqnama, pitimler hám arxiv hújjetleri ilimiy tárepten talqılanǵan. Eski qaraqalpaq jazıwındaǵı pitimler kirill alfaviti tiykarında islep shıǵıladı.

---

[22] Тилеўмуратов М. XVIII-XIX әсирлер тарийхын изертлеўде С.Камаловтың мийнетлери // Вестник ККО АНРУз. – Нокис. 1994. №3.84-85

[23] Камалов С. XVIII әсирдеги қарақалпақ-рус қатнасықлары. – Нөкис. 1966

[24] Камалов С. XVIII әсирдеги қарақалпақ–рус қатнасықлары.– Нөкис. 1966.

S.Kamalovtıń «XVIII-XIX ásirlerde qaraqalpaqlar» atlı shıǵarması qaraqalpaq xalqı tariyxına tiyisli fundamentallıq áhmiyetke iye shıǵarmalardan biri esaplanadı[25]. Avtor XVII-XIX ásirlerdegi rus elshileri, mámleketlik iskerleri, tariyxshıları shıǵarmaları, arnawlı ádebiyatlar, gazeta-jurnallar, Orenburg, Astraxan, Moskva hám Sankt-Peterburg qalalarındaǵı arxiv hújjetleri, Tashkent qalasındaǵı Túrkstan general-gubernatorlıǵı arxiv hújjetleri usaǵan kóplep dereklerden paydalanǵan. Olardı talqılaw tiykarında tariyxıy waqıyalıqlarǵa bay fundamental shıǵarma jaratılǵan. Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi Sırdáryanıń orta hám tómengi aǵısınan Qubla Aral boylarındaǵı Quwandárya hám Jańadárya aymaqlarına kóship ótiw procesleri, Rossiya imperiyası hám qaraqalpaqlar arasındaǵı siyasiy diplomatiyalıq múnásibetler, Xiywa xanı Muxammed Raximxan tárepinen 1811-jılı qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵı quramına qosıp alınıwı, 1827-jılǵı Aydos biy, 1855-1856 jıllardaǵı Ernazar Alakóz, 1858-1859-jıllardaǵı Muxammed Pana kóterilisleri, 1873-jılǵı Rossiya imperiyası tárepinen Xiywa xanlıǵınıń basıp alınıwı, 1874-jıldan qaraqalpaqlardıń adminstrativlik tárepten ekige ajıralıwı hám basqa da sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy tariyxına tiyisli áhmiyetli waqıyalar sáwlelendirilgen.

Onıń «XVIII-XIX ásirlerde qaraqalpaqlar» monografiyasında qaraqalpaq xalqınıń 200 jıllıq tariyxı hár tárepleme kómpleksli dárejede jarıtıp berilgen. Monografiyada xalqımızdıń xojalıq turmısı, jer iyelewshilik túrleri, diyqanshılıq, sharwashılıq, ónermentshilik, siyasıy turmısı, dini, mádeniyatı hám basqa máseleler keń túrde tariyxıy faktler járdeminde ashıp berilgen.

S.Kamalovtıń kólemli miynetlerineń jáne biri J.Ubbiniyazov hám A. Qoshanovlar menen qospa avtorlıqta jazılǵan miyneti bolıp esaplanadı[26]. Bul miynette XVII-XX ásirler aralıǵındaǵı qaraqalpaqlardıń patsha Rossiyası xalıqları, qazaqlar hám Orta Aziya xanlıqları menen siyasiy baylanısları, xojalıq turmısı,

---

[25] Камалов С. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. – Ташкент. Фан, 1968.-328 с.

[26] Камалов С., Уббиниязов Ж., Кощанов А. Из истории взаимоотношений каракалпаков с другими народами Средней Азии и Казахстана в XVII-начале XX вв. – Ташкент. 1988

sociallıq tarawdağı ózgerisler, ruwxıy turmıs hám jámiyetlik oy pikirlerı hám basqa tarawlar haqqında mağlıwmatlar beriledi.

R.Qosbergenov qaraqalpaq xalqınıń tariyxın úyreniwde rus dereklerinen keńnen paydalanğan alımlardan biri. Onıń «Qaraqalpaqlardıń Rossiyağa qosılıwı»[27] shığarmasında XIX-XX ásir basındağı qaraqalpaq xalqınıń siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmısı hám Rossiya imperiyası menen baylanısları tariyxı jarıtıladı.

R.Qosbergenovtıń «XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındağı Qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı hám turmısı» miynetinde qaraqalpaqlardıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı, xojalıq hám turmısına baylanıslı bahalı mağlıwmatlar berilgen[28]. Onıń miynetleri burıngı awqam dáwirindegi kommunistik ideologiya siyasati tásirinde jazılıwına qaramastan qaraqalpaq–rus qarım–qatnaslarına hám qaraqalpaq xalqı mádeniyatına baylanıslı áhmiyetli tariyxıy materiallar berilgen.

Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń awıl xojalığındağı agrar máseleler tariyxın izertlewde Q.Sarıbaevtıń ilimiy xızmetleri úlken. Ol XIX ásir aqırı hám XX ásir basındağı qaraqalpaqlardıń jasalma suwǵarıw sisteması, jer-suw múnásibetleri hám awıl xojalığına baylanıslı máseleler tariyxın kóplep rus dereklerınen paydalanılǵan jaǵdayda jarıtadı[29].

Q.Sarıbaev monografiyasın jatitiwda Moskva qalasındağı «Oraylıq mámleketlik áskeriy-tariyxı» arxivi Aziya fondındağı 400, Oraylıq Aziyadağı áskeriy háreketlar fondınan 483, Sankt-Peterburg qalasındağı «Oraylıq mámleketlik arxivi» fondinan 139 hújjettı úyrenip shığadı. Bunnan basqada, Rossiyalı mámleketlik iskerler, áskeriy qánigeler, elshi hám sayaxatshılar mağlıwmatlarınan derek sipatinda paydalanıladı[30].

---

[27] Косбергенов Р. Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы. – Нокис. 1972.

[28] Қосбергенов Р.К. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы Қарақалпақ халқының мәденияты ҳәм турмысы. – Нокис. 1974.

[29] Сарыбаев К. Каракалпакстандағы жер – Суў катнасыклары тарийхынан. –Нөкис. 1960.

[30] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. – Нукус. Каракалпакстан. 1995.– С.10-22.

M.Tlewmuratovtıń qaraqalpaq xalqınıń qońsı xalıqlar menen mádeniy baylanıslari, xalıq áwızeki dóretiwshiligi hám jazba ádebiyatındaǵı tariyxıy haqıyqatlıqtı jarıtıwda xızmetleri úlken[31]. Onıń «Qaraqalpaqlardıń tuwısqan xalıqlar menen mádeniy baylanıslarınıń tariyxıy tamırları» shıǵarması qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qońsı qazaq, túrkmen, ózbek hám rus, bashqurt xalıqları menen mádeniy hám tariyxıy baylanıslardı úyreniwde úlken áhmiyetke iye. Avtor shıǵarmanı jarıtıwda Rossiyalı mámleketlik isker hám tariyxshılardan P.I.Rıchkov, V.N.Tateshev, I.Krillov, G.İ.Danilevskiy, D.Gladıshev, I.Muravin, N.N.Muravyov, V.V.Velyamenov-Zernov, A.V.Kaulbars, A.Kun shıǵarmalarınnan keń paydalanılǵan.

Shıǵarmada XVIII-XX ásirler basındaǵı qaraqalpaqlardıń Rossiya imperiyası hám bashqurtlar menen tariyxıy hámde mádeniy baylanısları, sociallıq-ekonomikalıq múnásibetleri keń túrde bayan etilgen[32]. Sol dáwirdegi mádeniy baylanıslardı dálillewshi arxiv hújjetleriniń nusqaları da berilgen.

M.Tilewmuratovtıń «Qaraqalpaq ádebiyatı–tariyxıy derek» monografiyasında tariyxıy, etnografıyalıq, ádebiy hám xalıq áwızeki dóretiwshiligine tiyisli derekler tiykarlanda qaraqalpaq xalıq shayırları shıǵarmalarındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar úyrenilgen[33]. Monografiyada XVIII-XIX ásirlerge tiyisli jergilikli derekler menen birge, N.İ.Veselovskiy, A.Vamberi, A.L.Kun, E,E.Bertels, V.V.Bartold usaǵan shıǵıstanıwshı ilimpazlardıń qaraqalpaqlardan jazıp alınǵan shıǵarmalarınan da paydalanılǵan.

Ásirese bay folklorlıq shıǵarmalar xalıqtıń qaharmanlıq dástanları, xalıq shayırlarınıń shıǵarmaları kóplegen rus sayaxatshı hám ilimpazlarınıń dıqqatın ózine awdaradı. Olardan İ.A.Bilyaev Berdaqtıń «Shejire» dástanın, xalıq dástanlarınan «Qoblan», «Edige» dástanların jazıp alǵan.

---

[31] Тилеумуратов М. Истоки культурных связей каракалпаков с соседними народами. – Нукус. Каракалпакстан. 1986; Тилеумуратов М.Т. Қарақалпақлардың туўысқан халықлар менен байланыслары. – Нукус. 1989.

[32] Тилеумуратов М. Исторические и культурные связи каракалпаков с Россией и Башкирией в XVIII-начале XX вв. – Нокис. 1993.

[33] Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы-тарийхый дерек. – Нокис. 1994.

M.Tilewmuratovtıń pikirinshe, qaraqalpaq xalqınıń tariyxın, mádeniy miyrasın, basqa xalıqlar menen mádeniy baylanısların úyreniwde rus ilimpazı A.N.Samoylovichtiń de xızmeti úlken bolǵan. Ol Xiywa xanlıǵınıń tariyxı, mádeniy estelikleri menen tanısadı. «Xorezmnamadan eki úzindi», «Tashkentke, Buxara hám Xiywa xanlıqlarına sapar haqqında ocherk» atlı miynetlerin jazadı. A.N.Samoylovich úlkemizdegi Xojeli, Nókis qalalarında, sonday-aq túrkmenler arasında boladı.

Qaraqalpaq xalqı mádeniyatı hám ádebiyatı tariyxın izertlewde jazıwshı hám alım M.K.Nurmuxamedovtıń ilimiy xızmetleri áhmiyetli orın tutadı. Ol ilimiy izertlewleri arqalı qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı, tariyxın úyreniwge salmaqlı úles qostı. Alımnıń kóplep ilimiy miynetleri qaraqalpaq ádebiyatı menen rus ádebiyatı baylanıslarına arnalǵan[34]. Ol rus-qaraqalpaq mádeniy múnásibetleriniń tariyxıy tamırları boyınsha izertlewler alıp barǵan. Ol qaraqalpaq hám rus xalıqları mádeniy múnásibetleriniń baslanıw dáwirin XI-XII ásirlerden, yaǵnıy qaraqalpaq xalqınıń etnogenez tariyxında úlken áhmiyetke iye bolǵan pechenegler («qara borikliler») hám Kiev Rusı menen bolǵan siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar dáwirinden baslaydı[35]. Avtordıń shıǵarmalar toplamında rus-qaraqalpaq baylanısları XI-XII ásirlerden baslap dawam etip kiyatırǵanlıǵı jarıtılǵan. Shıǵarmada rus elshi hám sayaxatshılarnıń eslew hám kúndelikleri, arxiv hújjetleri, gazeta-jurnallar, xatlar usaǵan XVII-XX ásirlerge tiyisli dereklerden keń paydalanılǵan.

M.Nurmuxamedov XVII-XX ásirlerde qaraqalpaqlar haqqında izertlewler hám maǵlıwmatlar qaldırǵan rus elshi, sayaxatshı hám ilimpazlarına joqarı baha beredi. Onıń pikirinshe, Qaraqalpaqstan tariyxshıları ushın úlken ilimiy áhmiyetke iye bolǵan «Ya.V.Xanıkov tárepinen baspadan shıǵarılǵan «1740-1741-jıllarda Gladıshev hám Muravinniń Orskdan Xiywaǵa

---

[34] Нурмухамедов М. К. Из истории русско-каракалпакских культурных связей – Тошкент. 1974

[35] Нурмухамедов М. К. Шығармаларының еки томлығы. –Нөкис. Қарақалпақстан. 1983. – Б.221-291.

saparı» (SPb, 1851) miyneti qaraqalpaq xalqı tariyxın úyreniwde teńi-tayı shıǵarma bolıp tabıladı. Bul shıǵarma, bir qatar tariyxıy maǵlıwmatlar menen birge, qaraqalpaqlar tuwralı áhmiyetli etnografiyalıq xabarlarǵa iye»,–dep joqarı baha beredi [36].

M.K.Nurmuxamedovtıń miynetinde L.Sobolevtıń izertlewleri haqqında da maǵlıwmatlar berilgen. Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası L.Sobolev «Ámiwdárya ekspediciyası haqqında xatları»nda (Письма об Амударьинской экспедиции) XIX ásirdiń 70-jıllarındaǵı qaraqalpaqlardıń turmısın, ótmish tariyxın («qara bórikliler», Ámiwdárya etegine qaraqalpaqlardıń kóship keliw hám t. b.) bayan etedi, qızıqlı legendalardı keltiriledi. Atap aytqanda, L.Sobolev tárepinen Shımbay qalası tariyxı tuwralı legenda, qaraqalpaqlardaǵı balıqshılıq, Aqqala-qorǵan haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar jazıp alǵan[37].

M.K.Nurmuxammedov, T.A.Jdanko, S.K.Kamalov tárepinen qospa avtorlıqtaǵi «Qaraqalpaqlar» kitabında xalqımızdıń tariyxı hám mádeniyatına baylanıslı bay materiallar toplanǵan. Bul kitapta qaraqalpaq–rus qarım qatnasıqları, rus izertlewshileriniń miynetlerindegi úlkemiz tariyxı haqqındaǵı maǵlıwmatlar da berilgen[38].

O.Yusupov Rossiyalı mámleketlik isker, elshi, sayaxatshılar maǵlıwmatlarınan hám arxiv hújjetlerinen ilimiy miynetlerinde keń paydalanıwshı ilimpazlardan biri[39]. Onıń qaraqalpaq xalqınıń XVIII-XIX ásirlerdegi Jánibek batır, Maman batır, Murat Shayıx, Áziyz baba, Qarazbek biy atalıq, Xojamurat biy, Tóremurat suwpı usaǵan tariyxıy shaxslardıń siyasiy iskerligin sáwlelendiriwshi shıǵarmasında Rossiya arxiv hújjetlerinen derek sıpatında keń

---

[36] Нурмухамедов М.К. Рус-қарақалпақ мәдений байланыслары тарийхынан. -Нокис. 1977. – Б.25.

[37] Нурмухамедов М.К. Рус-қарақалпақ мәдений байланыслар тарийхынан.- Б.38.

[38] Нурмухаммедов М.К, Жданко Т.А, Камалов С.К. Каракалпакии. - Ташкент. Фан, 1971.

[39] Юсупов О.Ж. Рус алымлары қарақалпақ ҳәм рус қатнасықлары ҳаққында // ӨзССР ҚҚФ «Хабаршысы» 1988. №2.

paydalanılǵan[40]. Qaraqalpaqlardıń XVIII-XIX ásirlerdegi siyasiy tariyxı usı tariyxıy shaxslar iskerligi menen baylanıslı jaǵdayda jarıtılǵan. Shıǵarmada Aral teńizi, Sırdárya hám tómengi Ámiwdárya boylarında jasawshı qaraqalpaqlardıń geografiyalıq jaylasıwı hám shegaraları, Jánibek batır, Maman batır usaǵan qaraqalpaq elshileri, qaraqalpaqlar hám Rossiya imperiyası arasındaǵı diplomatiyalıq múnásibetler tariyxı úyrenilgen.

B.Shamambetov, O.Yusupov tárepinen jazılǵan «Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı boyınsha derekler» atlı oqıw qollanbada Aral teńizi, Buxara hám Xiywa xanlıqları aymaqlarında jasawshı qaraqalpaqlar haqqındaǵı jergilikli derekler hám rus arxiv hújjetlerindegi maǵlıwmatlar berilgen[41].

M.Mambetullaev, O.Yusupovlar avtorlıǵındaǵı «Shıǵıs hám Evropa dereklerinde qaraqalpaqlardıń XVII-XVIII ásirlerdegi tariyxı» atamasındaǵı ilimiy maqalada XVII-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaqlar tariyxı Shıǵıs derekleri, Xiywa xanlıǵı tariyxshıları, arxiv hújjetleri hám Rossiyalı elshi-sayaxatshılardıń maǵlıwmatları menen óz ara salıstırmalı túrde úyrenilgen[42]. Maqalada qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanları haqqında da tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen.

X.Esbergenov tárepinen Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı áyyemgi tariyxqa iye Qońırat qalası tariyxın jazba derekler, etnografiyalıq materiallar hám tariyxtanıw ádebiyatları tiykarında kompleksli úyrenedi[43]. Avtor shıǵarmanı jarıtıwda, qaladaǵı XVI-XIX ásirlerge tiyisli qorǵan qalalar, meshit, medrese, mavzoleyler, qábir tasları, hákim sarayı, dala háwliler, kárwan saraylar, ónermentshilik ustaxanaları usaǵan arxitekturalıq esteliklerdi úyreniwge ayrıqsha itibar qaratqan. Shıǵarmada

---

[40] Юсупов О.Ж. Жәнибек батыр Маман батыр Мурад Шайых әзийз баба, Қоразбек бий аталық. – Нөкис. 1993

[41] Шамамбетов Б., Юсупов О. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. – Нөкис. 1995.

[42] Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Восточные и Европейские источники XVII-XVIII веков по истории каракалпаков // Вестник ККО АНРУз. – Нукус.2004. №3-4. – С.73 – 79.

[43] Есбергенов Х. Қоңырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. –Нөкис. 1993.

etnografiyalıq hám materiallıq mádeniyat úlgilerine tiykarlanǵan jaǵdayda Qońırat qalasınıń XVI-XIX ásirlerdegi sociallıq-ekonomikalıq hám mádeniy turmısı jarıtılǵan. Shıǵarmadaǵı tariyxıy waqıyalardı jarıtıwda Qońırat qalasında bolǵan Rossiyalı elshi hám ilimpazlardan D.Gladıshev hám I.Muravin (1740-jıl), G.İ.Danilevskiy (1843-jıl), M.N.Galkin (1858-1859-jıllar), M.N.Chernıshevskiy (1899-jıl) shıǵarmaları hám basqa da dereklerden ónimli paydalanılǵan.

M.Mambetullaev, O.Yusupovlar tárepinen qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanları haqqındaǵı ilimiy maqalasında Nókis, Tórtkúl, Qıyat, Shımbay, Xojeli, Qońırat, Mańǵıt usaǵan iri qalalardan tısqarı, Maylı Sheńgel, Janqazı qala, Erejep qala, Qudaybergen qala, Iyshan qala, Jańaqala, Qılısh qala, Kápir qala, Arzı qala, Ernazar qala, Seren qala, Mexter qala, Aq qala, Aydos qala, Orınbay qala, Qatın qala, Qos-minar usaǵan qala qorǵanlardıń geografiyalıq jaylasıwı hám topografiyasi, dúzilisi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen[44].

Maqalada Rossiyalı ilimpaz alım, elshi hám sayaxatshılardan D.Gladıshev hám I.Muravin, N.N.Veselovskiy, I.V.Kaulbars, A.L.Kun, L.N.Sobolev, M.I.Ivanin, L.S.Berg shıǵarmalarınan derek sıpatında paydalanılǵan.

Ǵ.Xojaniyazov qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanları fortifikaciyasin, topografiyasin etno-arxeologiyalıq hám jazba derekler tiykarında úyrenedi. Avtor jergilikli derekler menen birge Rossiyalı elshi hám ilimpazlardıń miynetlerinen de keń paydalanadı[45]. Bul shıǵarma sırt el alımları arasında da úlken qızıǵıwshılıq oyatdı.

Ǵ.Xojaniyazovtıń «XVI-XVII ásirlerde qaraqalpaqlar Aral boyı kishi oazislerinde» maqalasinda rus hám jergilikli derekler, arxeologiyalıq materiallar tiykarında qaraqalpaqlardıń Aral

---

44 Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Города и поселения Каракалпаков в XVII –XIX вв. (Материалы к своду памятников материальной и духовной культуры каракалпаков) // Вестник ККО АНРУз. 2005. №1-2. – С.95 – 106.

45 Xojaniyazov G. Les fortifications karakalpakes aux XVII-XIX siucles // Karakalpakes et autres gens de l` Aral. Entre rivages et deserts. Caiers d` Fsie Centrale, # 10, 2002/

boylarına kóship keliw procesin XVI ásirdıń aqırı hám XVII ásir basında baslanǵan dep kórsetedi[46]. Shıǵarmada «Aral wálayatı» hám qaraqalpaqlar arasındaǵı siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy tarawlardaǵı doslıq qatnasıqların ashıp beredi.

Ásirese, «Aral wálayatı»nıń XVI-XVIII ásirlerdegi shegaraları, arallı ózbekler jaylasqan aymaqlar, qalaları, diyqanshılıq oazisleri hám húkimdarları haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar keltirilgen. Shıǵarmada Qırantaw oazisi XVII-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń diniy hám mádeniy orayı bolǵanlıǵın tariyxıy derekler tiykarında ashıp berilgen.

Ǵ.Xojaniyazov hám O.Yusupovlardıń qospa avtorlıqtaǵı «Qaraqalpaqstandaǵı muxaddes orınlar» kitabında tariyxımızda belgili xalıq batırları, ulamalar, el basqarǵan biyler hám elimizdegi meshit-medreseler tariyxı haqqında maǵlıwmatlar orın alǵan. Olardıń arasında ótmishte óziniń iskerligi menen iz qaldırǵan tariyxıy tulǵalar Qaraqum iyshan, Imam iyshan Qayıpnazar ulı, Maman biy, Murat shayıq hám olardıń áwladları haqqında hám basqa da bahalı maǵlıwmatlar berilgen[47]. Bul kitapda Qaraqalpaqstandaǵı káramatlı orınlar menen birge qaraqalpaq xalqına xızmet kórsetken tariyxıy tulǵalardıń ómiri hám el aldındaǵı xızmetleri boyınsha izertlew jumısları júrgizilgen. Bul kitabti jazıwda Ǵ.Xojaniyazovdıń uzaq jıllar dawamında úlkemiz boylap alıp barılǵan arxeologiyalıq izertlewlerde toplanǵan maǵlıwmatları, sonday-aq tariyxshı O.Yusupov tárepinen Moskva, Sankt-Peterburg, Orenburg, Tashkent hám Nókis qalaları arxivlerinen toplanǵan derekler tiykarında jazılǵan.

Ǵ.Xojaniyazov, J.Hákimniyazov, Sh.Payzullaevalar avtorlıǵındaǵı «Berdaq dáwirindegi qorǵan-qalalar» atlı shıǵarmasında da tariyxıy waqıyalıqtı jarıtıwda jergilikli hám rus dereklerindegi

---

[46] Хожаниязов Г. Каракалпаки в приаральском микрорайоне в XVI-XVII вв.// Археология Приаралья. Вып.VII. -Ташкент. Фан.2008. – С.159-162.

[47] Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар. - Нөкис. 1994.

maǵlıwmatlardan paydalanılǵan[48]. Shıǵarmada XIX ásirdegi qorǵan qalalardıń geografiyalıq jaylasıwı, topografiyası, forması, dúzilisi hám tariyxıy áhmiyeti haqqındaǵı maǵlıwmatlar sáwlelendirilgen.

Ǵárezsizlik jıllarında Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵındaǵı Tórtkúl, Shımbay, Qońırat, Nókis, Xojeli sıyaqlı qalalar tariyxın úyreniwge ayrıqsha itibar qaratıldı. A.Qudiyarov tárepinen Shımbay qalası tariyxın ilimiy izertlewler jumıslarında Rossiyalı elshi, sayaxatshılar hám mámleketlik iskerlerdıń miynetlerinen keń túrde paydalanılǵan[49]. Onıń ilimiy maqalalarında XIX ásir aqırındaǵı A.Kaulbars, A.Kun, N.Karazin, Riza Kuli-Mirza shıǵarmaları tiykarında Shımbay qalası topografiyası, xalqınıń etnikaliq quramı, social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısı, demografiyası, rawajlanıw dinamikası hám de qala tariyxı haqqında bay tariyxıy faktler berilgen[50].

Ol XVIII-XX ásir basında Shımbay qalasına kelgen rus elshi hám ilimpazları maǵlıwmatları tiykarında Shımbay qalası ótmishi hám tariyxı haqqındaǵı derekler sistemalastırıladı.

A.Qudiyarov Shımbay qalasınıń payda bolıwı tariyxın Ámiwdárya ekspediciyası aǵzaları A.Kun, A.V.Kaulbars, Sobolevtıń maǵlıwatları tiykarında XVIII ásirge tuwrı keledi dep esaplaydı[51].

A.Qudiyarovtıń pikirinshe, Shımbay qalasınıń xalqınıń sanı boyınsha shınlıqqa tuwrı keletuǵın hám tekserilgen maǵlıwmat A.V.Kaulbars tárepinen keltirgen[52]. A.V.Kaulbars qalaǵa kelgen waqıtta, qala xalqınıń sanı anıq emes bolǵan, biraq oniń jıynaǵan hám jergilikli basqarıwshılardıń bergen maǵlıwmatlari, qalada

---

[48] Хожаниязов Ғ., Ҳакимниязов Ж., Пайзуллаева Ш. Бердақ дәуириндеги қорған – қалалар. Нөкис, Қарақалпақстан, 2015.

[49] Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках // Автореферат канд. истор. наук. – Нукус. 1999.

[50] Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках (до XIX в.)//Вестник ККО АНРУз. № 2, 1996.– С.82-84; Город Чимбай в русских источниках (конец XIX начало XX вв.)// Вестник ККО АНРУз. № 3, 1996.

[51] Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках (до XIX в.)//Вестник ККО АНРУз. № 2, 1996. – С.82-84.

[52] Кудияров А.Р. Город Чимбай в русских источниках.– С. 90.

barlıǵı bolıp 360 úy yamasa qara úy bolǵan. Eger de hár úyde 5 adamnan dep esaplasaq, onda Shımbayda 1800 dey turaqlı adam jasaǵan. Dereklerdegi maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, Shımbayǵa belgili mapazda sawda islerin alıp barıwshı sawdagerler, ónermentshiler, jallanbashılar hám taǵı basqalar kelgenligi kórsetiledi. A.Qudiyarov maqalalarında XIX ásir aqırı hám XX ásir basındaǵı Shımbay qalası hám onıń átirapındaǵı óndiris kúshleri, yaǵnıy jergilikli xalıqtıń ónermentshiligi hám de rus kapitalı tásirinde kirip kelgen sanaat kárxanaları, qaladaǵa sawda-satıq isleri haqqındaǵı tariyxıy waqıyalar bayan etilgen[53].

Ol «Qaraqalpaqstan qalalarınıń tariyxı» maqalasında «Arallı wálayatı yamasa Qońırat elatiniń orayı – dáslep Shaxtemir qalası, soń Qońırat qalası bolǵan» degen pikirdi bıldıredı[54].

XVIII ásir aqırınan Qońırat qalası aymaqtaǵı sawda-satıq hám administrativlik orayǵa aylanadı.

S.Saymanov tárepinen XVIII-XIX ásirlerdegi Rossiya dereklerı tiykarında Qońırat qalası tariyxı úyrenilgen[55]. Oniń ilimiy miynetinde P.Rıchkov, F.Beneveni, D.Rukavkin, G.Danilevskiy, D.Gladıshev, İ.Muravin, V.Veselovskiy, mayor Blankenagel, M.Chernyaev, V.Grigorev, A.Kaulbars, A.Kun, V.Bartold usaǵan Rossiyalı elshi hám ilimpazlardın shıǵarmalarınan paydalanılǵan. S.Saymanov ilimiy miynetlerinde Qońırat qalası hám Aral wálayatınıń tariyxı, mádeniy hám xojalıq turmısı, siyasiy tariyxı, Xiywa xanlıǵı menen múnásibetleri, úlkedegi sawda-satıq hám de ekonomikalıq qatnasıqlarındaǵı ornı haqqında maǵlıwmatlar berilgen[56].

S.Saymanovtıń «Qońırat haqqında ápsanalar», «Qońırat urıwları» maqalasında Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası A.Kun

---

[53] Қудияров А. Ремесло Чимбае и его окрестностях // Вестник ККО АНРУз. № 1-2, 1997.

[54] Кудияров А. Қаракалпақстан қалаларының тарийхынан // Вестник ККО АНРУз. №7. 2004. – С.49-50.

[55] Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX // Автореферат канд. истор. наук. -Нукус, 2001.

[56] Сайманов С. Город Кунград и Аральское владание в XVIII в.//Вестник ККО АНРУз. № 4, 1996; Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX в. (40-60-е гг. XIX в.)// Вестник ККО АНРУз. № 1-2, 1997.

(1873-1874-jıllar) materiallarındaǵı maǵlıwmatlar tálqılanǵan[57]. Maqalada Qaraqalpaqstan qalalarınan alınǵan salıqlar muǵdari haqqında, sawda bazarlardan Qońırat, Xazarasp hám Shımbay qalalarınan-4800 tilla muǵdarda salıq tólegeni aytıladı. Sonday-aq, Qońırat, Xojeli qalası balıqshıları tárepinen duzlı balıqlar Buxara, Samarqand, Qarshı, Shaxrisabz qalalarına satıwǵa shıǵarılatuǵını haqqındaǵı tariyxiy faktler keltiriledı. Maqalada A.Kun miynetleri Qaraqalpaqstan qalaları tariyxın úyreniwde joqarı áhmiyetke iye ekenligin kórsetip ótedi.

Rossiyalı elshi, ilimpaz hám áskeriy ámeldarlardıń shıǵarmaları, eslewleri, kúndelikleri, maqalalarında qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi siyasiy-sociallıq hám ekonomikalıq-mádeniy turmısı haqqında kóplep maǵlıwmatlar berilgen. Olardı sistemalastırıw, salıstırmalı-analizlew metodları tiykarında úyreniw tariyxıy haqıyqatlıqtı jarıtıwda úlken áhmiyetke iye.

Sonı atap ótiw kerek, XVII-XX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqı tariyxınıń bay waqıyalıqların úyreniwde Rossiya imperiyası mámleketlik iskerleri, elshi, sayaxatshı, ilimpazları shıǵarmaları, arxiv hújjetlerindegi maǵlıwmatlarınan paydanlanbay bir pútin kóriniste jarıtıw quramalı bolar edi.

[57] Сайманов С.А.Кун. Арал бойы халықлары ҳаққында // Вестник ККО АН РУз. №7. 2004. – С. 60-61.

# II BAP. XVII-XVIII ÁSIRLERDEGI ROSSIYALÍ ELSHI HÁM SAYAXATSHÍLARDÍŃ QARAQALPAQLAR HAQQÍNDAǴÍ MAǴLÍWMATLARÍ

Qaraqalpaq xalqınıń ázeliy watanı áyyemgi dáwirlerden Aral teńiziniń Qubla-shıǵıs bólegi, Ámiwdárya hám Sırdárya jaǵalawları esaplanǵan. Tariyxıy dereklerde, qaraqalpaqlar usı aymaqta xalıq sıpatında qálipleskenligi kórsetilgen. Biraq, orta ásirlerdegi siyasıy gúresler (X-XIII ásirler), migraciyalıq procesler hám Ámiwdárya ańǵarınıń ózgeriwi nátiyjesinde júzege kelgen tábiyiy qıyınshılıqlar, yaǵnıy suwsızlıq sebepli qaraqalpaqlardıń geypara bólegi basqa aymaqlarǵa kóship ótken. Tariyxıy dereklerdegi maǵlıwmatlar sonı kórsetedi, qaraqalpaqlar XVI ásirdıń ekinshi yarımında Sırdárya boylarına, ál XVII ásirdeń ana watanı Qubla Aral boyları hám tómengi Ámiwdárya boylarına qayta mákan basıp baslaydı[58].

XVI-XVIII ásirlerde qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy rawajlanıwına úlken tásir kórsetken kóplep quramalı hám kútá awır qıyınshılıqlarǵa tolıq social-siyasiy hám tariyxıy waqıyalar bolıp ótedi. Bul dáwirde qaraqalpaq xalqınıń taǵdiri Sırdárya boyındaǵı Kishi Júz qazaq xanlıǵı, Buxara, Qoqan hám Xiywa xanlıqlarındaǵı siyasiy hám ekonomikalıq turmısı menen tıǵız baylanıslı boldı hám qaraqalpaqlardıń bir bólimi Buxara xanlıǵı, Qubla Aral hám tómengi Sırdárya boylarında jasaǵan.

Rossiyalı elshi hám sayaxatshılardan T.Burnashev, F.Nazarov, N.Xanıkovlar Buxara hám Qoqan xanlıqları aymaqlarındaǵı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar beredi. Atap aytqanda, 1669-1671-jıllarda Buxaraǵa kelgen Rossiya elshisi maǵlıwmatları boyınsha, «Buxara xanlıǵında túrli xalıq hám milletler bolıp, qaraqalpaqlar hám qazaqlar bir mıń bes júz hám onnan kóbirek»[59].

---

[58] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. –Нөкис. Қарақалпақстан. 2003. – Б.18-19.

[59] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. -Ташкент: Фан, 1988. С. 55-56.

Qaraqalpaqlar XVI-XVIII ásirlerde qazaqlardıń Kishi Júz hám Orta Júz xanlıqlarına salıq tólep turǵan bolsa da, ózleriniń siyasiy basqarıwına, yaǵnıy mámleketshiligine iye bolǵan. Máselen, 1694-jılı Táwke xan (1680-1718-jıllar) balalarınan biri Tabarchuk Sultan qaraqalpaqlar xanı bolǵan[60]. Hátteki, qaraqalpaqlar xanı Tabarchuk sultannıń 1600 hám onnan kóbirek áskerleri bolǵan.

1709-jılı Tabarchuk Sultannıń balası Ǵayıp Sultan qaraqalpaqlarǵa xan bolǵan. Qazaqlardıń kishi júzi xanı Abulxayır húkimdarlıǵı dáwirinde (1693-1748-jıllar) 1720-jıl qaraqalpaqlar xanı Ishmuxammed bolǵan. Sol dáwirde qaraqalpaqlardıń orayı Sırdárya boyındaǵı Jankent qalası edi. Ishmuxammed xan dáwirinde qaraqalpaqlar qońsı xalıqlar menen sawda-ekonomikalıq baylanıslardı alıp barǵan hám óz aymaǵı ústinen ótken kárwanlardan bajı pulı alıp turǵan. Bul dáwirde qaraqalpaqlardıń Rossiya mámleketi menen óz ara diplomatiyalıq múnásibetleri birqansha kúsheyedi. 1721-jılı Ishmuxammed xan rezedentsiyasına rus elshisi, dvoryan Dmitriy Vershinin keledi. Rossiya elshisi D.Vershinin menen Ishmuxammed xan arasında mámleketler arasındaǵı múnásibetlerdi bekkemlew hám áskeriy tutqınlardı óz ara almastırıw barısında sóylesiwler alıp barıladı. İshmuxammed xan óz ara múnásibetlerdi bekkemlew maqsetinde Rossiya imperiyasına D. Vershinin menen birgelikte Jánibek batır basshılıǵında óz elshilerin jiberedi. Qaraqalpaqlar elshisi Jánibek batır Rossiya imperatorı Petr I qabılında bolǵan[61].

Qubla Aral boylarında qaliplesken mámleketlerden jáne biri «Aral hákimligi» yamasa «Aral wálayatı» 1625-jıldan 1814-jılǵa shekem ǵárezsiz mámleket sıpatında iskerlik kórsetken[62].

Abulǵazı Bahadırxannıń (1643–1663-j.j. hukimdarlıq dáwiri) «Shajaray turk» shıǵarmasında «Aral hákimligi» haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen[63]. Siyasiy quwǵında júrgen

---

[60] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. – С. 55-56.

[61] Юсупов О.Ж. Жанибек Батыр, Маман Батыр, Мурад Шайых Әзийз Баба, Қоразбек бий Аталық. -Нөкис. Қарақалпакстан, 1993. – Б. 104.

[62] Задыхына К.Л. Узбеки дельты Амударьи // ТХАЭЭ. Том.I. – Москва. Наука, 1952. – С.324–325.

[63] Абулғази Баҳодирхон. Шажарай турк. –Тошкент. Чўлпон, 1992. – Б.32.

Abulǵazı Bahadırxan 1642-jılı «Arallı ózbekler» arasına kelip panalaydı. Ol 1643-jılı arallı ózbeklerge xan boladı hám 1644-jılı arallı ózbekler járdeminde Xiywa taxtına otırıwǵa miyasar boldı[64]. Bul maǵlıwmatlar «Aral hákimligi» belgili siyasıy hám áskeriy qudiretke iye bólǵanlaǵinan guwaliq beredi.

Sankt-Peterburg qalasında 1726-jılı baspadan shıqqan «Tatarlar shejiresi tariyxı» kitabında Aral boyınıń geografiyalıq kartası beriledi. Kartada Volga hám Ural dáryalar aralıǵındaǵı noǵaylar, qubla Aral boylarındaǵı «Uzbekiya» eli, Sırdárya boylarındaǵı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar ushraydi[65].

P.I.Rıchkovtin` «Orenburg ulkesi topografiyası», «Orenburg tariyxı» miynetlerinde qaraqalpaqlar hám arallılar joninde kóplep maǵlıwmatlar berilgen[66]. Arallılar, yamasa arallı ózbekler onsha ulken emes xalıq, Aral tenizi atawlarında jasaydı, tenizdin shıǵıs tarepin iyelegen.

«Aral hákimligi»nıń etnogeografiyalıq shegarası arqa tárepte Aral teńiziniń atawları, qubla tárepte Sultan Wáyistaw (Bes Tóbe)ǵa shekem, qubla-shıǵıs tárepte-«Maylı sheńgel» (bul házirgi Gúrlen hám Manǵıt qalaları shegara) aymaqlarında arallılar yamasa arallı ózbekler dep atalıwshı xalıq jaylasqan. Tariyxıy maǵlıwmatlar boyınsha 1747-1810-jılları «Aral hákimligi»nıń territoriyası shıǵısqa qarap jánede sozıladı hám de oǵan Jańa dárya, Aq Jaǵıs boyı qaraqalpaqlarıda sol wálayatqa birigedi.

Aral wálayatında bir neshe qala hám qorǵan bekinisler bolǵan, olardan: Qońırat, Shaxtemir, Xojeli, Nókis qala, Manǵıt qala, Aq jaǵıs, Káfir qala, Biyryuk qala, Sasıq biy qalası, Aq qala, Jańa qala hám basqa da mákan orınlar boldı[67].

---

[64] Абулғазий Шажарайи Турк. -Тошкент. «Чўлпон», 1992.– Б. 5.

[65] Родословная история о татарах. – СПб., 1768. Том.2. Ч. 8. –С.139.

[66] Рычков П. И. Топография Оренбургская. То есть Обстоятельное описание Оренбургской губернии. – Санкт-Петербург, 1762.; Рычков П. И. История Оренбургская. 1730-1750 гг. – Оренбург, 1896. 2- изд.

[67] Хожаниязов Г.Аралъско-кунградскос владение // Вестник КК отделение АНРУз №7 2004. – С. 52-53.

«Aral hákimligi» XVII-XIX ásirlerde arallı ózbekler hám qaraqalpaqlar mámleketi bolǵan. Sol dáwirde Qubla Aral boylarında bolǵan Rossiyalı elshiler Aral hákimliginde arallı ózbekler hám qaraqalpaqlar birgelikte, doslıqta jasaǵanlıǵı haqqında kóplep maǵlıwmatlardı keltiredi.

Rossiya mámleketi elshisi Florio Benevenidiń (1721-1725-jıllar) relyaciyalı xatlarında XVIII ásir birinshi yarımındaǵı Aral wálayatınıń siyasiy jaǵdayı, Xiywa xanlıǵı menen múnásibetleri haqqında maǵlıwmatlar berilgen[68]. Ol Buxara hám Xiywa xanları arasındaǵı óz ara urıslardı, arallılar hám qaraqalpaqlardıń birgeliktegi Xiywa xanlıǵına qarsı gúresi, Shaxtemir Sultandı xan qılıp kóteriwge bolǵan háreketlerin jazıp qaldıradı. Rossiya imperiyası tárepinen F.Benevenige Ámiwdáryada altın qumı bar-joqlıǵın anıqlaw tapsırması júkletilgen. Ol xatlarında «Xiywa xanlıǵı aymaǵındaǵı Shayıq Jálil tawında (Qaratawdiń tusında) gúmis hám basqa rudalardıń kópligi, xan onı alıw ushın adamlar jibergenligi, olar bir bólek tastı xanǵa jetkerip, onnan yarımınan kóbirek gúmis shıqqanlıǵı haqqında» maǵlıwmat berilgen[69].

Rossiya imperiyası Orta Aziyanı iyelew siyasatınıń birinshi basqıshında túrli diplomatiyalıq jollar hám siyasiy oyınlar arqalı qazaq xanlıqları hám qaraqalpaqlardı ózlerine awdırıp alıw ushın zor berip háreket qıladı. Sol maqsette Rossiya imperiyası kishi júz xanı Abulxayırxanǵa 1730-jılı Muxammed Tevkelevtı elshi qılıp jiberedi. Tiykarǵı maqset qazaq xanlıqların Rossiyaǵa qosıp alıw hám bul iske qaraqalpaqlardı da qosıwdan ibarat edi. Abulxayırxan hám M.Tevkelev 1731-jılı qısta Aral boyı hám Sırdárya boyındaǵı qazaqlar hám tómengi qaraqalpaqlar arasında bolǵan.

Rossiya elshileri D.Gladıshev hám I.Muravin maǵlıwmatları XVIII ásirdegi qaraqalpaqlar hám arallı ózbekler tariyxın

---

[68] Посланник Петра I на Восток. Посольство Флорио Беневени в Персию и Бухару в 1718-1725 годах. - Москва, 1986. – С. 68.

[69] Попов А.Н. Сношения России с Хивою и Бухарою при Петре Великом // Записки русского географического общества (Записки РГО). – СПб., 1853. Кн. IX. – С. 378- 379.

úyreniwde derek sıpatında úlken áhmiyetke iye[70]. XVIII ásirdiń 40-jıllarında rus oficerleri D.Gladıshev hám I.Muravin qaraqalpaqlar arasına bir neshe mártebe kelgen. 1739-jılı 20-avgusttaǵı Rossiya imperatorı pármanına muwapıq Sırdárya boylarında qala qurıw hám bunıń ushın kishi júz qazaq xanı Abulxayırxannan ruxsat alıw hám de qurılıs ornın kóriw ushın juwapkershilikli adamların jiberedi. Bul wazıypanı atqarıw ushın Abulxayırxanǵa poruchik D.Gladıshevti, geodezist I.Muravindi hám injener-nadziratel Nazimovtı jiberedi.

D.Gladıshev hám I.Muravinniń qaraqalpaqlar arasına kelgenligi haqqında P.Rıchkov[71], M.Chulkov[72], P.P.Ivanov[73], A.M.Birze[74],S.Kamalov[75] izertlewlerinde materiallar berilgen.

1740-jılı 2-noyabrde rus oficerleri D.Gladıshev hám I.Muravin Kishi Júz qazaq xanı Abulxayır menen birgelikte arallı ózbeklerdiń Shaxtemir (Shimbay qalasi átirapında) qalasına baradı[76]. Dereklerdegi maǵlıwmatlar boyınsha, sol dáwirde Asqabaqlı–ata mazarı dógeregi arallı ózbekler aymaǵı esaplanǵan. Qusqanataw aymaǵı hám Kegeyli oazisindegi Kókózek, Asqabaqlı ata usaǵan diyqanshılıq oraylarına dáslep Arallı ózbekler tárepinen tiykar salınǵan.

Bul aymaqqa XIX ásir baslarında qaraqalpaqlardıń kóship keliwi menen áste-aqırınlıq penen otırıqlasıwı aqıbetinde arallı ózbekler Ámiwdáryanıń shep aǵısına kóship ótken.

---

[70] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. – СПб., 1851 // Туркестанский сборник. Том. 343.– С.1-71.

[71] [Рычков П.] Топография Оренбургская. – Спб., 1762. Часть I.

[72] [Чулков М.] Историческое описание Российской коммерций. – Москва. 1785, Том. 2

[73] Иванов П.П. Очерк истории каракалпаков//Сборник: Материалы по истории каракалпаков и Каракалпакстан.- М-Л.: 1935.

[74] Бирзе А.М. Красный архив. 1938, N 6, 1939, N1

[75] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. – Тошкент. Фан, 1968.

[76] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1742 годах поручиком Гладышев и геодезистом Муравиным. - С.72.; Хозяйство каракалпаки в XIX- начале XX века. –Ташкент, «Фан» 1972. – С. 45.

P.Rıchkov shıǵarmasında, «XVIII ásir ortalarında tómengi qaraqalpaqlardıń úlken bólegi, arallılar hám de azlı-kem qazaqlar menen birgelikte jasaydı»-dep maǵlıwmat berilgen[77].

Jańadárya aymaǵındaǵı qaraqalpaqlardıń social-ekonomikalıq turmısı haqqında Rossiya elshisi M. Bekchurin (1780-jıl) kúndeliginde maǵlıwmatlar ushırasadı[78]. Ásirese, 1747-1810-jıllar dawamında Jańadárya qaraqalpaqları menen arallı ózbekleri arasında tıǵız siyasıy hám ekonomikalıq baylanısta bolǵan. Hátteki, tómengi Ámiwdárya hám Jańadárya aymaqları qaraqalpaqlar eli dep atalǵan. Sol dáwirde eki xalıq Aral hákimligi dep atalǵan bir mámlekette birlesedi hám bul awqam XVIII ásir aqırına shekem oǵada bekkem boladı[79]. Aral hákimliginiń aqırǵı húkimdarı sıpatında Tóre suwpı (1814-jılı óltiriledi) tilge alınadı. Aral hákimliginiń Qońırattan sońǵı ekinshi orayı Shaxtemir qalası bolǵan.

Aral hákimliginiń tariyxı B.V.Andrianov, K.L.Zadıxina, Ya.Gulyamov, S.Kamalov, X.Esbergenov, O.Yusupov, Ǵ.Xojaniyazov, M.Tlewmuratov, S.Saymanov miynetlerinde rus derekleri tiykarında belgili dárejede jarıtıladı.

**«Úlken sızılma kitabı» - tariyxıy derek.** Orta Aziya haqqında Rossiyada XVI ásir aqırına shekem toplanǵan dáslepki maǵlıwmatlar geografiyalıq-kartografik hújjet—«Книга Большому Чертежу» («Úlken sızılma kitap») da óz sáwleleniwin tapqan. Onda suwretlengen jámi 1500 geografiyalıq atamanıń 50 ge jaqını Orta Aziyaǵa tiyisli esaplanadı. 1627-jılǵı «Книга Большому Чертежу» da kóshpeli qazaq ordası, úlken Noǵay kóshpelileri, Buxara, Úrgenish qalası kórsetilgen, bunda kárwan jol boyında eliwden artıq toponimikalıq atamalar belgilenip qoyılǵan. Máselen Arzan dárya, Ámiwdárya, Uchus kól, Kagan awıl, Aq qorǵan, Jańaqorǵan, Sayram, Sunan, Yasırvan hám taǵı

---

77 [Рычков П]. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. Часть 1.– С.24-25.

78 Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бўйлари. – Тошкент: Фан, 1973. – Б.127.

79 Камалов С. Қарақалпақлардын халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. – Нөкис. 2001. – Б.25-26.

basqa geografiyalıq atamalar berilgen[80]. Bul sol dáwirde Rossiya siyasiy hám ilimiy jámiyetshiligin Orta Aziya haqqındaǵı maǵlıwmatlar qızıqtırǵanlıǵın kórsetedi.

1627-jılda Moskva mámleketi patshası Mixail Fedorovich buyrıǵına muwapıq Orta Aziya haqqındaǵı dáslepki geografiyalıq hám kartogeografiyalıq maǵlıwmatlardı beriwshi «Úlken sızılma kitabı» dúziledi. Onı dúziwde Boris Godunov dáwirinde (XVI ásir) Moskva mámleketiniń ayırım aymaqları boyınsha dúzilgen kartografıyalıq maǵlıwmatlardan paydalanıladı. İlimde «Úlken sızılma kitabı» XVII ásir basındaǵı rus tariyxnamasınıń qımbatlı shıǵarması sıpatında bahalanadı.

Shıǵarma birinshi márte 1773-jılda N.I.Novikov, ekinshi márte 1792-jılda I.N.Baltın tárepinen baspaǵa tayarlanadı. Geograf Aleksey Ivanovich Maksheev (1822-1892-jıllar) tárepinen «Úlken sızılma kitabı»nıń Túrkstan úlkesine tiyisli bólimlerine túsindirmeler berilgen hám xalıq jasaytuǵın punktlerdiń atları keltirilgen[81]. Búgingi kúnde «Úlken sızılma kitabı» A.İ. Maksheev túsindirmeleri tiykarında úyreneledı.

«Úlken sızılma kitabı»nda Rossiya imperiyası hám oǵan qońsı bolǵan qazaq xanlıqlarındaǵı kóshpeli qazaq hám qalmaq xalıqları, Aral teńizi, Ámiwdárya, Sırdárya boyları, Túrkstan úlkesindegi qalalar hám olardıń geografiyalıq jaylasıwı haqqında tereń maǵlıwmatlar berilgen.

Belgili rus kartografı Semen Ulyanovich Remezov 1683-1685-jıllar arasında jaratqan hám birqansha jetilisken Sibir «Sızılması»nda da Orta Aziyaǵa baylanıslı maǵlıwmatlardı suwretlewde tiykarınan «Книга Большому Чертежу» dan paydalanǵan.

**Aǵa-inili Pazuxinler elshilik saparı (1669-1671-jıllar).** Rossiya elshileri aǵalı-inili Pazuxinler Orta Aziya xanlıqlarınıń ulıwmalıq jaǵdayı, Iran hám Hindstanǵa Astraxan arqalı alıp barılatuǵın kárwan jolı haqqında kóplep maǵlıwmatlar toplaǵan.

---

[80] Книга Большому Чертежу // Подготовка к печати и редакция К.Н. Сербиной. -М.-Л., 1950. – С.6.

[81] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках… – С. 50-63.

Moskva mámleketi Xiywa hám Buxara xanlıqlarına 1669 -jılı 30-iyunda aǵa-inili Boris Andreevich hám Semen Ivanovich Pazuxinler basshılıǵında elshiler jiberiledi. Elshiler 1670-jıl 16-mayda Xiywa xanlıǵına, 1670 -jıl 28-iyunda Buxara qalasına jetip keledi hám sol jerde 1671-jıl 20-oktyabrge shekem boladı. S.I.Pazuxin Buxarada 30 ayǵa jaqın bolıp, xanlıqtıń ishki hám sırtqı siyasatı hám de ol jerdegi xalıqlar turmısı, túrmıs shárayatı haqqındaǵı tereń maǵlıwmatlardı jıynaydı[82]. Elshiler Buxaraǵa Jayıq-qalmaq ulısı hám Xiywa arqalı barǵan, qaytıwda Iran-Shemaxa hám Boku arqalı qaytqan. Aǵa-ini Pazuxinler Buxara hám Xiywa xanlıqlarınıń social-ekonomikalıq turmısı, siyasiy jaǵdayı, tariyxı, mádeniyatı hám geografiyalıq jaylasıwı haqqındaǵı maǵlıwmatlar menen birge qaraqalpaqlar haqqında da qısqasha maǵlıwmatlar beredi.

Aǵa-inili Pazuxinler maǵlıwmatları boyınsha, «Buxara xanlıǵında túrli xalıq hám milletler bolıp, qaraqalpaqlar hám qazaqlar bir mıń bes júz (1500) hám de onnan kóbirek. Buxara puqaraları húkimdarı malikası qaraqalpaq - adamları «jawanger». Jergilikli xalıq qaraqalpaqlardı «Buxara ulusı» dep atalıp, olarǵa Túrkstan jolı arqalı barıladı»[83].

**S.Remezov «Sibirdiń sızılma kitabı»** (1696-jılı). Rossiya imperatorı Petr I diń 1696-jılǵı pármanı boyınsha Tobollıq boyardıń balası S.Remezov «Sibirdiń sızılma kitabı» geografiya-lıq atlasın dúzedi. Atlas úsh bólimnen ibarat, birinshi bólimde Sırdárya boyındaǵı qaraqalpaqlardıń geografiyalıq jaylasıwı hám xojalıq túrleri kórsetilgen.

XVII ásirde qaraqalpaqlardıń bir bólimi Orta Aziyadan sırtta Ural hám Emba dáryalarınıń joqarı aǵısında jasaǵan. Usı top-ardaǵı qaraqalpaqlar noǵaylar menen tıǵız baylanısta bolǵan hám Sibir qalalarına áskeriy atlanıslar shólkemlestirip turǵan. Rossiya mámleketiniń XVII ásir aqırında Zakam úlkesin koloniyaǵa aylandırıwına qarsı qaraqalpaqlar bashqırlar menen birgelikte

[82]Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках…. – С. 65-66.
[83]Материалы по истории Каракалпаков. -М.-Л., 1935. – С. 146.

Ural hám Sibir volostlarında ruslarǵa qarsı gúresler alıp barǵan[84]. Dereklerdegi maǵlıwmatlar sonnan maǵlıwmat beredi, bul dáwirde Ural boyındaǵı qaraqalpaqlar menen Sırdárya boyındaǵı qaraqalpaqlar turaqlı óz ara baylanısta bolǵan.

**1697-jılǵı Xiywa xanlıǵına sayaxat.** XVII ásir aqırında Xiywa jolında jazılǵan jazba dereklerden biri «Сискное дело» hújjeti esaplanadı. Usı jazba derek arxivist N.V.Kalachov kiris sózi penen qayta redakciya qılınǵannan soń ilimiy jámiyetshilikke usınıs etiledi. Rossiya mámleketiniń Buxara hám Xiywa xanlıǵı menen sawda-satıq hám elshilik baylanısların keńeytiriw maqsetinde Petr I Tobol guberniyası hákimiyatına Toboldan Orta Aziyaǵa alıp barılatuǵın jollardı anıqlaw ushın elshi jiberiw haqqında párman beredi. Párman boyınsha boyar Fedor Skibin, Vasiliy Kobyakov, dilmash Bogdan Neustroev, pristav Fedor Lenev, bir neshe kazak, qalmaq hám tatarlar menen jolǵa shıǵadı. Nátiyjede «Xiywa jolı» hám Orta Aziya qalaları, qorǵanlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı toplaydı. «Сискное дело» hújjeti teksti «Дела» hám «Русского архива» baspa sózlerinde jariyalanadı. «Сискном деле 1697 г. о дороге в Хиву» qoljazbasında XVII ásir 90-jıllarındaǵı qaraqalpaqlar turmısına tiyisli maǵlıwmatlar ushıraydı[85]. Onda tómendegi maǵlıwmatlar berilgen:

Túrkstannan Sırdáryanıń tómengi aǵısı boyında úsh kúnlik jolda Ózgent qalası jaylasqan. Táwke xan (1680-1718-jıllarda húkimdarlıq qılǵan kishi júz qazaq xanı)[86] ótken jılı (1696-jıl) qala xalqınıń jartısına qaraqalpaqlardı ornalastırdı. Olar qazaqlar menen birgelikte diyqanshılıq qıladı. Ózgent qalasınan Sırdáryanıń tómengi eki jaǵası boylap on kúnlik joldaǵı Qorqıt-ata meshitine shekemgi bolǵan qashıqlıqta qaraqalpaqlar kóship júredi. Olardıń ayrıqsha qalası joq, áskeriy islerde qazaqlar menen birgelikte, quralları da qazaqlardikine uqsas, pushkası joq. Qara-

---

[84] Нурмухамедов М.К., Жданков Т.А.,Камалов С.К. Каракалпаки. -Ташкент. Фан, 1971. – С. 19-20.

[85] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках… – С. 76-86.

[86] Tawke xan 1680-1718 jillarda hukimdarli`q qilg`an kishi juz qazaq xani`.

qalpaqlardıń xanı Taburchak Sultan, olardıń áskerleri 1600 hám onnan kóbirek[87] .

Xiywa qalasınıń kólemi Buxaradan kishi, xanlıqqa tiyisli kóplep qalaları bar. Áskeriy qurallardı ózleri jasaydı, pushkanı olarda kórmedim, boyarların Atalıq dep ataydı, ámeldar kisiler (mámleketlik xızmetkerler) ózbekler, ápiwayı puqara rayat dep ataladı. Xiywa xanlıǵı arallılar, gúrlenliler, turkmen qáwimlerinen ibarat.

**Dmitriy Vershinin elshiligi** (1721-jılı). XVIII ásirde Rossiya imperiyası hám Orta Aziya xanlıqları arasındaǵı siyasıy-diplomatiyalıq múnásibetler jedellesedi. Ásirese, Rossiya Petr I dáwirinde Oraylıq Aziya haqqında maǵlıwmatlar toplawǵa, onıń tábiyiy baylıqların ózlestiriwge qızıǵıwshılıq kúsheyedi. Bul dáwirde Rossiya imperiyası Orta Aziya xanlıqları menen birge, qaraqalpaqlardı da óz tásir sheńberine kiritiwge háreket qıladı. Qaraqalpaqlar hám Rossiya arasındaǵı diplomatiyalıq múnásibetler qaraqalpaq xanı Ishmuxammed húkimdarlıǵı dáwirinde bir qansha dárejede jedellesedi. Rossiya imperatorı Petr I menen qaraqalpaq xanı Ishmuxammed[88] arasındaǵı diplomatiyalıq baylanıslar Rossiya arxiv hújjetlerinde saqlanıp qalǵan. Arxivist A.M.Birze tárepinen sol dáwirge tiyisli «Qaraqalpaqlar isi» boyınsha arxiv derekleri toplanǵan[89]. Onda rus elshisi D.Vershininniń Rossiya hám qaraqalpaqlar arasındaǵı diplomatiyalıq múnásibetleri haqqındaǵı tolıq maǵlıwmatlar berilgen[90]. Arxiv hújjetlerinde jazılıwınsha, Ufa qalasında 1721-jıl 17-noyabrde jazılǵan jarlıq boyınsha qaraqalpaqlar arasına rus dvoryanı D.Vershinin, dilmash Gerasim Ovsyanikov, bashqurt Toxchu Axmetov, A.P.Saltıkovlar kelgen. Rossiya elshisi Dmitriy Veshinin menen Ishmuxammed xan Sırdárya boyındaǵı qaraqalpaqlar menen Rossiya mámleketi múnásibetleri máselesi, ásirese tutqınlardı óz ara almastırıw tuwralı sóylesiwler alıp baradı. 1722-jıl 28-aprel hám 22-avgustta dúzilgen bayannamada D.Vershinin

---

[87] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках… – С. 82-86.

[88] 1720 jıllarda qaraqalpaqlar xanı bolǵan.

[89] Бирзе А.М. Красный архив. 1938, N 6, 1939, N1

[90] Юсупов О.Ж. Жанибек Батыр, Маман Батыр, Мурад Шайых Әзийз Баба… – Б. 27-29.

missiyası aǵzaları Ufa hám Qazan qalalarına kelgenligi kórsetilgen. Olar menen birgelikte Jánibek batır basshılıǵındaǵı qaraqalpaq elshileri de kelgen. Elshiler quramında Xojabay batır, Qalmuxammed batır, Temirbek batır, Dostmuxammed hám bir qosshısı bolǵan. Qaraqalpaq elshisi Jánibek batır Rossiya imperatorı Pyotr I qabılawında bolǵan[91]. 1722-jılı avgustta Jánibek batır Eshmuhammed xannıń xatında kórsetilgen tutqın túsken mergenlerdi watanǵa alıp qaytıw maqsetinde Moskvadaǵı elshixanada 60 kún bolǵan. Mergenlerdiń tutqınǵa túsiwine tómendegi waqıya sebep bolǵan. 1718-jılı Rossiya aymaǵındaǵı shegara awıllarǵa basqınshılıq shólkemlestirgen qaraqalpaq atlı mergenleriniń jetewi tutqınlıqqa túsken, olardan ekewi ólgen, besewi Sankt-Peterburg qalasındaǵı qorǵanlardan birine súrginge jiberilgen. Tiri qalǵan mergenlerdi Jánibek batırǵa tapsırǵan, álbette bul Pyotr I buyrıǵı boyınsha ámelge asırılǵan. Moskvadaǵı Sırtqı isler keńesi tárepinen tórt jıldan berli tutqınlıqta bolǵan Beket mergen hám Qara mergenlerdi saw-salamat Jánibek batırǵa tapsırǵan.

1723-jıl jonǵarlardıń qazaq hám qaraqalpaqlarǵa basqınshılıq júrislerinen soń Rossiya imperiyası hám qaraqalpaqlar arasındaǵı elshilik baylanısları biraz waqıt toqtap qaladı.

**Florio Beneveni elshiligi (1721-1725-jıllar).** Rossiya imperatorı Petr I (1682-1725-jıllar) dáwirinde Shıǵıstı iyelew, onı úlken áskeriy kúsh hám qural járdeminde boysındırıw háreketi birqansha kúsheyedi. Petr I Aleksandr Bekovich Cherkasskiydi quralanǵan armiya menen Xiywanı Rossiya qawenderligine alıw haqqında sóylesiwler alıp barıw ushın jiberiledi. Tiykarında bul elshilik emes, al xandı siyasiy oyınlar arqalı jańılıstırıp, Xiywa xanlıǵın kúsh penen boysındırıwǵa qaratılǵan háreket edi. Biraq Xiywa xanı Sherǵazıxan (1715-1728-jıllar) Rossiya patshasınıń tiykarǵı niyetin óz waqtında ańlap jetedi hám Bekovich–Cherkasskiy ekspediciyasın joq qıladı. Sonnan keyin Rossiya Xiywa hám Buxara xanlıqların basıp alıw payıtı kelmegenligin,

[91] Юсупов О.Ж. Жанибек Батыр, Маман Батыр, Мурад Шайых Әзийз Баба… – Б. 27-29.

ańsatlıq penen basıp alıw múmkin emesligin túsinedi hám de Orta Aziya haqqında ele de kóbirek maǵlıwmatlar toplay baslaydı.

Buxara xanlıǵı Xiywadaǵı Bekovich-Cherkasskiy waqıyasınan soń Petr I Orta Aziyaǵa úlken armiya jiberiwi múmkin degen qáwipte Abılfayzxan 1717-jılı Rossiyaǵa elshi jiberedi, ol doslıq hám sawda-satıq baylanıslardı ornatıw tilegin bildiredi.

1717-jılı oktyabrde Petr I Senatta Buxara xanlıǵı elshisin qabıl etedi, elshi Buxara xanınıń Rossiya menen tınıshlıq hám sawda-satıq islerin rawajlandırıw haqqındaǵı tileklerin bildiredi. Petr I pármanı menen 1718-jıl 5-iyulda Iran mámleketi hám Buxara xanlıǵına elshilikke Florio Beneveni tayınlanadı. Ol dáslep suw jolı arqalı Moskvadan Astraxan, Shemaxa qalasına, soń 1721-jılda Iran orayı Tegeranǵa baradı. 1725-jıl 8-aprelde F.Beneveni Buxaraǵa keledi. Petr I tárepinen tastıyıqlanǵan qollanbada elshige bir qansha jasırın tapsırmalar beriledi. Ol Buxarada bolǵan dáwirinde jasırın maǵlıwmatlardı relyaciyalı xatlarda jazıp, olardı jansız hám sawdagerler járdeminde Rossiyaǵa jiberip turadı[92]. Relyaciyalı xatlar grek sawdageri, dilmash Ivan Dementev, bashqurt molla Maxsud Yunusovlar arqalı jetkizilip turılǵan. Dilmash Ivan Dementev Buxaradaǵı F.Benevendniń xatın alıp Xorezm arqalı jolǵa shıqqanda jolın qaraqalpaqlar nókerleri tosıp, bajı puli alǵan.

F.Benevenidiń italiyalı sawdager Nikolo Miner arqalı jebergen xatları Petr I ge jetip barǵan. 1725-jılı aprelde F.Beneveni Buxaradan tańda qashıp shıǵıp, Xiywa qalasına kelgen. Ol kóp mashaqatlardan soń 1725-jıl sentyabr ayında Astraxanǵa jetip baradı. Oniń relyaciyalı xatlarında Buxara, Xiywa xanlıqları hám Aral wálayatınıń siyasiy jaǵdayı hám áskeriy potencialı haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Olardan Aral hákimligi hám qaraqalpaqlar haqqındaǵı geypara maǵlıwmatlardı keltirip ótemiz.

Xiywa xanı Sherǵazıxan (1716-1728-j.j.) menen arallılar arasında tez-tez urıs-jánjeller bolıp turadı. Arallılar Sherǵazıxandı taxttan túsirip, órnına Musa xannıń ón tórt jasar balası Shax Temir

---

[92] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. -Ташкент. Фан, 1988. – С. 82-88.

Sultandı taxtqa otırǵızıw niyetinde bolǵan[93]. Bul dawirde Aral bóyındaǵı Xiywa xanılıǵına qarsı hár qanday háreket Buxara xanları tárepinen qollap-quwatlanǵan. Shax Temur Sultan Aral wálayatına taxtqa ótırıwǵa Buxaradan kelgen. Buxaraǵa kelgen qaraqalpaq biyi F.Benevenige qaraqalpaqlar jurtına Rossiyadan elshiler kelgenligi haqqında aytadı.

Elshiniń relyaciyalı (shifrlanǵan) xatlarında Bekovich Cherkasskiy (1717-jıl.) ekspediciyasınan qalǵan rus tutqınlarınıń Xiywa xanlıǵında kópligi, olardıń tutqınlıqtaǵı turmısı haqqında maǵlıwmatlar beriledi. Elshiniń xatlarında Aral boyı qaraqalpaqları Sátemir xan basshılıǵında Xiywaǵa eki márte áskeriy júris shólkemlestirgenligi, urısta xiywalılardan jeńilip qalǵanlıǵın keltirgen[94]. Florio Beneveniy maǵlıwmatları boyınsha, arallılar hám qaraqalpaqlardıń birgeliktegi Xiywa xanlıǵına qarsı áskeriy júrisleri geyde jeńis, geyde sátsizlikke ushırap turǵan. F.Beneveniy xatlarında Qubla Aral boyları jer astı qazılma baylıqları haqqında da maǵlıwmatlar ushraydı. Onıń jazıwınsha, «Shayıq Jálil tawında gúmis hám basqa rudalardıń kopligi, Xiywa xanı onı alıw ushın adamlar jibergenligi, olar bir bólek tastı xanǵa jetkerip, onnan shıqqan gúmis yarımınan kóbiregin quraǵanlıǵı haqqında» maǵlıwmat beriledi[95].

Florio Beneveni tárepine toplanǵan maǵlıwmatlar Rossiya imperiyasınıń Shıǵıstı basıp alıw siyasatında áhmiyetli bolǵan.

**Mirza Tevkelev elshilik saparı** (1731-1733-jıllar). Rossiya imperiyası atınan 1730-jılı sentyabrinde elshi M. Tevkelev qazaq dalası hám Aral teńizi boylarına barıw haqqında buyrıq aladı. Ol qazaq elshileri Qulımbet, Seytqul menen birgelikte elshilik saparın ámelge asırıwı kórsetilgen. Rossiya imperiyası tárepinen berilgen kórsetpege muwapıq, Mırza Tevkelev kishi júz qazaq xanı Abulxayırxan, sultanlar, aqsaqal hám biylerdiń Rossiya

---

[93] Посланник Петра I на Восток. Посольство Флорио Беневени в Персию и Бухару в 1718-1725 годах. -Москва, 1986. – С. 68.

[94] Sol jerde.

[95] Попов А.Н. Сношения России с Хивою и Бухарою при Петре Великом // Записки русского географического общества (Записки РГО). – СПб., 1853. Кн. IX. – С. 378- 379.

puqaralıǵın qabıl qılıw haqqındaǵı antın qabıl qılıwı kerek edi. Usı antı qabıllaw musılmanlardıń muqaddes kitabı Quranı-kárimdi uslaw arqalı ámelge asırıw názerde tutıladı. Elshi M.Tevkelev saparda úlken huqıq hám jeńilliklerge iye bolıp, oǵan Aral boyındaǵı qaraqalpaqlardı da Rossiya puqarası bolıwǵa kóndiriw wazıypası júkletilgen edi.

1731-jılı qısta Abulxayırxan hám elshi M.Tevkelev Aral boyı hám Sırdárya boylarındaǵı qazaq hám qaraqalpaqlar arasında bolǵan [96].

M.Tevkelev eki jıllıq elshilik saparı dawamında kórgen waqıyalardı kúndelikke jazıp barǵan. Qazaqstanlı tariyxshılar N.G.Apollova, V.Ya.Vasin hám S.Kamalov shıǵarmalarında elshi M.Tevkelevtiń kúndeliginde Aral boyındaǵı qaraqalpaqlar arasındaǵı saparı haqqındaǵı da maǵlıwmatlar jarıtılǵan[97]. Onda qaraqalpaqlardıń sol dáwirdegi sociallıq-ekonomikalıq turmısına baylanıslı bay materiallar menen birge, qaraqalpaq xanı Ǵayıp xan hám Murat Shayıxtıń xatlarınan úzindiler keltirilgen. 1733-1734-jıllarda Aral boyı xalıqları, yaǵnıy qazaq hám qaraqalpaq elshileri Oralbay batır, Arıs batır, Tatlimbet batır hám basqalar Sankt-Peterburg qalasına barǵan. Olar alıp barǵan xatta Aral xanı Rossiya puqaralıǵına qabıl qılıwdı soranǵan[98] .

**Dmitriy Gladıshev hám geodezist Ivan Muravinlerdiń elshilik saparı** (1740-1741-jıllar). Olar 1740-jılı Rossiya mámleketlik iskeri hám tariyxshı alım V.N.Tatishchev baslaması menen Xiywa xanlıǵı hám Sırdáryanıń tómengi aǵısındaǵı qala hám awıllar haqqında maǵlıwmat toplaw ushın jiberilgen.

D.Gladıshev hám I.Muravin maǵlıwmatları XVIII ásirdegi qaraqalpaq hám arallılardıń tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye derek esaplanadı[99]. Olar Sırdárya hám Aral teńizi jaǵalawları,

---

[96] Казахско-русские отношения в XVI-XVIII веках. – Алма-Ата: АН Каз ССР, 1961. – С. 48-86.

[97] Аполлова Н.Г. Экономические и политические связи Казакстана с Россией в XVIII – начале XIX в.-Москва. 1960.

[98] Казахско-русские отношения в XVI-XVIII веках. – С. 48-86.

[99] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. – СПб., 1851 // Туркестанский сборник. Том. 343. –С.10-16.

Xiywa xanlıǵındaǵı Xiywa, Shaxtemir, Xojeli, Qońırat, Xanqa, Shavat qalaları, sonday-aq, ózbek, qazaq, qaraqalpaq xalıqları haqqında maǵlıwmatlar beredi. D.Gladıshev hám I.Muravin Orsk qalasınnan berilgen kórsetpe boyınsha, Petr I dáwirinde Rossiya quramına ótken kishi júz xanı Abulxayırxan (1695–1748-jıllar) menen ushrasıwı zárúr edi. 1739-jıl kishi júz qazaq xanı Abulxayırxan Rossiya puqaralıǵın qabıl qılǵanlıǵı haqqında ant ishedi hám Sırdáryanıń quyılatuǵın jerine jaqın jerden qala qurıp beriwdi imperatordan iltimas qıladı. Rossiya imperatorı pármanı boyınsha sol jılı 20-avgustde xannan ruqsat alıw hám qurılıs jerin kózden keshiriw ushın juwapker xızmetkerlerdi jiberedi. Usı wazıypanı orınlaw ushın Abulxayırxanǵa poruchik D.Gladıshev, geodezist I.Muravin hám injener-baqlawshı Nazimov, dilmash Uspan Arslanov hám bir neshe kazaklardı qosıp jiberedi.

Jolda 33 kun júrgennen soń, 1740-jılı 7-oktyabrde D.Gladıshev joldasları menen birge Abulxayırxan rezedenciyasına keledi. Abulxayırxan iltiması boyınsha, Aral wálayatına balası Nurali hám dayısı Niyazdı baqlap barıw ushın rus oficerleri jiberiledi. 15-oktyabrde Abulxayırxan rezedenciyasınan shıǵıp, 2-noyabrde arallılar qalası bolǵan Shaxtemir qalasına jetip baradı. Basqa bir kúni xiywalılar miráti boyınsha Abulxayırxan Xiywaǵa baradı, ol jerde onnan xiywalılar qalanı Nadir shah (Iran shaxi) basqınshılıǵınan aman saqlap qalıwdı ótinish etedi hám Xiywa xanı bolıw ushın mirát etedi. 7-noyabr kúni Gladıshev Xiywaǵa jetip baradı, ol 8-noyabrde Abulxayırxan iltiması boyınsha, geodezist Muravin menen birgelikte, Xanqa qalasında jaylasqan Iran shahi Nadirshah qarargahına baradı. Elshiler Nadir shahǵa Abulxayırxan Rossiya puqarası ekenligin atap ótedi. Nadirshah elshiler I.Muravin hám D.Gladıshevlerdi jaqsı qabıl qıladı. Nadirshah rus elshilerinen Abulxayırxanǵa hesh qanday basım ótkermeytuǵınlıǵın aytıp, onı óz qarargahına sóylesiwler alıp barıw ushın mirát etedi. Biraq, Abulxayırxan Nadirshahdıń wádesinde turmay qalıwınan qorqıp, Xiywaǵa elshilikke kettim dep shıǵıp ketedi.

Abulxayırxan 12-noyabr kúni Xojeli qalasına barıp, ol jerden Ámiwdáryanıń oń jaǵısı arqalı Aral wálayatına baradı. Bul jerde kop jánjeller, hátteki qan togispelerden soń Abulxayırxannıń bala-

sı Nurali xan bolıp saylanadı. Sońı Abulxayırxan Gladıshev hám Muravin menen birgelikte óz qarargahına qaytadı. Ol jerden rus oficerleri Orsk qalasına 1741-jılı aprel ayında qaytadı[100].

D.Gladıshevdıń Xiywa xanlıǵı hám kishi júz qazaq xanlıǵı haqqında 37 punktdan ibarat kórsetpesi bolıp, usı tekstde qaraqalpaqlar hám aral ózbeklerine tiyisli maǵlıwmatlar keltiriledi.

**Aral wálayatı.** Aral hákimligi Ulu-dáryadan (Ámiwdárya) 75 sajeń[101] keńlikte jaylasqan, bul jerde bizler bir kún túnedik, basqa kúni xan ózi menen birge qazaq, qaraqalpaq hám arallılardıń azǵantay bólimi, hámmesi bolıp úsh mıń kisi hám D.Gladıshevtıń joldasları menen Xiywaga júredi. Bir kúnlik joldan sońı dárya boyında qonalǵa ushın qarargah qurıldi. Bul jerden dárya arqalı ótiw ushın arallılar tárepinen 20 keme tayarlandı. Tańda kemelerdıń hár birine 3-4 attan júklep júzip kettik. Basqa kúni, yaǵnıy 12-noyabrde Xan hám Gladıshev Ulu-dárya (Ámiwdáryanıń baslı ańǵarı) boyındaǵı qaraqalpaqlardan ótip Aral hákimligindegi Qońırat degen jerge bardıq, ol jerde adamlar dońgelek formada islengen qara úylerde jasaydı, bul jerden Ulu-dárya oǵada kúshli aǵadı. Aytılǵan jerde arallılar menen tek ǵana jánjeller emes, al qan tógispeler de boldı, sebebi arallılardıń ayırımları Abulxayırxannıń balası Nuralini xan kóteriwdi qálemedi, aqırında arallılar Nurali Sultandı xan kóteredi hám ol sol jerde qaldı[102].

**Gladıshevdıń qosımsha kórsetpeleri: (tatar tilinen awdarma qılǵan dilmash Muhammed Nuralı (Nurlik).)**

Ullı mártebeli mırza general-leytenant knyaz Vasiliyu Alekseevich Urusov. Bul jerlerde túrli xalıqlar jasaydı, olardan qaraqalpaqlar óz aldına hákimlik, aqsaqalınıń kórsetiwine qaraǵanda olar tómendegi qáwimlerden ibarat[103].

---

100 Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг.–С.6.

101 Sajen – 2,13 metrge teń bolǵan uzunlıq ólshemi.

102 Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг.-С.15-16.

103 Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг.– С.20.

**Qaraqalpaqlar**

**1. Qıtay qáwimi:** Sultanbek - biy aqsaqalı: Biktaw biy, Toqımbet biy, Dawletbay biy, Molla-Garya biy, Álimbay biy, Qırınbay biy.

**2. Qońırat qáwimi:** Súyindik batır, Sherali batır, Jánabay batır, Subay batır, Bózay biy, Torsay biy, Qudaybergen biy, Jánibek biy.

**3. Keńeges–Mańǵıt qáwimi:** Chalim biy, Áwez biy, Qılısh biy, Qudayberdi biy, Chur aǵası, Qyangeldi, Álimbay batır, İshim-Mırza, İshsay batır.

**4. Qıpshaq qáwimi:** Ótep biy, Tenbek biy, Jáwıq biy, Aslubay biy.

**5. Uysun qáwimi:** Aznabay biy.

**6. Jabin qáwimi:** Orazaq biy, Shayıx Murat Áziyz.

**7. Qıyat qáwimi:** Asan-Abbaz, Bashigildi – Abız hám olar menen birge qaraqalpaqlardiń múyten qáwiminde bashqırtlar arasınan kelgen sart Abduraxman Axun jasaydı hám ózin Sultan Murat dep ataydı.

Qaraqalpaqlardıń xan hám sultanları bolsa da óz ara kelispewshiliklerdi biy hám aqsaqalları sheshedi.

Aral hákimligi tórt tóbe 32 urıwdan ibarat, olardıń eki qalası, aqsaqalı hám biyleri bar[104].

1. Mańǵıt urıwı qalası Shaxtemir: Ol jerdıń aqsaqalları: Berdalı bek (Sherdalı), Artıq bek, Seytalı bek, Qorazǵalıy bek; usi aǵa-inili tórt bek aqsaqallar hám basqalar másláhátlesip Murǵaliy sultandı xan sıpatında qabıl qılǵan.

2. Qońırat qáwimi basqa qalada: olardıń aqsaqalları: Berdalı bek, Beknazar biy, Balta Atalıq, Raxmanqulı biy, Áwez inaq.

3. Qıpshaq qáwimi aqsaqalı: Uraz Áliy Qusbek, Perim atalıq.

4. Xoja-eli urıwı aqsaqalı: Xatıp hajı, Mirza biy[105].

Mág`liwmatlar boyınsha, basqa mayda urıwlar menen birgi tórt tóbede 40 mıńga jaqın xalıq atqa otıra aladı.

---

[104] Sol jerde.

[105] Elshiler bul jerde Xojeli qalasiń nazerde tutǵan bolıwı itimal.

**Geodezist I.Muravin kórsetpesi.** Orenburgtan Aral teńizine shekem 660 verst[106]. Abulxayirxan Sirdáriyanıń eki jaǵalawi boylap Órenburgǵa shekem 988 verst hám de Aral tenizi jaǵalawlarınan Ulu–dáryaǵa shekem barlıǵı 1543 verst qashıqlıqta kóship júredi. Aral qalası Ulu–dárya (Ámiwdárya) dan 50 verst qashıqlıqta, hár túrli jerler, toǵay hám otlaqlar bar, suw kanallardan aǵadı. Ol jerden oń jaǵıs boylap joqarǵı tárepte 197 verst qashıqlıqta Xiywa qalası jaylasqan, jollar jaqsı, jap-jasıl dalańlıqlar, dárya hám kanallarda suw mol, Ulu-dárya boyında toranǵıl toǵaylıqlar kóp. Qaraqalpaqlar diyqanshılıq etedi. Olar dárya hám kóllerdıń jerlerine biyday, tarı, júweri egedi. Jerleri qumlı hám balshıq ılaylı[107].

Arallılar hám xiywalılardıń diyqanshılıǵı qaraqalpaqlarǵa salıstırǵanda ónimdarlı, sebebi olardıń jerleri jaqsı, qaraqalpaqlardıń jerleri bolsa diyqanshılıq ushın qolaysız. Basqa ol jerdegi xalıqlar (qazaqlar) diyqanshılıqtı bilmeydi, sharwashılıqtı bolsa sahradaǵı xalıqlar jeterli dárejede biledi. Teńizge jaqın jerlerde tiykarınan qaraqalpaqlar hám arallılar jasaydı, xiywalılar bolsa qalalarda, Ulu-dáryanıń joqarı aǵısında jaylasqan, dáryanıń oń aǵısında joqarıda kórsetilgen 4 punkttegi xalıq diyqanshılıqtı biledi[108].

Qaraqalpaqlar sawda-satıq qılıw ushın Xiywa, Buxara hám arallılarǵa sharwa malları, túlki hám porsıq terilerin alıp barıp satadı. Arallılar sawda-satıq islerin ózlerinde de isleydi, jáne basqa qalalarǵa da sharwa malların satıw ushın baradı. Xiywalılar óz qalalarında sawda-satıq islerin alıp baradı, olarǵa Rossiya tovarların Astraxan, Shemaxa arqalı sawdagerler hám Buxaralı sawdagerler óz tovarların alıp keledi. Xiywalılar jipek gezlemeleri, paxta, qaǵaz islep shıǵaradı, jáne olar qayıstı tez hám qısqa waqıtta shıraylı qılıp isleydi. Xiywalı sawdagerler Buxara, Iran hám Rossiya mámleketlerine sawda-satıq islerine baradı [109].

---

[106] Versta – uzınlıq ólshem birligi; 1,6 km. ǵa teń bolǵan.
[107] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. – С.33.
[108] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. С.37.
[109] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг.– С.37.

**Qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlar.** Qaraqalpaqlar da qazaqlar sıyaqlı kiyim-kenshek kiyedi, tek ǵana qazaqlar uqsap qızıl teriden islengen qayıs taqpaydı. Qaraqalpaq hayalları qazaq hayallarına uqsas kiyinedi, olardıń taǵınshaqları mıs, qalayı, gúmisten islenedi, sonday-aq, túrmısqa shıqpaǵan qızlar ushın sáwkele tigedi, bunı hár bir sociallıq qatlam óz dárejesine qarap kiyedi. Geypara jerlerde hayallar aq bóz hám oramal menen arqa shashın jawıp, qazaq hayalları qusap shashların túyip qoyadı. Qaraqalpaq qızları qazaq qızlarına uqsas, tek ǵana shashların eki órim qılıp jelkesinen túsirip júredi[110].

Qaraqalpaqlar Sırdáryanıń eki jaǵasında, Adam ata hám Quwandárya aralıqlarında dárya, kóllerge jaqın jerlerde jasaydı. Dárya hám kóllerdiń tómengi bóliminde diyqanshılıq qılıp, biyday, tarı, júweri egedi. Jerleri qumlı hám balshıq ılaylı. Jerlerin ógizler járdeminde súredi, dárya hám kóllerden suwǵaradı. Olarda ógiz arbalar kóplep ushıraydı, olar eki dóngelekli, diametri 2,5 hám 3 arshın bolıp, aǵashtan islengen. Olar sharwashılıqta tiykarınan at, sıyır, qoy, eshki baǵadı, túye kem ushıraydı. Olar sharwalarǵa ot-jem sıpatında qamıs jıynaydı, atlar ushın bolsa toyımlı azıq.

**Arallılar haqqında maǵlıwmatlar.** Arallılar qaraqalpaqlar uqsap kiyinedi, aqsaqal hám biyleri bellerine polattan jasalǵan qılısh asıp júredi. Qılıshtıń dástesi aq balıq súyeginen ájayıp tárizde islengen, túrli reńdegi qımbat bahalı taslar menen bezetilgen. Pıshaqları altınnan, dástelerine gúmis hám altın suwında islew berilgen, olar sonshelli bay, ápiwayı pıshaqlardıń dásteleri de jasıl teriden islengen.

Hayalları qaraqalpaq hayalları uqsap kiyinedi, baslarına rus hayalları sıyaqlı shınjırlı taǵinshaqlardı taǵıp júredi, qara barxat yamasa jipek oramallardı shashlarına baylap júredi, bózden tayarlanǵan oramallardı taǵıp júrgenler kem ushıraydı. Hár waqıt basına shapan jawıp júredi[111].

---

110 Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. – С.70.

111 Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. – С.71-72.

Qızları da hayalları uqsap kiyinedi. Baslarına kim bolıwınan qatań túrde taqıya kiyip, eki órim shashın jelkesinen túsirip, bóz oramal yamasa taqıya menen jawıp júredi.

Arallılar Ámiwdárya (Ulu-dárya) nıń eki jaǵasında teńizdıń tómengi quyarlıǵına shekemgi aralıqta jaylasqan: dárya boylap joqariǵa oń jaǵada Qulabiy (Kula-bey) dáryasına shekem, shep jaǵada Bes-tóbe tawına shekemgi bolǵan aymaqlarda jasaydı. Arallılar qalası Shaxtemir bolıp, Ulu-dáryadan (Ámiwdárya) 53 verst qashıqlıqta jaylasqan, bu jerden dáryanıń ırmaǵı (deltası) Uzen-darya ótedi, qala diywalları paqsadan (ılaydan) islengen, qorǵan házirgi waqıtta qulap qalǵan. Olardıń basqaları júzden bes júzge shekemgi bolǵan qara úylerde basqa aymaqlarǵa birgelikte kóship júredi. Qalasında qara úylerden basqa qurılıs imaratları joq. Olar Ulu-dárya hám Kuzendarıya, hám de kóllerge jaqın jerlerde diyqanshılıq etip, biyday, tarı, júweri egedi, olardan jarma (awqat túri–T.B.) tayarlaydı, qalǵanınan bolsa atlar ushın ót-jem tayarlaydı. Jerlerin ógizler menen súredi, kól hám dáryadan suwǵaradı. Geypara jerleri qara balshıq ılaylı, geypara jerleri tegis hám qamıslı. Arbaların qaraqalpaqlarǵa uqsas ógiz hám atlarǵa qosadı.

Sharwashılıq penen olar kem shuǵıllanadı, olarda sıyır, qoy, eshki, at hám arǵımaq atlar bar, túye az ushıraydı, ot-jem sıpatında qamıstı beredi. Baw-baqsha eginlerinen ǵarbız, piyaz, asqabaq, qıyar, geshir, shalǵam egedi[112].

1740-1741-jıllardaǵı Xiywa xanlıǵına shólkemlestirilgen elshilik múnásibetleri dawamında Dmitriy Gladıshev hám Ivan Muravinlerdıń bergen maǵlıwmatları sol dáwirdegi Rossiya imperiyası siyasiy mápleri ushın hám de búgingi kúndegi qaraqalpaqlar tariyxın ilimiy tárepten úyreniw ushın áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Bul elshilik saparı esabatınıń tolıq teksti hám kartası 1850-jılda shıǵıstanıwshı qánige Ya.Xanikov tárepinen baspadan shıǵarılǵan. Oniń «Landkarta Xivinskogo i Aralskogo vladeniy so vneseiem chasti Kaspiysogo morya i Aralskogo ozera» dep atalǵan kartasında házirgi Qaraqalpaqstan hám Xorezm aymaqları suwretlengen.

[112] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг.–С.73.

D.Gladıshev hám I.Muravinler tárepinen 1741-1742 jıllarda dúzilgen «Landkartada» Shayıq Jálil tawındaǵı altın hám gúmis rudası kánleri haqqında maǵlıwmatlar berilgen[113].

XIX ásir Rossiyalı mámleketlik xızmetker hám tariyxshılarınan P.İ.Rıchkov, M.Chulkov, XX ásir alımlarınan P.P.Ivanov, A.M.Birze, S.Kamalov izertlewlerinde D.Gladıshevdıń qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlarınan derek sıpatında paydalanılǵan[114].

**Danil Rukavkinniń Xiywaǵa sayaxatı (1753-jıl).** 1753-jılda Orenburg qalasınan sawda kárwanı sawda-satıq maqsetlerinde Xiywa xanlıǵına saparǵa shıǵadı. Oniń quramında bolǵan samaralı sawdager D. Rukavkin sapar waqıyalıqları haqqındaǵı eslewleri tiykarında «1753-jılda samaralı sawdager Danila Rukavinniń Orenburgtan Xiywa hám Buxaraǵa shekemgi sayahatı» atamasındaǵı shıǵarmasın jazadı. Sawda kárwanı baǵdarı: Orenburg, Uralsk, Sarayshıq qorǵanı, Ustirt plotası arqalı Úrgenish, Anbir qorǵanı, Shawat, Xiywa, Buxaraǵa shekem hám qaytıwda Sırdárya boyları arqalı qaytadı[115].

Shıǵarmada D.Rukavinniń biografiyası haqqında maǵlıwmatlar kem ushırasadı, biraq onıń baqlawları nátiyjesinde jazılǵan «Sayaxatnama» shıǵarması Qubla Aral boyları hám Xiywa xanlıǵı haqqında tereń maǵlıwmatlar beredi. Shıǵarma birinshi márte 1776-jılda, ekinshi márte 1823-jıl, soń 1839-jıllarda baspadan shıǵadı[116].

---

[113] Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. Гладышевым и Муравиным. 1851.

[114]Рычков П. Топография Оренбургская. – СПб., 1762. Часть. I.; Чулков М. Историческое описание Российской коммерций. -М., 1785. Том.2. Кн.3.; Бирзе А.М. Красный архив. 1938. №6. 1939. №1.; Иванов П.П. Очерки истории каракалпаков. -М.-Л., 1935.; Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Ташкент: Фан, 1968. С. 327.

[115] Маслова О.В. Образ русских путешествие и экспедиций в Среднюю Азию // Материалы к истории изучения Средней Азий. Ч. I, 1715-1856. -Ташкент, 1955. – С. 21.

[116] Руссов. Путешествие из Оренбурга в Хиву Самарского купца Рукавкина в 1753 г. С приобщеннем разных известий о Хиве с отдаленных времен до нынъ// Из журнала М ВН Дель 1839. Часть. 34. кн.12. –С.351-401 // Туркестанский сборник. Том. 386. – С. 388-391.

D.Rukavinniń «Описания»sındaǵı maǵlıwmatlardan shıǵıstanıwshı qánigeler Ya.V.Xanıkov, N.I.Veselovskiy hám basqalar shıǵarmalarında paydalanılǵan. D.Rukavinniń sayaxatnamasında Aral ózbekleri haqqında da maǵlıwmatlar ushıraydı.

Arallılar yamasa aral ózbekleri tariyxı 1728-jılda aytılǵanınday, Xiywa xanlıǵı menen jaqın baylanıstaǵı onshelli úlken bolmaǵan xalıq. Aral teńiziniń shıǵıs bóliminde jasaydı. Olar áyyemgi dáwirde Xiywa xanlıǵı puqaralıǵında bolıp, jaqında ajıralıp shıqqan, ózlerine Xiywa xanları áwladlarınan xan saylaydı. Ayırım waqıtları arallılarǵa qırǵız (qazaq–B.T.) sultanları xanlıq qıladı. 1749-jılǵa shekem bir qansha waqıt Nurali arallılarǵa xanlıq qıladı. Arallılarda altın rudası bar, biraq qayta islemeydi, sebebi arallılar metaldı qayta islewdi bilmeydi. Arallılar tatar (ózbek - T.B.) tilinde, túrkmen dialektinde sóyleydi. Jazda olar kóship júredi hám diyqanshılıq etedi, qısta bolsa úylerde hám jer tólelerde jasaydı. Sırdáryanıń ekinshi tárepindegi bir Aralda, olardıń «Aral» dep atalatuǵın qalası bar.

Házirde xiywalılardıń xalqı qúdiretli hám ullı bolmasa da, biraq ózbeklerden[117] kúshli, túrkmen hám arallılar aldınǵı waqıtlarda Xiywa xanlıǵına ǵarezli bolǵan. Házirgi waqıtta túrkmen hám arallılardıń úlken bólimi óz qálewi menen xiywalılarǵa xızmet etedi. Aytıwlarına qaraǵanda, bul xalıqlarda (Arallılar- T.B.) urısqa ayırım waqıtları 20-30 mıń adam jıynay alǵan. Biraq házirgi waqıtta bunday úlken muǵdardaǵı adam jıynaw qıyın, sebebi buniń kóplep sebepleri bar. Olar qırǵızqaysaq (qazaq) xalıqlarınan qorqadı, eger de ol xalıq birleskende edi olardan qorıqpaǵan bolar edi. Házirgi waqıtta olardıń xiywalılarǵa qarsı gúresiwi oǵada qıyın.

**Filipp Efremov.** XVIII ásir aqırındaǵı Orta Aziya xalıqları tariyxına baylanıslı maǵlıwmatlar F.Efremov sayaxatnamasında da berilgen. Ol 8 jıl dawamında Qaraqum hám Qızılqum shólleri, Iran, Xorezm, Buxarada qullıqta bolıp, soń Buxaradan qullıqtan qashıp Qoqan hám Ferǵana oazisi arqalı Qashqar, Yarkent, Tibet hám Hindstanǵa jetip baradı, ol jerden kemege otırıp Qubla

[117] Shaybaniylediń Xorezmge kelip ornalasqan bo`legi názerde tutilmaqta.

Afrikaǵa, ol jerden Angliyaǵa, aqırında Angliyadan óz watanı Rossiyaǵa qaytıwǵa erisedi[118].

Filipp Sergeevich Efremov 1750-jılda shirkew aspazı shańaraǵında tuwıladı. Óziniń maǵlıwmat beriwinshe 13 jasında (1763-jıl) Nijnegorod qalasındaǵı piyada áskerler bólimine áskeriy xızmetke baradı, dáslep kaptenarmusom, soń serjant dárejesine erisedi. 1774-jıl iyunda Donguz shegara aymaǵın qorǵaw ushın xızmet saparına jiberiledi. Onıń qol astına 20 soldat hám bir pushka beredi. Sol dáwirde Pugachev basshılıǵındaǵı (1773-1775-j.j.) Jayıq kazakları kóterilisi bolıp atır edi. Bes júzge jaqın kóterilisshilerge F.Efremov otryadı tutqın túsedi. Kún batqannan soń Efremov eki soldatı menen Dongusdan dárya tárepke qashadı, sebebi Orenburg qalasına jetip barıwı kerek edi. Biraq bul jerde kóshpeli qazaqlarǵa tutqınǵa túsedi. Eki aydan soń onı basqa rus tutqınları menen birge Buxaraǵa qul qılıp satıp jiberedi, onı dáslep Ǵafur Xoja atlı tóre satıp aladı, onnan soń hákim, atalıq Daniyarbek xızmetinde boladı. Dáslep F.Efremov onıń háreminde saqshı «choń» - on saqshıǵa baslıq, soń 50 adamǵa baslıq boladı.

F.Efremov jazıwınsha, «men xızmet saparları dawamında kóplep qala hám jollardı kórdim»-dep aytadı.

Onıń «Toǵız jıllıq sayaxatı» shıǵarması úsh márte (1786, 1794, 1811-jıllar) baspadan shıqqan. Shıǵarmada Shıǵıs dúńyası tariyxına baylanıslı maǵlıwmatlar berilgen. F.Efremov 1782-jıli Peterburg qalasına qaytıp kelgennen soń tutqınlıqta hám sayaxatı dawamında kórgen waqıyalardı shıǵarma sıpatında baspaǵa tayarlaydı[119]. Shıǵarma dáslep 1786-jılda, soń Qazan universiteti tariyx ilimleri magistri Petr Kondırev redaktorlıǵında keńeytırılgen túrde 1811-jılı baspadan shıǵadı.

---

[118] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках.– С. 116-118.

[119]. Ефремов Ф. Странствование и приключение в Бухару и Хиве, Пресин и Индий и возвращение оттуда черед Англию в Россию. – СПб., 1786.

F.Efremovdıń shıǵarmasında qaraqalpaqlar haqqında da maǵlıwmatlar ushıraydı[120]. Qırǵızlar (qazaq) jazda Rossiya aymaǵı tárepke kóshedi, qısta bolsa Sırdárya tárepke jıljıydı, olar Quwandárya boyındaǵı qaraqalpaqlarǵa qońsı jaylasqan. Quwandárya boyındaǵı qaraqalpaqlar kem sanlı. Orenburgtan baǵıtta Aral teńizi Qubla hám Shıǵıs tárepindegi shólde kóshpeli qaraqalpaqlar hám qazaqlar jasaydı. Úrgenishten qaraqalpaqlar jasaytuǵın Quwandárya hám Sırdáryaǵa barıw ushın Ámiwdáryadan ótiw kerek, qumlıq jerler kóp bolsa da jol jaqsı.

**Mendiyar Bekchurin elshiligi -**1780-jılı Orenburgtan Buxara ámirligine jiberilgen Rossiya imperiyası elshisi. Ol elshilik saparı dawamında kórgen waqıya hádiyselerin kúndeligine jazıp barǵan. Usı kúndelik dáslep tariyxshı alım X.Z.Ziyaev shıǵarmasında ilimiy aylanısqa kiritilgen[121]. M.Bekchurin 1780-jılı joldasları menen Orenburgtıń tómengi bólimi, Ural liniyasındaǵı qalalardıń joqarı tárepi boyında atta 6 kún júrgennen soń Orenburg qalasına kelgen, ol jerde azlı-kem dem alıp Orta Aziya tárepke jolǵa shıqqan. M.Bekchurin kúndeliginde Orta Aziya xalıqları, sonday-aq qaraqalpaqlar tariyxı, jasaw aymaqları hám ekonomikalıq turmısına baylanıslı maǵlıwmatlar berilgen[122].

M.Bekchurin XVIII ásir ekinshi yarımındaǵı Jańadárya aymaǵında jasawshı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar beredı. Jańadárya dáwiri, yaǵnıy XVIII ásirdıń ekinshi yarımı qaraqalpaq xalqı tariyxınıń kem úyrenilgen dáwiri bolıp esaplanadı.

M.Bekchurin kúndeliginde elshilik missiyası dáwirindegi waqıyalar sáneme-sáne berilgen: «6-dekabr kúni (1780-jılı) Buxara tárepke baratuǵın úlken jol boylap júrdik. 8-dekabr kúni Aqmolla degen jerdegi Jańa suw (Jańadárya) janında túnedik. Bul

---

[120] Ефремов Ф. Странствование в Киргизской степи Бухары, Хиве, перси, Тебет Индий и возвращение его оттуда через Англию в Россию. -Казань, 1811. – С. 45-55.

[121] Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бўйлари. -Тошкент: Фан, 1973. – Б. 127

[122] Турганов Б.,Утемисов А. XVII-XVIII әсирлердеги қарақалпақлардың экономикалық турмысы //«Жанубий Оролбўйи археологияси, этнографияси, тарихи ва тарихшуносликнинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республикалик илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2017.–Б. 107-110.

jerlerde qaraqalpaqlar jasaǵanlıǵı ushın ol jer «qaraqalpaqlardıń jeri» dep júritiledi. Qaraqalpaqlar diyqanshılıq penen shuǵıllanadı, olar 200 awıldı quraydı. Olar Eralı Sultan basshılıǵındaǵı qazaq ulısına boysınıp, biyday menen salıq tóleydi. 9-dekabr kúni Jańa dárya (Jańadárya) jaǵalawları boylap joqarı tárepke 10 shaqırım júrip, dáryadan Buxara tárepke óttik. Jingildi bası degen jerde túnedik, jol qumlı, tóbelikler hám seksewiller kóp. Jańadárya Quwandáryadan aǵıp keledi. Bul dáryadan qaraqalpaqlar egin jerlerin suwǵaradı. Bul jerlerde eski úyler qaldıqları saqlangan. Sonday-aq, uzınlıǵı 150 hám eni 50 metrlik qala bar»[123]. Onıń maǵlıwmatları boyınsha, «Baraqxan dáwirinde xalıq bul jerdi taslap ketken. Basqa maǵlıwmatlar boyınsha, dúshpan dárya suwın tosıp qoyǵanlıǵı ushın xalıq basqa jerlerge kóshken. Dárya shıǵıstan batıs tárepke aǵıp, eki tárepke ajıraladı. Olardıń birewi kólge quyadı, ekinshisi bolsa Ámiwdáryaǵa bir kúnlik jolda joq bolıp ketedi».

M.Bekchurin Orta Aziyanıń basqa xalıqları tariyxıy geografiyası haqqındaǵı maǵlıwmatlardı da keltirip ótedi.

**T.Burnashev elshiligi** (1794–1795-jıllar). 1794-jılda tawlı ámeldarlar Timofey Stepanovich Burnashev hám Aleksey Sevastyanovich Beznosikov Omsk qalasınan Buxara xanlıǵına elshilikke jiberiledi. Oǵan xanlıqdıń geografiyalıq jaylasıwı, tábiyiy baylıqları, xalqı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jıynaw wazıypaları tapsırıladı. Burnashev hám Beznosikovlar Trotsk arqalı, Jayıq dáryası, Aral teńizi, Qaraqum, Quwandárya, Qız-qala, soń 1795-jılda Buxaraǵa jetip baradı. Olardıń Buxara xanlıǵınıń geografiyalıq jaylasıwı, siyasiy hám ekonomikalıq turmısı haqqındaǵı maǵlıwmatları G.İ.Spasskiy tárepinen 1818-jılda «Sibirskiy vestnik» jurnalında baspadan shıǵarıldı[124]. Jurnalda G.İ.Spasskiy Burnashev hám Beznosikovlardıń biografiyasına tiyisli maǵlıwmatlar da beriledi. T.S.Burnashev Kolıvano-voskresenlik tawlı ámeldar. Ol Buxaraǵa ketpesten aldın Zmeino-

---

[123] Зияев Х. XVIII асрдаги Ўрта Осиё ва Урал бўйлари. – Б. 117-118.

[124] Бурашев Т. Путешествие от Сибирской линий до города Бухары в 1794 году и обратно в 1795 году // Сибирский вестник, издаваемый Гр Списским. – СПб., 1818. Ч. II-III. – С. 247-284, 183-251.

goroddaǵı gúmis rudasın qayta isleytuǵın mekemede unter shixt meyster lawazımında isleydi. Sayaxattan qaytqannan soń 7-dárejeli oberberg meyster lawazımında isleydi hám Kolıvano-voskresendegı taw basqarması koncelyariyası aǵzası boladı. A.S. Beznosikov dáslep áskeriy serjant, sayaxattan qaytqannan soń Buxtarmindaǵı shegara basqarması keńesshisi lawazımında isleydi. Olardıń sayaxatnamasında Buxara xanlıǵı aymaǵı haqqında tómendegi maǵlıwmatlar berilgen: «Qaraqalpaqlar hám qırǵız-qayzaklar (qazaq) úlken Buxara arqasında Qızıl qum dep atalıwshı qumlı shólde, Altay tawlarınan baslap Aral teńizine shekemgi bolǵan aymaqlarda jaylasqan» dep kórsetedi[125].

Buxara xanlıǵı batısta túrkmenler, arallılar hám Xiywa xanlıǵı menen, qublada Iran, Hindstan hám Tebet, Qoqan, Xojent hám Tashkent hákimlikleri menen shegaralas esaplanadı.

**Filipp Nazarov sayaxatı (1813-1814-jillar)** –ómirine tiyisli maǵlıwmatlar oǵada kem, 1789-jılda Omsk qalasında Aziya oqıw jurtın pitkerip, 1804-jılı Tobolsk guberniyasındaǵı Irtish shegara sızıǵındaǵı Charlakovsk shegara postında dilmash bolıp isleydi. 1813-jılı Batıs Sibir general-gubernatorı G.İ.Glazemannıń arnawlı tapsırması boyınsha Peterburgtan jurtına qaytıp waqıtta jolda, Pyotropavlovsk (Arqa Qazaqstan) da óltirilgen Qoqan elshisine baylanıslı jánjellerdı tınıshlandırıw ushın Qoqanǵa jiberiledi[126]. F.Nazarov Omsktan Pyotropavlov qorǵanına hám ol jerden rus sawda kárwanı menen qubla qazaq shóli arqalı sentyabr aqırında Suzaq qalasına, soń Shımkentten Tashkentke keledi. Ol saqshı kazak otryadları menen oktyabr basında Qoqan qalasına jetip baradı. 1813-jıldıń oktyabr ayınıń ekinshi yarımında Qoqan xanı buyrıǵına muwapıq kazak otryadları Rossiyaǵa qaytarıladı.

F.Nazarov bes kazak saqshısı menen qalıp Ferǵana wálayatında bir jıl shaması boladı. Sapardan qaytıwda Oratóbe hám Xojent arqalı Tashkentke, ol jerden 1814-jıl avgust ayında, Qoqan xanı

---

[125] Sol jerde.

[126] Назаров Ф. Записки о некоторых народах и землях средней части Азий. -М.: Наука, 1968. – С. 6-9.

Omarxan (1810-1822 jıllar) elshisi menen birge 1814-jıl 15 - oktyabrde Pyotropavlovsk qorǵanına jetip keledi.

F.Nazarov sayaxatındaǵı waqıyalar izshil xronologiyalıq tártipte jazılǵan. Onıń basqa sayaxatshılarǵa salıstırǵanda imkaniyatları úlken bolıp, ol shıǵıs tilleri, ásirese, túrkiy tillerdi biliwi sayaxatı dawamında oǵan qolaylıqlar tuwdıradı. F.Nazarov kúndelik jazıwlarında qazaqlardıń túrmısı, úrp-ádetleri, sport oyınları, muzıkası, xan, sultan hám biylerdıń basqarıw tártibi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen. Ol Qoqan xanlıǵındaǵı Qoqan, Ándijan, Namangan, Jańaqorǵan, Xojent qalaları xalqı, olardıń xojalıq túri, geografiyalıq jaylasıwı haqqında qımbatlı maǵlıwmatlar toplaydı. Sonday-aq, joqarı qaraqalpaqlar haqqında da geypara maǵlıwmatlar berilgen [127].

F.Nazarov elshilik saparınan qaytıwda Sırdáryadan 10 verst qashıqlıqta jasawshı qaraqalpaqlar aymaǵı boylap 12 verst[128] (19,2 km) aralıqtı júrip ótkenligi, olar júnnen gilem hám gezleme toqıw menen shuǵıllanıwı haqqında maǵlıwmat beredi.

**G.İ.Danilevskiy elshilik saparı** (1842-1843-jıllar). 1842-jıl 29-may ayında Orenburg general-gubernatorı buyrıǵına muwapıq podpolkovnik G.I.Danilevskiydı Xiywa xanlıǵına elshi wazıypasına tayınlaydı[129]. Onıń elshilik missiyası quramı dilmash hám xatkerlikten tısqarı, tábiyattanıwshı alım Baziner, eki topograf hám saqshı sıpatında 20 kazaktan ibarat edi. Danilevskiyge berilgen kórsetpe aldın jiberilgen elshi Nikiforov tárepinen qollanılǵan instrukciyadan ózgesheligi derlik joq edi. Onda Xiywa xanlıǵı hám Rossiya arasındaǵı mashqala aymaq esaplanǵan qazaq shólı boyında shegara aymaǵın belgilew máselesinde jańa kórsetpe xanǵa paydasız bolsa da, usı máseleni qolaylı waqıtqa shekem qózǵamay turıw wazıypası tapsırıladı. Sonıń menen birge, Angliya hám Iran mámleketleri ótinishleri boyınsha, Danilevskiy menen birge Xiywaǵa Angliyanıń Tegeran qalasındaǵı elshisi

---

[127] Назаров Ф. Записки о некоторых народах и землях средней части Азий. – С. 53.

[128] Versta – uzunliq o`lshem birligi; 1,6 km. g`a ten` bolg`an.

[129] Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства //Записки Русского географического общества. Кн V. – СПб., 1851.

Tomson hám Iran elshisi de joldaslıq qıladı. G.Danilevskiy bir tárepten Xiywada usı elshilerdı qollap-quwatlawı, yaǵnıy Xiywadaǵı Iran tutqınların azat qılıwǵa járdemlesiwi kerek edi. Kórsetpe boyınsha Danilevskiy olarǵa doslıq qatnasta járdem beriwi, Rossiya-Xiywa múnásibetleri máselesine kelgende, olardıń aralasıwına jol qoymawı kerek edi[130]. Kórsetpede Rossiya-Xiywa múnásibetlerinde imperator dáldaldı qálemeydi dep anıq kórsetilgen edi.

G.Danilevskiy elshilik aǵzaları hám Xiywanıń eki elshisi menen birgelikte 1842-jıl 1-avgustta Orenburgtan jolǵa shıǵadı. Ustirt tegisligi arqalı Aral teńizi batıs jaǵalawları boylap júredi hám Allaqulıxannıń Buxaraǵa qarsı áskeriy júriske ketken waqtında Xiywaǵa jetip keledi. Allaqulıxan Buxaradan qaytıwı menen G.Danilevskiydı qabıl etedi. Kórsetpege muwapıq Danilevskiy shegara aymaqları máselesinde sóz qózǵalmaydı. Rossiya mámleketi tárepinen qoyılǵan basqa talaplarǵa xan derlik qarsılıq bildirmeydi.

Biraq, hújjetlerdi imzalamastan Allaqulıxan qaytıs boladı. 1842-jıl noyabr ayında taxtqa onıń balası Raximqulıxan shıǵadı. Sóylesiwler qaytadan baslanadı. Bir ay dawam etken sóylesiwler nátiyjesinde eki tárep 9 punktten ibarat shártnamanı imzalaydı hám xan móri menen tastıyıqlanadı. Usı shártnama boyınsha xan: hesh qashan Rossiyaǵa qarsı háreket qılmaw kerekligi, Rossiyanıń qubla-shıǵısındaǵı qazaq shóllerinde urlıq, talawshılıqqa jol qoymawı, tonap hám talap alınǵan zatlardı iyelerine qaytarıp beriwi, rus puqaraların tutqınlıqta uslamawı, olardıń xanlıq aymaǵında qáwipsiz júriwin támiyinlew, Rossiyadan qashıp kelgen kóterilisshilerdi shegara aymaǵındaǵı rus adminstraciyasına tapsırıwı, rus sawdagerlerinen bajı pulın tek bir márte alıwı hám onı da 5% ten asırmaw kerekligin, Sırdárya arqalı Buxara xanlıǵına baratırǵan rus kárwanlarınan hesh qanday bajı pulı almawı, eń aqırında Orta

---

[130] Турганов Б., Сапарова А. Қарақалпақстан тарийхын үйрениўде елши Г.И.Данилевскийдиң мағлыўматлары – дерек сыпатында //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары. 1–бөлим. -Нөкис. 2019.– Б.77-78.

Aziya xanlıqlarınan Rossiyaǵa baratırǵan hesh bir sawda kárwanına tosqınlıq qılmaw májbúriyatları belgilenedi.

Óz gezeginde Rossiya, Xiywanıń aldınǵı qılmısların keshirip, Rossiyaǵa kelgen xiywalılardıń qáwipsizligin támiyinlewi kerek boladı. Shártnama imzalanǵannan soń podpolkovnik G.I.Danilevskiy Xiywa xanlıǵı elshisi Muxammed-Amin menen birge 1843-jıl fevralında Xiywadan Rossiyaǵa qaytıp ketedi. Shártnama shártleri Rossiya imperiyasın qanaatlandıradı. 1843-jıl 30-iyun ayında shártnama imperator atınan vice-kancler tárepinen ratifikaciya qılınadı.

G.I.Danilevskiydiń elshilik missiyasınıń tiykarǵı maqseti Xiywa xanlıǵı haqqında topografiyalıq hám statistikalıq materiallar toplaw menen bir qatarda, xanlıqtıń tábiyiy geografiyalıq dúzilisin úyreniwden ibarat edi. Júkletilgen wazıypalar elshilik missiyası tárepinen tolıq ámelge asırıladı. 1843-jıl Xiywa xanlıǵında G.Danilevskiy ekspediciyası aǵzaları tárepinen Xiywa xanlıǵınıń kartaları sızılǵan. G.Danilevskiy rus tilinde hám ekspediciyası aǵzasi F.İ.Baziner nemec tilinde Xiywa xanlıǵı, Aral teńizi hám Ústirt plotası haqqında geografiyalıq shıǵarması jaratılǵan. F.Baziner kitabında Aral teńizi hám Xiywa xanlıǵınıń orta masshtablı (50-verstli) kartası qosımsha qılınǵan. Onda Ámiwdárya deltası, Aral teńiziniń jaǵalawları, Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı Ámiwdárya deltaları Ulıdárya, Qazaqdárya, Tallıq dárya, Qarabaylı hám basqa geografiyalıq aymaqlar kórsetilgen. Xorezm aymaǵındaǵı suw qurılısları da tolıq túsirilgen. Nemec tabiyattanıwshı alımı A.Gulboldt «Oraylıq Aziya» atlı shıǵarmasında F.Baziner kitabındaǵı kartadan paydalanılǵan.

G.İ.Danilevskiydin` «Xiywa xanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlar» shıǵarmasında elshilik saparındaǵı eske túsiriwleri bayan etilgen[131]. Onda Xiywa xanlıǵı, Ústirt hám Aral teńizi boylarındaǵı xalıqlar tariyxı boyınsha maǵlıwmatlar qaldırılǵan. Bu-

---

[131] Турганов Б., Сапарова А. Қарақалпақстан тарийхын үйрениўде елши Г.И.Данилевскийдиң мағлыўматлары – дерек сыпатында.– Б.77-78.

lardan Shımbay, Xojeli hám Qońırat qalalarınıń social-ekonomikalıq turmısı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı keltiremiz[132].

Shımbay hám Qońırat qalaları qaraqalpaqlardıń administrativlik orayı esaplanadı. Arallı ózbeklerdiń arasında Xojeli qalası da úlken áhmiyetke iye. Bul qala dógereginde qońsı xalıqlar menen birgelikte qaraqalpaqlar da jaylasqan. Shımbayda úlken kárwan saray, 150 dúkan, Qońıratta 350 dúkan, Xojelide 150 dúkan bolǵan. Qońırat bazarındaǵı dúkanlarda bazar kúnlerden basqa kúnleri de turaqlı sawda boladı. Usı qalalar ishki sawdada úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

1842-1843-jıllardaǵı elshilik missiyası basshısı G.Danilevskiy Muxammed Raximxan dáwirinde Shayıq Jálil tawında mıs rudasın qayta islew jolǵa qoyılǵan dep maǵlıwmat beredi[133]. Onıń joldası tabiyattanıwshı alım F.Baziner bolsa, Shayıq Jálil tawında «mıs, mramor, temir, hátteki altın bar ekenligin, taw janbawırındaǵı úlken aymaqta temir rudası hám olardıń qumları ushıraytuǵınlıǵın atap ótedi[134].

Patsha Rossiyası elshileri quramında Rossiya ilimler akademiyası, rus geografiyalıq jámiyeti aǵzalarınan Aral teńizi, Orta Aziya tábiyiy baylıqları, kartografiyası hám geografiyasın úyreniw maqsetinde qanegeler jiberilip baslaydı.

**Aǵa-inili tuwısqan Xanıkovlar.** Tuwısqan Xanıkovlardıń úlkeni–Yakov Vladimirovich Xanıkov (1818-1862-jıllar) Orta Aziya geografiyası, tariyxı hám ekonomikası boyınsha qatar miynetlerdi jazǵan. Olarda qaraqalpaqlardıń tariyxına baylanıslı geypara bahalı maǵlıwmatlar ushırasadı. Rus geografiyalıq jámiyeti aǵzası Ya.V.Xanıkov tárepinen Orta Aziya, Aral teńizi aymaqlarında jasawshı xalıqlar haqqında toplanǵan maǵlıwmatlar tiykarında ilimiy izertlewler alıp barıladı. Ol Aral teńizi haqqında dáslepki «Aral teńizi hám Xiywa xanlıǵı aymaǵındaǵı jerler

---

[132] Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства. – С.67.

[133] Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства. – С. 70.

[134] Савельев П.С. Путешествие г.Базинера через Киргизскую степь в Хиву // Географиеские известия. – СПб., 1849. -№ 4. – С.170, 207-208.

kartasına túsindirme» dep atalıwshı tariyxıy kartografiyalıq shıǵarma avtorı esaplanadı[135].

Ya.V.Xanıkov tárepinen Orta Aziya hám Qaraqalpaqstan tariyxı ushın áhmiyetli derek esaplanǵan «1740-1741-jıllarda Gladıshev hám Muravinniń Orskdan Xiywaǵa hám onnan keyin qaray saparı» (-SPb.,1851) shıǵarmasınıń baspadan shıǵarılıwı úlken ilimiy xızmet bolıp tabıladı. Bul shıǵarmada qaraqalpaqlar tariyxı, etnografıyası hám etnogeografiyası haqqında da maǵlıwmatlar berilgen.

**Xanıkovlardıń ekinshisi –Nikolay Vladimirovich Xanıkov** (1818-1878-j.j.) kóp tillerdi biletuǵın shıǵıstanıwshı ilimpaz. Ol «Buxara xanlıǵı táriypi» (SPb., 1843), «Xurasanǵa ekspediciya» (-M.: Nauka, 1973) hám basqa da miynetlerdiń avtori esaplanadı.

**N.V.Xanıkov elshilik saparı** (1841-1842-jıllar)-Rossiya imperiyası elshisi, Buxara ámirligi hám Buxara qalası haqqında tariyxıy-geografiyalıq maǵlıwmatlar qaldırǵan. N.V.Xanıkov teńiz oficeriniń balası, ol dáslep óz awılındaǵı liceyde, soń Peterburg universitetinde bilim aladı. 1838-jıldan Sırtqı isler ministrliginiń sırtqı qosıp alıw departamentinde islep baslaydı.

Oǵan 1839-jılda Orenburg general-gubernatorlıǵına V.A.Perovskiytıń Xiywaga áskeriy júrisi dawamında jiberilgen xatlarınan «Xiywa haqqında maǵlıwmatlar» jıynaw wazıypası tapsırılǵan edi. 1841-1842-jıllarda N.V.Xanıkov injener K.F.Butenev elshilik missiyası quramında 8 ay dawamında Buxara qalasında bolıp, Buxara xanlıǵı haqqında tereń maǵlıwmatlar toplaydı. Onıń tereń maǵlıwmatlar toplawına Shıǵıs tillerin biliwi úlken járdem beredi.

N.V.Xanıkov shıǵarmasında Buxara ámirligi geografiyası, irrigaciya qurılmaları, ámirlikte jasawshı xalıqlar ózbekler, tájikler, arablar, kóshpeli xalıqlar qazaqlar, qaraqalpaqlar haqqında da maǵlıwmatlar berilgen. Olardan qaraqalpaqlar haqqındaǵı geypara maǵlıwmatlardı keltiremiz.

---

[135] Ханыков Я.В. Пояснительная записка к карте Аральского моря и Хивинского ханства с окрестностями//Записки русского географического общества. 1851.кн.V. – СПб.,1851.– С.279,321,325. // Туркестанский сборник, Том. 319.

Buxara xanlıǵı arqasındaǵı shólde qazaq hám qaraqalpaqlar jasaydı[136]. Qaraqalpaqlar Jizzax hám Oratobe aralıǵında kóship júredi. Qaraqalpaqlar ekonomıkalıq tárepten qazaqlarǵa salıstırǵanda jarlı, ásirese Qaraǵatay hám Qızılqum aymaqlarındaǵı qaraqalpaqlar. Olar túyeden ayran, attan qımız tayarlaydı. Házirgi waqıtta Buxara húkimdarınıń kóshpeli qazaqlar menen óz ara múnásibetleri jaqsı bolıp, Nasırulla xan kóshpeliler menen kópshilik jaǵdayda kelisip jasap, olardan Quranǵa sáykes qırqtan bir zakat aladı.

**A.I.Butakov kúndeligi** (1816-1869-jıllarda jasaǵan)**.** XIX ásirdıń ortalarında Rossiya imperiyası siyasıy-ekonomikalıq máplerinen kelip shıqqan jaǵdayda Aral teńiziń geografiyalıq hám kartografiyalıq tárepteń úyreniw baslanadı[137]. 1839-jılǵı Perovskiy basshılıǵındaǵı Xiywa xanlıǵına áskeriy atlanıs sátsiz juwmaqlanıwına baylanıslı patsha húkimeti Orta Aziyaǵa áskeriy topılıs jasaw taktikasın ózgerte baslaydı. Bunnan bılay alǵa ilgerilew ushın rejeli túrde bekkem platsdarm duzıwge tayarlıq kóredi hám Orta Aziya xanlıqların geografiyalıq hám kartografiyalıq tárepteń ayrıqsha úyreniwge dıqqat qaratadı. Bul dáwirde Rossiya imperiyası ushın Aral teńiziniń ekonomikalıq hám áskeriy strategiyalıq áhmiyeti oǵada úlken edi. Sol maqsette 1847-jılı Aral flotiliyası dúzilip, onıń járdemi menen Orta Aziya xanlıqlarına aldaǵi waqıtta áskeriy atlanısqa tayarlıq júrgiziw ushın Rossiya imperiyası tárepinen Aral flotılıyasınıń baslıǵı kontr-admiral A.Butakovǵa 1848 jılı Aral teńızin tereń úyreniw hám onı geografiyalıq tárepten klassifikaciyalaw wazıypası júkletiledi. Onıń baqlawları «Kúndelikleri»inde bayan etilgen[138].

---

136 Ханыков Н.В. Описание Бухарского ханства. – Спб., 1843 // Туркестанский сборник. Том, 271. – С. 74.

137 Турганов Б., Сейтмуратов О. Арал теңизиниң географиялық тәрептен үйренилиўи тарийхынан//“География келажакга назар” мавзусидаги Республикалик илмий-амалий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. –Б. 38-41.

138 «Дневные записки плавания А.И. Бутакова на шхуре «Константин» для исследование Аралсккого моря в 1848-1849 гг». // Подготовка к печати Е.К. Бетгера. - Ташкент, 1953.-60 с.

A.Butakovtıń 1848-1849 hám 1849-1852-jıllarda óz qolı menen jazılǵan eki kúndelikleri tiykarında 1943-jıl E.K.Betger kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı hám onı baspadan shıǵardı[139]. Onıń kúndeliklerinde Aral teńizi hám átirapındaǵı xalıqlar haqqında maǵlıwmatlar beredi. A.I.Butakovtıń kúndeligi kóplep rus sayaxatshıları hám ilimpazlar tárepinen joqarı bahalanǵan.

A.Butakovtıń kúndeliginde jazıwınsha, «Aral teńizi tınısh teńiz bolmastan, ásirese, samal turǵan waqıtta onıń tolqınınnan pana tabıw qıyın. Teńizdıń batıs jaǵalawların kartaǵa túsiriwdi Qumsuat qaldıǵınan basladıq. Qumsuattan baslap maǵan teńiz tereńlesip baslanǵanday túyildi…». Butakov Aral teńizi hám bándargah qurıw múmkin bolǵan aymaqların qarıspa-qarıs esap-kitap qılıp shıǵadı[140].

Ol 1848-1849-jıllardaǵı topografiyalıq izertlewleri tiykarında «Aral teńizi Qubla aǵısı hám Ámiwdárya deltasınıń tegislik kartası»n dúzedi. Butakov izertlewlerı tiykarında 1850-jılǵa kelip Rossiya imperiyası Admiralteystvanıń gidrografiyalıq basqarması tárepinen Aral teńiziniń bir tutas kartası islep shıǵıladı[141].
Kartada Aral teńizi hám Ámiwdáryanıń tómengi aǵısındaǵı aymaqlar anıq instrumental ólshew isleri tiykarında jaratılǵan. Usı kartanı nemec geografı A.Gulboldt haqıyqıy jańalıq dep táriypleydi. Bunnan tısqarı, 1859-jılı A.Butakov Aral teńiziniń qubla jaǵalawları hám Ámiwdárya deltasınıń iri masshtablı kartasın islep shıqqan. Ol kartada kóplegen geografiyalıq obyektler súwretlengen hám kartanıń anıqlıq dárejesi tárepinen aldıńǵı dáwirlerdegi kartalardan ajıralıp turadı.

---

[139] Бетгер Е.К. Дневник А.И. Бутакова, как материал для его биографии и для истории изучения Аральского бассейна // Дисс. Канд. Ист. Наук. – Ташкент. 1942.-186 с.

[140] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках Узбекистана в сообщениях путешественников и ученых (20-80-е годы XIX в.).-Ташкент: Фан, 1990. – С. 86-87.

[141] Турганов Б, Мадреимов Ф. А.И.Бутаков күнделиги–Қубла Аралбойы халықлары тарийхы бойынша дерек //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1–бөлим. -Нөкис. 2019.– Б.79-82.

1853-jıl mayda Aral teńizine jáne bir «Petrovskiy» atlı paroxod hám «Obruchev» atlı bir barkas túsiriledi. Butakov basshılığındağı Aral ekspediciyasınıń nátiyjeleri hám Aral teńizi kartası Rossiya ilimiy jámiyetshiligi tárepinen joqarı dárejede bahalanadı. Oǵan miynetleri ushın Demidov atındağı mámleketlik sıylıq laureati, 1853-jılda Berlin geografiyalıq jámiyeti húrmetli aǵzası, 1867-jılda Rus geografiya–jámiyeti keńesi haqıyqıy aǵzası boldı. A.I.Butakov tárepinen «Vozrojdenie», «Bellinsgauzen», «Lazerev» hám basqa kóplep Aral, qoltıqlardıń ashılıwı menen Aral teńizi haqqındağı jańasha túsinikler payda boldı.

Oniń kartası hám eske tusiriwlerinde Aral teńizindegi bir neshe geografiyalıq atamalar keltirilgen. Ol dawirde Aral teńizinde 300 ge jaqın atawlar ham yarım atawlar bolǵan. Bulardıń kopshiligi Aral teńiziniń tuslik shıǵısındağı Aqbetkey arxipelagine jaylasqan. Araldağı koplegen geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıwı Butakov ekspediciyasınıń atına baylanıslı. Máselen, «Vozrojdenie» atawı XX ásirdiń 20-jillarına shekem «Nikolay», «Bellinsgauzen» (Moynaqtan shama menen 45 verst qashıqlıqta) atawı admiral Bellinsgauzenniń atı menen baylanıslı atalǵan.

A.Butakov 1855-jılda tómengi Sırdárya, 1861-1863-jıllarda orta Sırdárya ağısında topografiyalıq izertlewler alıp baradı.

Onıń baqlawları Rossiya húkimetine Aral teńizinde áskeriy hám sawda-satıq flotın dúziw imkaniyatı berilgenligin kórsetedi. Bul joybar patsha Rossiyasına Sırdárya hám Ámiwdáryada da kemeler qatnawın jolǵa qoyıwǵa hám bul arqalı Qashqar hám Hindstanǵa suw jolın ashıw múmkinshiligin beredi.

A.I.Butakov Aral teńizi atirapı tábiyatı, geografiyasınan tısqarı, sol dáwirde Xiywa xanlıǵında júz berip atırǵan siyasiy hám tariyxıy waqıyalar haqqında da kóplep tariyxıy maǵlıwmatlar beredi. Olardan rus geografiya jámiyetiniń «Вестник» jurnalında basılǵan «1848-jılı Aral teńizin úyreniw boyınsha dúzilgen ekspediciya boyınsha maǵlıwmatlar» hám «Отечественные записки» jurnalında «Ámiwdárya deltası hám etekleri» maqalası, 1872-jılı «Туркестанский ведомости» gazetasında «Xiywa tariyxı boyınsha bir qansha betler», «Házirgi Orta Aziya

tariyxınan kórinis», «Xiywa tariyxına baylanıslı bir neshe bet: Tóre suwpınıń Qońırattı basqarıwı» atlı maqalaları bar[142].

Bul maqalalarda A.I.Butakovtıń xatları, ekspediciya dáwirinde alıp barǵan kúndelikleri, Aral teńizi átirapındaǵı xalıqlardıń siyasiy, social-ekonomikalıq jaǵdayları haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar berilgen.

Olardan «Házirgi Orta Aziya tariyxınan kórinis» atlı maqalasındaǵı arallı ózbekler hám qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı keltirip ótemiz[143].

Xiywa xanlıǵı tómengi Ámiwdárya oazisinde jaylasqan. Hawa rayı ıssı hám jawıngershiliksiz, kontinental klimat, olar Ámiwdáryadan kanallar arqalı diyqanshılıq jerlerin suwǵaradı. Xanlıqtıń arqasındaǵı Qońırat wálayatı Aral teńizi menen tutasadı. Ámiwdárya bir neshe tarmaqlarǵa ajıraladı, ol jerlerde Xiywa xanlıǵı quramındaǵı bir neshe kishi qala qorǵanlar bar. Tallıq deltası boyındaǵı tiykarǵı qala Qońırat bolıp, walayattaǵı barlıq xalıq ushın oraylıq bazar esaplanadı[144].

Qońıratta 7-8 mıń xalıq jasaydı, olar túrkiy qáwimler áwladları: ózbekler, sartlar hám tájikler. Ózbekler sawda-satıq isleri menen shuǵıllanadı. Qaraqalpaqlar pútkil walayatta 80-90 mıń xalıq, olar tınıshlıq súyıwshı hám miynetkesh xalıq, diyqanshılıq penen shuǵıllanadı, aldıngı dáwirlerde olar tómengi Sırdárya boylarında jasaǵan. Ol jerde qazaqlar menen óz ara kelispewshilikler sebepli ótken ásirdıń ekinshi yarımında Ámiwdárya boylarına kelip jaylasqan.

Qazaqlar Ámiwdárya deltaları boylap kóship júredi, sharwashılıq penen shuǵıllanadı, olar ulıwma diyqanshılıq qılmaydı. 1814-jılǵa shekem Qońırat wálayatı Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz siyasat júritip, walayattı Qońıratlı ózbeklerden bolǵan Tóre suwpı 18 jıl dawamında basqarıp turǵan. Xiywa xanı Muxammed Rahimxan Qońırat wálayatına turaqlı túrde

---

[142] Бутаков А.И. Эпизод из современной истории Средней Азий. // Туркестанский сборник. 1867. Том. 5.– С.235-244: Несколько страниц из историй Хивы. Туря– Суфи управления Кунградом // Туркестанский сборник. Том. 52.

[143] Бутаков А.И. Эпизод из современной истории Средней Азий.–С.235-244

[144] Бутаков А.И. Эпизод из современной истории Средней Азий–С.235-244.

dúshpanlıq keypiyatında bolǵan. Muxammed Rahimxan Qońıratqa bir neshe márte áskeriy júrisler shólkemlestiredi. Ol qartayǵannan soń ómiriniń aqırında Tóre suwpınıń kózi kórmey kór bolıp qaladı. Onıń mehtarı[145] Mendigask satqınlıq qılıp Xiywa xanı tárepke ótip ketedi. Nátiyjede Xiywa xanı tárepinen shólkemlestirilgen bir neshe áskeriy júrislerden soń Qońırat qalası basıp alınadı, Tóre suwpını óltirip, onıń basın Xiywaǵa jiberedi. Dáslep Qońıratqa Mendagsk, soń 1858-jıldıń gúzine shekem Qutlımirat hákimlik qıladı. Qońırat hákimi Tóre suwpı óltirilgen dáwirde qızı hámledar qalǵan boladı. Muxammed Fena Tóre suwpınıń qızınıń balası edi. Qutlımurat Qońırat wálayatın Xiywa xanlıǵı ámeldarı, qalmıq qáwiminen bolǵan jasawıl bası Mamet arqalı basqarıp turadı. Salıqlardı jıynawda sıqmarlıǵı menen xanniń Qońırattaǵı hákimi Qutlımırat kózge túsedi.

Muxammed Fena (Panaxan) xalıqtıń Qutlımirat bekke qarsı narazılıq keypiyatınan paydalanıp, óziniń qáwipli dúshpanı sıpatında bilip, oǵan qarsı til biriktiriwshilik shólkemlestiredi[146]. Qutlımıratqa qarsı til biriktiriwshilikke qazaq biyi Azbergeń de qatnasadı. Soń Muxammed Fena basshılıǵında Qońırat wálayatında Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz xanlıq duzıw maqsetinde kóterilis shólkemlestiriledi. Ol kóteriliske basshılıq qıladı. Ol (Panaxan) Xiywa xanlıǵına qarsı gúreste Qońırattıń jergilikli xalqına isenimsizlik bildirip, túrkmen feodallarin járdemge shaqıradı. Túrkmen feodalları Qońıratta óz bilgenlerinshe háreket islep, jergilikli xalıqtıń narazılıqların keltirip shıǵaradı. Xiywa xanı Seydmuxammed xannıń qollap-quwatlawı menen Muxammed Fenaǵa qarsı til biriktiriwshilik shólkemlestiriledi. Xiywalılar tárepinen 1859-jılı Qońırat qalası basıp alınadı. 1859-jıl avgust ayında Muxammed Fena oltiriledi.

**N.Ignatevtıń Xiywa xanlıǵına elshilik saparı.** 1857-jılı Rossiyaǵa Buxara ámirligi elshisi menen birge Xiywa xanlıǵı wákili de baradı. Ol Rossiyanıń isenimli wákilin Xiywa xanlıǵına

---

[145] Bul jerde járdemshisi degen mánisti ańlatadi.

[146] Турганов Б., Мадреимов Ф. А.И.Бутаков күнделиги – Қубла Аралбойы халықлары тарийхы бойынша дерек..– Б.79-82.

jiberiwdı iltimas qıladı. Rossiya wákili elshilikten hesh qanday nátiyje shıqpaydı dep oylasa da, sońǵı jıllarda Orta Aziya, ásirese Xiywa xanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlardıń anıqlıǵı hám áhmiyetin joyıtpaǵanlıǵın tekserip kóriw, ózbek xanlıqlarındaǵı sońǵı waqıttaǵı siyasiy qatnasıqlardı anıqlastırıw, Ámiwdáryanıń sawda-satıq hám áskeriy háreketlerdegi áhmiyetin anıqlastırmastan turıp, Xiywa xanlıǵına qarsı áskeriy júrisler qılıwdıń ilaj joqlıǵın esapqa alıp, elshilik missiyasın jiberiwdı maqul tabadı.

1857-jıl aqırında Xiywaǵa elshi jiberiw haqqında imperator pármanı shıǵadı. Bul saparı elshiler quramına Rossiya ilimler akademiyası hám rus geografiyalıq jámiyeti wákilleri de kiritiledi. Elshiler arasındaǵı bas shtabtıń eki oficerine ilimiy baqlaw islerin alıp barıw wazıypası tapsırıladı. Elshilik missiyası basshısı etip bas shtab polkovnigi fligel-adyutant N.Ignatev bekitiledi.

Elshilik missiyasına sıltaw bolıwı ushın Xiywa xanlıǵı menen sawda-satıq qatnasıqları boyınsha shártnama duziw wazıypası júkletiledi. Haqıyqıy maqset bolsa Rossiyanıń Orta Aziya xanlıqlarına áskeriy júris dáwirinde Xiywa, Buxara hám Qoqan xanlıqlarınıń óz ara birigip birgelikte Rossiyaga qarsı urısqa shıǵıwına jol qoymaw, Xiywanı Angliya tásir sheńberinen ajıratıw, rus kemeleriniń Ámiwdárya arqalı erkin háreketleniwin támiyinlewden ibarat edi. Elshilerdı Xiywaǵa gúzetip barıw ushın Aral flotiliyasına Ámiwdárya boyında háreketlenıwdıń barlıq imkaniyatların úyreniw wazıypası júkletiledi. Usı maqsette Aral flotiliyası baslıǵı kontr-admiral A.I.Butakov elshi Ignatevtı Ústirtte kútip alıwı hám onıń dárya arqalı Xiywa qalasına shekem barıwın támiyinlewi, soń bolsa Xiywadan Charjawǵa shekem baqlap barıwı kerek edi.

1858-jıl may ayında 18 adamnan ibarat elshilik missiyası hám 57 atlı áskerler menen Orenburgtan jolǵa shıǵadı. Aral teńizinde Butakov basqarıp atırǵan «Perovskiy» paroxodi elshi Ignatevtı Úrge (Aral teńizindegi qoltıq) janında kútip aladı. Biraq xiywalılar, Xiywa qalasına shekem paroxodta barıw haqqındaǵı rus elshileri pikirlerine qarsı bolǵanlıqtan N. Ignatev júkler hám sawǵa-salamlardı kemelerde Qońırat qalasına jiberedi. Ózi

elshiler menen Aral teńizi batıs jaǵalawları boylap Aybuyır qoltıǵı arqalı Qońıratqa keledi. Úrge jaqınında elshilik missiyasın Xiywa xanlıǵı wákillerinen Qońırat qalası hákiminiń balası, qaraqalpaq biyi Istilew, qazaqtıń tabın urıwınıń biyi Azbergen hám Bek Muratlar kútip aladı. 27-iyunda pútkil elshilik aǵzaları Qońırat qalasına jetip keledi. Elshilik missiyası aǵzalarınan bolǵan Kileveyn Qońırat qalası hám de 1858-1859-jıllardaǵı Muxammed Fena (Panaxan) kóterilisi haqqında maǵlıwmat beredi [147].

Xalqı kishi awıllarda, dalalarda, kanallar boylarında, ulıwma aytqanda, Ámiwdáryaniń shep aǵısında Xiywa xanlıǵıdaǵı otırıqlı xalıq jaylasqan. Olar diyqanshılıq penen shuǵıllanadı. Hár bir jer iyesi óz jerin paxsa dıywallar penen orap alǵan. Olardıń baǵı, baqsha maydanları, geyparalarınıń ónermentshilik ustaxanaları bar. Bunday jer iyelerin Bek yamasa xojayın dep ataydı. Qońırat qalası Ámiwdáryanıń oń aǵısında 4 verst qashıqlıqta, xanjap kanalınıń shep aǵısında úlken dıywal menen órap alınǵan. Muxammed-Rahimxan dáwirinde 1814-jılda pútkil qala átirapı qorǵanları menen birge Xiywa xanlıǵına qosıp alınadı. Qońıratta ájayıp xan sarayı bolıp, onda bizler kelgen waqıtta miyman boldıq. Rus elshilik missiyası qalaǵa kelgen waqıtta xalıq tınısh edi. Bizler ketkennen soń 31-avgustta Qońıratta ózbekler hám qaraqalpaqlar birlesip qala hákimi Qutlımurattı óltiredi. Onıń órnına 1814-jılǵa shekem Qońırattı basqarǵan Tóre suwpınıń aqlıǵı Muxammed Fena (Panaxan) ózın xan dep daǵazalaydı. Ol óz atınan teńge pul shıǵaradı, bunday monetanı Rossiya Arxeologiya jámiyeti aǵzası Orenburg wálayatı basqarmasında qırǵızlar menen shuǵıllanıwshı Grigorev qolǵa kiritedi. Bir jıldan soń Muxammed Fena óltiriledi. Qońırat xalqı Xiywa xanı Seydmuxammed xan húkimdarlıǵın qaytadan tán aladı.

Arallı ózbekler xanlıqtıń arqasında Ámiwdárya deltası bolǵan Lawzannan baslap Aral teńizine shekem bolǵan aymaqlarda

---

[147] Килевейн Е. Отрывок из путешествия в Хиву некоторые подробности о ханстве во время правления Сейд-Мухаммад хана 1856-1860 г. // Туркестанский сборник. -Том, 388. – С. 1-12.

jasaydı. Arallılar diyqanshılıq, sharwashılıq hám ata kásibi bolǵan balıqshılıq penen shuǵıllanadı.

1858-jılǵı polkovnik N.P.Ignatev basshılıǵındaǵı ekspediciya-nı qorǵap barıw ushın Ural kazaklarınan áskeriy topar dúzilgen edi. Usı topardaǵi kazak oficeriniń «Aybúyir qoltıǵınan Qońıratqa shekem» atamasındaǵı kúndelik dápteri «Уральские войсковые ведомости» gazetasınıń 1868-jıl 25-fevraldaǵı sanında járiyalanadı. Kúndelik dápterde XIX ásirdegi qaraqalpaq xalqınıń social-ekonomikalıq hám siyasiy awhalı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar berilgen[148].

Bul kúndelik dápterde ishki suw jolları hám olardıń jaǵdayı haqqındaǵı tómendegi maǵlıwmatlar ushıraydı: «Bul qarardıń aqıbetinde 30-iyuńde yaǵnıy qaladan shıǵatuǵın kúni Qońırat gubernatorı tárepinen jeti úlken Xiywa kemeleri jallandı. Olar Xiywaǵa biziń otryadtı, onıń barlıq júklerin jetkiziw ushın hár bir túye ushın 2 altın tilla miynet haqı talap etti. Bul barlıq júkler ushın 5 kemeshiniń hár birine Xiywaǵa shekem júkti alıp barǵanı ushın 13 gúmis rublden tuwra keledi. Olardıń awır miynetine salıstırǵanda bul is haqı hesh nársege turmaytuǵın edi. Saldaw-shılar aǵısı júdá kúshli Ámiwdárya boylap, aǵısqa qarsı Xiywaǵa shekem kemeni tartıp barıw tiyis boldı[149].

Rossiyalı elshiler bul maǵlıwmatlar arqalı eger de áskeriy jaǵdaylar júz bergen jaǵdayda rus kemeleriniń Ámiwdárya arqalı erkin háreketleniwin támiyinlew múmkinligi haqqındaǵı maǵlıwmatqa iye bolǵanlıǵın kóremiz.

---

[148] «Уральские воисковые ведомости» газетасы. № 9. 1868 г. 25-февралья.
[149] «Уральские воисковые ведомости» газетасы. № 9. 1868 г. 25-февралья.

# III BAP. ROSSIYALÍ MÁMLEKETLIK ISKER HÁM TARIYXSHÍLARÍNÍŃ QARAQALPAQLAR HAQQÍNDAǴÍ MAǴLÍWMATLARÍ

Orta Aziya xanlıqlarınıń Volga boyı xalıqları hám Rossiyanıń oraylıq qalaları menen ekonomikalıq hám mádeniy baylanısları erte orta ásirlerde-aq baslanǵan. Sonǵı orta ásirlerge kelip Orta Aziya xanlıqları sawdasında Rossiyanıń roli kem-kem kúsheyip bardı. XVI-XVII ásirlerde ózbek xanlıqlarındaǵı siyasiy keskinliklerge qaramay, Rossiya menen sawda–ekonomikalıq baylanısların rawajlandırıwdan hár eki tárepte mápdar boldı. Rossiya qol astına Qazań (1552-jıl) hám Astraxan (1556-jıl) xanlıqları ótiwine qaramastań Xiywa xanlıǵı menen sawda-ekonomikalıq múnásibetler dawam etti[150]. Sol dáwirden Astraxań qalası Rossiya menen ózbek xanlıqları arasındaǵı ekonomikalıq hám diplomatiyalıq baylanıslar orayına aylandı. Astraxanda Xorezm hám Buxara sawdagerleriniń jayları, sawda dúkanları hám skladları boldı. Astraxan Orta Aziya xanlıqları menen baylanıslarda ekonomikalıq hám mádeniy oray sıpatındaǵı abıroyın XIX ásirdiń ortalarına shekem saqlap qaldı. Rossiya húkimeti Orta Aziya xanlıqları menen bolǵan ekonomikalıq baylanıslarǵa úlken itibar qarattı, sawdada olarǵa jeńillik beriwge háreket etti, xorezmlik sawdagerlerge Nıjnıy Novgorod sawda yarmarkasında óz tovarları menen qatnasıw huqıqı berildi.

Patsha Rossiyası XVII ásirde Orta Aziya xanlıqları menen elshilik baylanısların kúsheytedi. XVII ásirde Orta Aziyadan Rossiyaǵa 17 márte elshiler barǵan. Usı ásirde Rossiyanıń kóplep qalalarında yarmarkalar shólkemlestirilgen. Solardan Nijniy Novgorod yarmarkasi úlken áhmiyetke iye bolǵan. Orta Aziyalı sawdagerler yarmarkaǵa óz tovarları menen qatnasıp turǵan. XVII-ásirdegi sawda hám elshilik baylanısları XVIII ásirdegi siyasiy hám mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwına úlken negiz bolıp xızmet etken.

[150] М.А.Терентьев – Россия и Англия в борьбе за рынок. – СПБ.,1876.–С. 161.

XVII ásirde Rossiyanıń Orta Aziya xanlıqları menen sawda baylanısınıń muǵdarı 100 mıń sumdı quraǵan. Bul Rossiya húkimetiniń sırtqı sawdasınıń besten bir bólegi edi[151].

Xiywa hám Buxara xanlıqları menen Rossiya ortasında ekonomikalıq baylanıslar menen birge diplomatiyalıq baylanısları kem-kemnen keńeyip bardı. Olar bir-birine elshi jiberip óz ara múnásibetlerdi joqarı húkimet wákilleri dárejesinde sheshiwge háreket qıldı. Elshiler hár eki tárep ortasındaǵı múnásibetlerdi jaqsılaw, sawda kárwanları qáwipsizligin támiyinlew, sawdadaǵı sheklewlerdi biykar qılıw, rus tutqınların azat etiw usaǵan máseleler menen shuǵıllandı. Olardıń jazba maǵlıwmatlarında Orta Aziya xanlıqlarındaǵı siyasiy jaǵday olardıń óz ara múnásibetleri, xalıqtıń keypiyatı, xanlıqlardıń áskeriy potencialı, xalqınıń kásipkári haqqında maǵlıwmatlar bolǵan. Bulardıń barlıǵı Rossiya húkimetiniń Orta Aziya xanlıqları menen áskeriy strategiyalıq maqsetin gózlep qızıǵa baslaǵanın kórsetedi. Áne usınday jansızlıq xarakterindegi maǵlıwmatlar Orta Aziyaǵa birinshiler qatarında jiberilgen elshilerden I.Xoxlov hám aǵa-inili Pazuxinler saparında toplanǵan edi.

Petr I dáwirinde Rossiya imperiyasında Shıǵıstı iyelew siyasatınıń baslanıwı menen Orta Aziya xanlıqların hár tárepleme úyreniwge ayrıqsha itibar berile baslanadı. Bunıń nátiyjesinde Sırdárya hám Aral boylarındaǵı jasaǵan qaraqalpaqlar haqqında da keń túrde maǵlıwmatlar toplana basladı. Ásirese, Shıǵıstı iyelew siyasatına baylanıslı Qazaqstan dalaları menen birgelikte, Sırdárya boylarında hám Aral átirapında jasawshı xalıqlar haqqında da maǵlıwmatlar payda boldı.

XVIII ásir basında Rossiya imperatorı Petr I dıń baslaması menen Orta Aziya xanlıqları menen óz ara qatnas hám baylanıslardı kúsheytiw maqsetinde jańa jollar izlene baslandı. Rossiya imperatorı Petr I tárepinen 1714-jılı Xiywa xanlıǵına ekspediciya shólkemlestiriw haqqında pármanǵa qol qoyıldı. Ekspediciya Xiywa xanlıǵına jibermesten aldın Petr I tapsırması menen Kaspiy teńiziniń topografiyalıq súwretleri alındı. Ol 1720-

---

[151]Садыков А. Экономические связи Хивы с Россией. –Ташкент. 1965. –С.102

jılı Petrburgte baspadan shıǵarıldı. Bul karta Orta Aziyanı geografiyalıq jaqtan úyreniwde úlken áhmiyetke iye[152]. Bul boyınsha Ámiwdárya hám Sırdárya suwların Kaspiy teńizine alıp barıw múmkin emesligi málim boldı.

1717-jılı knyaz Bekovich-Cherkasskiy basshılıǵında áskeriy ekspediciya Xiywa xanlıǵına jiberiledi. Ekspediciyaǵa júkletilgen tapsırmalardan tiykarǵıları Xiywa xanı menen sóylesiwler alıp barıw, Ámiwdárya boyında «altın qum»lardı anıqlaw hám 1000 adamlıq áskeriy bekinis qurıwdı buyırıladı. Bul áskeriy ekspediciya koloniyalıq siyasattı ámelge asırıwǵa qaratılǵanlıǵı ushın 1717-jılı Xiywa xanı Sherǵazı xan tárepinen qıyratıladı.

Knyaz Bekovich-Cherkasskiy basshılıǵında áskeriy ekspediciya sátsizlikke ushıraǵanına qaramastan XVIII ásirdiń 20-jılları Petr I Shıǵıs ellerine óziniń elshilerin, sawdagerlerin hám jansız agentlerin jiberiwdi dawam etedi. Olarǵa tiykarınan sol jerlerdiń siyasiy, social-ekonomikalıq turmısınan hám kartografiyalıq maǵlıwmatlardı jıynaw wazıypaları tapsırıladı. Solardıń biri Florio Beneveni Sank-Peterburgta «Posolskiy prikaz» mákemesinde xatker bolıp islegen. Soń Buxaraǵa agent etip jiberiledi. F.Beneveni 1718-1725-jılları Moskva, Astraxań, Shemaxa, Xorezm hám Buxara jerlerinde boldı[153]. Ol Buxara hám Xiywa xanları arasındaǵı urıslardı, arallılar hám qaraqalpaqlardıń birgeliktegi Xiywa xanına qarsı gúresi, Shaxtemir sultandı olardıń xanı etip kóteriwge háreketlerin jazıp qaldıradı. F.Beneveni Xiywa xanlıǵınıń Sheyxjálil tawında gúmis rudası káni bar - dep maǵlıwmalar jazıp qaldıradı[154].

I.Kirillov Rossiya hám Xiywa xanlıǵı baylanısları haqqında ilimiy miynetler jazǵan rus alımlarınıń biri. Ol qaraqalpaqlardıń

---

[152] Турганов Б., Утемисов А. Жанубий Оролбўйилари ҳақидаги географик-картографик маълумотлар //“География фани ва уни ўқитишнинг долзарб масалалари” мавзусидаги Республика миқёсида илмий-назарий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. – Б.131-133

[153] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. -Ташкент: Фан, 1988. – С. 67-77.

[154] Турганов Б. Тарихий манбаларда Қорақалпоғистондаги табиий бойликлари ҳақидаги маълумотлар//“География келажакга назар” мавзусидаги Республикалик илмий-амалий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. –Б.41-43.

kóshpeli toparları Ural hám Emba dáryaları boylarında jasaǵanı tuwralı jazadı. 1722-1723-jılları sayaxatshı alım F.İ.Stralenburg Sibir jerlerine baratırıp qaraqalpaqlar ústinen ótken. Onıń kartasında qaraqalpaqlardıń bir topar Emba boylarında jasaǵanı kórsetilgen. Sol dáwirdiń kartasında tiykarǵı qaraqalpaq ordası Sırdáryanıń tómengi aǵısında jaylasqan. I.Kirillov 1733-jılı «Rossiyanıń generallıq karta» sın dúziwge basshılıq etti. Bul kartada qaraqalpaqlar Sırdáryanıń tómengi aǵısında, eki dárya - Quwandárya hám Sırdárya boylarında jasaytuǵınlıǵı kórsetilgen. XVIII ásirdiń 30-jıllarında patsha Rossiyasi Orta Aziya hám Qazaqstan aymaqların úyreniw maqsetınde, ol jerlerdegi xalıqlar menen baylanıslardı bekkemlew ushın elshilik qatnasıqları shólkemlestirildi.

Bul dáwirde Rossiya imperiyasınıń Orta Aziya xanlıqları menen baylanısları barasındaǵı sırtqı siyasatında Orenburg hám Astraxan guberniyaları administraciyası úlken rol atqara baslaǵan. Orenburg hám Astraxan qalaları Orta Aziyalı sawdagerler, elshiler keletuǵın tiykarǵı qalalardan biri edi. XVIII-XIX ásirlerdegi Orenburg guberniyası shıǵıs shegara bajxanasında, Orenburgta dúzilgen elshilik qatnasıqları, sawda isleri boyınsha komissiya hújjetlerinde, sonday-aq sawdagerler, elshiler, biy-aqsaqallar, batır-tarxanlar, xabarshı-sayaxatshılar bayanlamalarında qaraqalpaqlar hám arallı ózbekler haqqında bahalı hújjetler toplanadı.

Rossiya imperiyası chinovnik hám ilimpazlari I.K.Kirillov, V.N.Tatishev, V.D.Chulkov, P.I.Rıchkov hám gubernatorlar Urusov, Neplyuevler tárepinen Sırdárya boyındaǵı qaraqalpaqlar hám arallı ózbekler haqqında izertlew jumısları alıp barıladı.

**Ivan Kirilovich Kirilov** (1695-1735-jıllar). I.K.Kirillov 1695-jıl dindar shańaraǵında tuwıladı. Ol bilimi hám qábileti sebepli tez Rossiya imperiyası Senattıń Ober-sekretarı lawazımına erisedi. Ol XVIII ásirdıń 20-jıllarında Rossiya imperiyası tárepinen alıp barılǵan topografiya-kartografiyalıq islerge basshılıq qıladı. I.Kirillov kartografiyalıq derekler tiykarında «Generalnaya karta» hám «Ulıwma Rossiya imperiyası karta»ların islep shıǵadı. Usı kartalarda kóplep xalıqlar qatarında XVIII ásir basındaǵı qaraqalpaqlardıń da geografiyalıq jaylasıwı

haqqında maǵlıwmatlar berilgen. I.K.Kirilov V.N.Tatishev arxivindaǵı hám basqa derekler tiykarında «Pútkil Rossiya mámleketiniń gúllep-jasnawı» atamasındaǵı monografiyasın jazǵan[155]. Geypara maǵlıwmatlar boyınsha, I.K.Kirilov qoljazba islerin 1727-jılı juwmaqlaǵan. Shıǵarmada Astraxan, Qazan guberniyalarında jasawshı qaraqalpaqlar, 1723-jılǵı junǵarlardıń basqınshılıq júrisleri, qaraqalpaq xalqınıń «tómengi» hám «joqarı» qaraqalpaqlarǵa ajıralıp ketiwi, social–ekonomikalıq, siyasiy turmısı, jańa aymaqlarǵa kóship ótiwi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen.

Qazaq hám qaraqalpaqlar Rossiya puqaralıǵın qabıl qılǵannan soń Rossiya imperiyası Túrkstan úlkesiniń geografiyası, jer sharayatı, xalıqlardıń sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq turmısın, mádeniyatın úyreniw ushın qolaylı imkaniyat jaratıladı. Ásirese, Orta Aziya, Qazaqstan hám Sibir úlkelerine jiberilgen ekspediciyalar tárepinen úlken áhmiyetke iye maǵlıwmatlar jıynaladı. Bunday ekspediciyalardan biri Orenburg ekspediciyası bolıp, ekspediciya 1734-jılı Senattıń Ober-sekretari I.Kirilov joybarı boyınsha dúzilgen edi. Ekspediciya joybarı patsha ayım Anna Ivanovna maqtawına ılayıqlı bolǵan. Ekspediciya joybarında Orenburg úlkesi hám onıń dógeregindegi aymaqlardıń ekonomikalıq, sociallıq-siyasiy turmısı, tariyxı, mádeniyatı, jer astı hám usti baylıqları, haywanat dúńyasın úyreniw, kartografiyalıq súwretke alıw hám basqa kóplep wazıypalar qoyılǵan edi.

Onıń «Pútkil Rossiya mámleketiniń gúllep-jasnawı» shıǵarması Orta Aziya, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqınıń tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Jasırın mámleketlik maslahatshi Ivan Kirilov sahra xalıqları watanı, úrp-ádetleri, merasimleri, dástúriy baylıqları haqqında arxivlerden, Rossiyaǵa kelgen elshi hám sawdagerlerden toplanǵan maǵlıwmatları tiykarında hákimshilik basqarıw forması boyınsha joybar islep shıǵadı.

[155] Пискунова И.В. Сырдарьинские Каракалпаки и Россия в XVIII веке. // Вестник ККО РУз. 1993. № 3.– С.57-59.

Usı joybar «Qırǵız-qaysaq (qazaq) hám qaraqalpaq ordası haqqında xabarlar» dep ataladı. Joybarda Or dáryası boyında jańa qala qurıw zárúrligi kórsetiledi. Usı qala Qazaqstan, Orta Aziya, Shıǵıs Túrkstan, qaraqalpaqlar menen ekonomikalıq hám siyasiy-mádeniy baylanıslardı kúsheytiwde úlken áhmiyetke iye ekenligi atap ótiledi. Bul joybarda Qırǵız-qaysaq ordasınıń hesh kimge ǵárezli emesligi, olar áskeriy hám xalıqlıq toparlar bolıp ekige ajıralıwı, Kishi Júz qazaq xanlıǵı Abulxayırxan ulısiniń 1731-jılı Rossiya puqarası bolǵanlıǵı, olardıń batıs bóliminde qaraqalpaq xalqı jaylasqanlıǵı hám olar da 1732-jılı imperator xanımnıń qorǵawına ótkenligi haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

I.Kirilov qaraqalpaqlardı Rossiya tárepine awdırıp alıw ekonomikalıq tárepten Rossiya mámleketi ushın payda keltiriwi haqqında jazadı[156]. Qaraqalpaqlar diyqanshılıq menen shuǵıllanadı, olarda biyday, arpa, tarı, júweri usaǵan danlı eginler bar, olardı qazaqlarga satadı, qoy, eshki basqa sharwa mallarına almastıradı. Qaraqalpaqlar qol ónermentshiligi hám sawdagershilik isleri menen de shuǵıllanadı.

Qaraqalpaqlar Aral teńizine jaqın jerde Sırdárya boylarında rus sawda kárwanları ushın bandargah qurıw ushın qolaylı jerde jasaydı, ol jer arqalı Novgorodtan Buxaraǵa hámde Badaxshannan Hindstanǵa sawda jolın ashıw múmkin. Usı hújjette jáne tómendegi siyasiy-áskeriy maqsetler názerde tutılǵan, Rossiya imperiyasınıń Orta Aziyanı basıp alıw haqqındaǵı sońǵı rejelerinde qaraqalpaqlardan járdem alıw názerde tutılǵan. Bul haqqında I.Kirilov joybarınıń tómendegi qatarlarında aytıladı: «Ruslardıń keyingi júrisleri ushın imkaniyat bolıp, onda qaraqalpaq xalqı qansha kerek bolsa sonsha azıq-awqat tayarlap beriwi múmkin, tek ǵana aldınnan xan menen bahasın kelisip hám qansha muǵdarda azıq-awqat kerek ekenligin biliw jeterli. Bunnan tısqarı, xan Sırdáryadan zárúr muǵdardaǵı kemelerde Buxara hám onnan joqarı jerlerge ruslardı alıp barıw ushın óz adamları qaraqalpaqlardı beriwden bas tartpaydı».

---

[156] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Ташкент: Фан, 1968. –С. 36-37.

**Vasiliy Nikitovich Tatishev** (1686-1750 jıllar) - tanıqlı tariyxshısı hám mámleketlik ǵayratker. Ol saxra hám Orta Aziya xalıqları haqqında kóplep tariyxıy maǵlıwmatlar jazıp qaldırǵan. V.N.Tatishev 1737-1739 jıllarda Orenburg ekspediciyası basshısı, 1741-1745 jıllarda Astraxan guberniyası gubernatorı lawazımında isleydi. Ol xızmet wazıypası dawamında saxra xalıqları, sonday-aq, qaraqalpaqlar menen ushırasıp, olar haqqındaǵı maǵlıwmatlar toplawǵa erisedi. Bulardan tısqarı, jazba derekler, hár túrli hújjetler arqalı sahra xalıqları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jıynaydı. V.N.Tatishev pikirinshe, «Úlken sızılma kitabında» Rossiya shegarasınan tısqarıdaǵı xalıqlar, yaǵnıy Aral teńizi oazisi hám Buxara xanlıǵıdaǵı xalıqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen[157].

V.N.Tatishevtıń jeti tomlı «Rossiya tariyxı» shıǵarmasında «qara bórkliler» («чёрные клобуки») haqqında aytıp, olar bir neshe qáwimnen turıwın, olardı geypara avtorlar túrkler, geyparaları pechenegler, basqaları bolsa xazarlar yamasa berendeylar dep atalıwı haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Torchesk «qara bórkliler» qalası bolıp, olardıń qáwimlesleri berendeylar esaplanǵan. Xazarlar, túrkler, berendeylar pecheneglar qáwimleri awqamı «qara bórkliler» dep atalǵan.

Onıń «Rossiyanıń tariyxıy-geografiyalıq hám puqaralıq leksikonı» shıǵarmasında Sırdárya boyı hám Aral teńizi átirapındaǵı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar berilgen[158]. Aral teńizi jaqınında qaraqalpaqlar, arallılar, xiywalıqlar hám túrkmenler jasaydı, olarǵa ayırım waqıtları qazaqlar jaqınlasadı. Ol jerde suw duzlı, balıq kop.

Qaraqalpaqlar tatar (turkiy-B.T.) xalıq bolıp, olardıń ataması milliy bas kiyimi bolǵan qara qalpaq sózinen kelip shıqqan, olar Sırdáryanıń arqa aǵısınan Aral teńizi hám arallılarǵa shekemgi bolǵan aymaqlardaǵı awıllarda jasaydı. Olardıń geyparaları qubla tárepke kóship júredi, olar balıq hám jabayı quslardı awlaydı. Olar

---

[157] Татищев В.Н. История Российская. Том. VII. -М.,Л., 1968. – С. 98, 107.

[158] Татищев В.Н. Лексикон Российской исторической, географической, политической и гражданской. СПб 1793, ч. III; Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. -Ташкент: Фан, 1988. – С. 91,94.

sharwashılıq penen de shuǵıllanadı. Xalıq urıslardan tısqarı, qazaqlar júzleri qáwipiniń kúsheyiwi sebepli 1740-jılda Rossiya imperiyası puqarası bolıwı haqqında ant ishedi.

**Mixail Dmitrievich Chulkov** (1743-1792-jıllar)- mámleketlik ǵayratker hám tariyxshı alım. Onıń V.N.Tatishevdan ózgesheligi ol hesh qashan sahradaǵı kóshpelilerge shegaralas aymaqlarda islemegen. M.D.Chulkov XVIII ásirdegi rus-qaraqalpaq múnásibetleri haqqında tereń maǵlıwmatlar beredi. Ol óz jumısın teatrda aktyor bolıwdan baslaydı. 1772-jılda M.D.Chulkov Senattıń kommerc-kollegiyasında xatker lawazımında islegen. Onıń jeti tomlıq «Rossiya sawdası tariyxın klassifikaciyalaw» atlı shıǵarmasınıń ekinshi kitabı Rossiya imperiyasınıń Orenburg qalası arqalı sahradaǵı kóshpeli xalıqlar, Xiywa hám Buxara qalaları menen alıp barılatuǵın sawda-satıq islerin jarıtıwǵa arnalǵan[159].

Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń jaylasıw órnı, sociallıq-siyasiy, ekonomikalıq jaǵdayı, sawda-satıq hám elshilik múnásibetleri, tariyxıy shaxslardıń xızmetleri, qaraqalpaqlardıń Rossiya puqaralıǵına ótiwindegi siyasıy hám tariyxıy jaǵday haqqında maǵlıwmatlar qaldırǵan.

Aral teńizinen kemelerde qaraqalpaqlar hám arallılar jasaytuǵın jerge barıwǵa boladı. Teńizteń shıǵıp Ulu-dárya (Ámiwdárya) boyında háreketlenip Xiywa hám Buxaraǵa shekem, hátte onnan keyin da kemelerde súziw múmkin. Qaraqalpaqlarǵa Aral teńizin aylanıp ótip barıwǵa da boladı. 1734-jılı 10-iyunda patsha ayım Anna Ivanovna qaraqalpaq xalqın puqaralıqqa qabıl qılǵanlıq haqqında «Jarlıq» bergen. Onıń «Rossiya sawdası tariyxın klassifkaciyalaw» shıǵarmasında XVIII ásir 40-jıllarındaǵı qaraqalpaqlar hám Rossiya mámleketi múnásibetleriniń nátiyjeleri boyınsha maǵlıwmatlar berilgen[160].

«Qaraqalpaqlar ekige ajıralıp jasaydı. Joqarı hám tómengi qaraqalpaqlar, joqarı qaraqalpaqlar jonǵarlar qol astında bolıp,

---

[159] Чулков М. Историческое описание Российской коммерций. -Москва, 1785. Том.2. Кн.3.

[160] Юсупов О.Ж. Рус алымлары қарақалпақ ҳәм рус қатнасықлары ҳаққында // УзССР ҚҚФ «Хабаршысы» 1988. №2.

olardıń turar jerleri, mákanları jonǵarlar hákimliginen uzaq emes»-dep kórsetilgen.

M.Chulkov bul shıǵarmanı jazıwda M.Tevkelev, D.Gladıshev sayaxatları, sonday-aq P.Rıchkovtıń «Orenburg tariyxi» (1759 jıl) hám «Orenburg topografiyası» shıǵarmalarındaǵı qaraqalpaqlarǵa tiyisli maǵlıwmatlardan paydalanılǵan.

**Petr Ivanovich Rıchkov** (1712-1777-jıllar) -Orenburg ekspediciyası aǵzalarınan biri esaplanadı. 1759-jılda Peterburg Ilimler Akademiyasi xabarshı - aǵzası boladı. Orta Aziya xalıqlarınıń XVIII ásir birinshi yarımındaǵı tariyxın úyreniwde P.Rıchkov shıǵarmalarındaǵı maǵlıwmatlar úlken áhmiyetke iye[161].

P.Rıchkov turmısı Orenburg qalası menen baylanıslı bolǵan. Onı óz zamanında «Orenburg Lamanosovı» dep ataǵan. Ol Orenburgta jasap, Orta Aziyalı sawdager, elshi hám ápiwayı adamlardan maǵlıwmatlar jıynaydı. XVIII-XIX ásirlerdegi Rossiyanıń ullı mádeniyat iskerleri N.I.Novikov, N.M.Karamzin, A.S.Pushkinler P.I.Rıchkovtıń ilimiy iskerligin joqarı bahalaydı.

Onıń «Orenburg kommisiyasi dáslepki jaǵdayı haqqındaǵı maǵlıwmatlar» (Известия о начале и состояний Оренбургской комиссий) shıǵarması Orenburg ekspediciyası shólkemlesken waqıttan baslap 1744-jılǵa shekemgi dáwirdegi tariyxıy waqıyalarǵa arnalǵan. Usı shıǵarmasınıń jaratılıwı Orenburg tariyxı hám geografiyası boyınsha basqa da shıǵarmalar jazıwǵa túrtki boldı.

P.I.Rıchkovtıń «Orenburg tariyxı» hám «Orenburg topografiyası» shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqı tariyxı, onıń qońsı xalıqlar menen óz ara múnásibetleri tálqılanǵan[162]. Ol qaraqalpaqlar aymaǵında bolǵan adamlar menen sáwbetlesip, olardıń maǵlıwmatları hám gúrrińlerinen óz shıǵarmalarında paydalanadı.

P.Rıchkov shıǵarmaların jazıwda áyyemgi xalıqlar qoljazba shıǵarmaların úyrenedi. Onıń «Orenburg topografiyası» shıǵarmasında, «Tatar (túrkiy xalıqlar) kitaplarında qaraqalpaqlar Jańadárya boylarına Volga, Bulgar tawları arqalı kirip kelgen,

[161] Турганов Б, Мадреимов Ф. П.Рычков мийнетлери Қарақалпақстан тарийхынан дерек сыпатында. –Б.186-188.

[162] [Рычков П]. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. Часть 1.– С.24-25, 158-161,171-176, 225-226.

áyyemgi mákanın saǵınıp, qara bas kiyim kiygen hám sol sebepli qaraqalpaq dep atalǵan» dep jazadı [163].

**Arallılar haqqında maǵlıwmat.** Arallılar yamasa arallı ózbekler kem sanlı xalıq bolıp, Aral teńiziniń Shıǵısında jaylasqan. Ol xalıq haqqındaǵı maǵlıwmatlar Senattıń másláhátshısi Kirilovǵa tiyisli bolıp, aldıńǵı dáwirde olar Xiywa xanlıǵı puqarası bolǵan, jaqında ajıralıp ózlerine Xiywa xanlarınan xan saylaydı. Qashan xiywalılar haqıyqıy xanların qazaq sultanlarınan saylansa, arallılar ózlerine Xiywa xanlarınan miyrasqor izleydi, ózleri kúshsiz, 5 mıńlıq ásker de jıynay almaydı. Óz húkimdarlıǵın ámelge asırıw ushın arallılarǵa házirgi waqıtta qazaq sultanları xanlıq qıladı. Jaqında Kishi Júz xanı Abulxayırtıń úlken balası Nuralı sultan[164] bir qansha waqıt arallılarǵa xanlıq qıladı. Ol 1749-jılı atasınıń ornına xan bolıp tayınlandı. Ol jerlerde aytıwınsha, altın rudası bar, biraq olar hesh qashan altındı qayta islemeydi, sebebi olar qayta islewdi bilmeydi. Ol xalıq tatar (túrkiy) tilinde túrkmen dialektinde sóyleydi. Jazda diyqanshılıq qıladı hám kóshedi, qısta bolsa qara úy hám jertólelerde jasaydı. Sırdáryanıń ekinshi tárepinde, yaǵnıy Aral teńizi jaqınındaǵı atawda olardıń «Aral» dep atalıwshı qalası bar[165] .

Arallı ózbeklerge xiywalıqlar hám túrkmenlar basqınshılıqlar shólkemlestirip turadı. Sońǵı maǵlıwmatlar boyınsha, tómengi qaraqalpaqlardıń úlken bólimi, azlı-kem qazaqlar hám arallılar menen birgelikte jasap atır. Aral teńizi boyındaǵı jerlerge barǵan adamlar olardıń túrmısi haqqında jazıp qaldırǵan.

**Qaraqalpaqlar.** Bul xalıq eki bólekke ajıralǵan, yaǵnıy joqarı va tómengi qaraqalpaqlar. Tómengi qaraqalpaqlar Rossiya imperiyası puqarası bolıw ushın ant qabıl qılǵan, olar qazaqlarǵa jaqın Quwandárya[166] boyında Aral teńizine, sonday-aq Orenburg qalasına jaqın jerde jasaydı[167]. Orenburg guberniyası mekemesi

[163] [Рычков П]. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. Часть 1.– С.24-25.
[164] 1740–1749 jillarda arallı ózbeklerge xanlıq qilǵan.
[165] [Рычков П]. Топография Оренбургская. –СПб.,1762. Часть 1.– С.24-25.
[166] Quwandárya-Sırdariyanıń tómengi jaǵınan suw alǵan anǵarlarinan biri bólıp Aral tenizine quyǵan..
[167] Рычков П. Топография Оренбургская.–СПб., 1762. Часть 1.– С.25-26.

xızmetkerleri dáslep basında bul xalıqtı bir xalıq dep oylaǵan. Joqarı qaraqalpaqlar Sırdáryanıń Aral teńizine quyarlıq jerinen Tashkentke shekemgi aralıqta jaylasqan. Olarda azıq-awqat ónimleri oǵada kóp bolıp diyqanshılıq hám iri shaqlı qara mallardı baǵıw menen shuǵıllanadı. Qaraqalpaqlar qara úylerde jasap, jazda jaylawma-jaylaw kóship júredi. Olardıń óz xanları bolsa da olar hesh qanday kúsh-qúdiretke iye emes, xojaları (diniy jol basshı –T.B.) bolsa úlken kúshke iye bolıp, olardı kóplep shákirtleri moyınlaydı. Joqarı qaraqalpaqlar kem sanlı emes, bul xalıq urıstı jaqsı kórmeydi, kóbirek diyqanshılıq penen shuǵıllanadı. Qazaqlar tómengi qaraqalpaqlardı házirgi jerlerinen quwıp shıǵarıp awır jaǵdayǵa salıp qoydı. Joqarı qaraqalpaqlar jonǵar mámleketi qol astına ótip Túrkistan hám Tashkentke jaqın jerlerde jasaydı.

**Qaraqalpaqlardıń siyasiy jaǵdayı.** Qaraqalpaq xalqı ayanıshlı jaǵdayda, qazaqlar menen óz ara múnásibetlerin anıqlastırıwdı talap qıladı. Olar Rossiya puqaralıǵın qabıl qılǵannan soń qazaqlar menen múnásibetleri keskinlesdi. Házirde bul isler Orenburg guberniyasına tiyisli bolsa da hesh qanday ilaj kórilmedi. Bul jaǵday usı xalıqtıń Aral teńizi átirapındaǵı jerlerge kóship barıwın talap etpekte [168].

Senat keńesshisi I.Kirilov polkovnik M.Tevkelevdi qaraqalpaqlarǵa jarlıq penen jeberilgende bir-birinen ajıralmaǵan edi. Basında olar eki bólekke ajıralǵan bolsa da, jarlıqta pútkil bir pútin xalıq atınan «Biz qaraqalpaq xanı Ǵayıpxan[169] puqaralarımız, xoja, shayıx, biy, batır, aqsaqal hám pútkil qaraqalpaqlar aǵla háziretleri imperator puqarası bolıwǵa qayılmız» dep kórsetilgen.

M.Tevkelev qazaqlar ordasındaǵı hár bir biyge óz qolı menen imza qóydırǵan edi. 1741-jılda qazaqlar ordası Abulxayırxanǵa Orenburg polki poruchigi D.Gladıshev jiberiledi, ol jerden 1742-jılı aprelinde qaytadı. Onıń aytıwınsha, xan Sırdárya hám Adam-ata aralıǵında kóship júredi. Ol jerdegi qaraqalpaq aqsaqalları:

---

[168] Рычков П. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. –С.158-161.

[169] Ishim Muxammed Baxadirxanniń ulı, XVIII ásir 40-jıllarındaǵi qaraqalpaqlar xanı.

1). Abdulla. 2). Murat shayıx balası menen 3). Orazaq batır. 4). Toqımbet biy. 5) Ubeley sultan. 6). Xoja Merzen, onıń menen úsh xoja.

D.Gladıshevǵa daǵaza qıladı. Bizler pútkil tómengi qaraqalpaq xalqı 30 mıń qara úy Rossiya imperiyası turaqlı puqarası bolıw ushın ant qabıl qıladı. Abulxayırxan jawızlıǵı sebepli qaraqalpaqlar Abulxayırxan túyekeshlerine qısqı azıq bermey, xan adamların aydap salǵan, olar bizler de qazaqlar usap Rossiya puqarasımız dep narazılıq bildirgen. Buǵan Abulxayırxan ashıwlanıp jawızlıq penen qaraqalpaqlardı talap ketedi.

Qazaq xanı basqınshılıǵınıń sebeblerinen jáne biri qaraqalpaqlar jolbasshısı, aqsaqalı bolǵan Murat Shayıxtıń balası Xalpet Shayıx Orenburqa barıp ruslar menen sóylesiwler alıp barǵan. Bunnan Abulxayırxan xabar tawıp Xalpet Shayıx Rossiya mámleketi menen awqam dúziwi hám Kishi Júz qazaq xanlıǵın basıp alıwı múmkin dep, gúmanlanǵan hám sonnan soń qaraqalpaqlar ústine basqınshılıq júrislerin shólkemlestirgen.

Bul xalıqtıń tariyxı tatar kitaplarında jazılıwınsha, olar dáslep Góne Úrgenish yamasa Xiywada, Sırdáryanıń tómengi aǵısında qolaylı jerge jaylasadı. Bul jer quyashlı úlke, olar hámme jerde, ásirese, dem alatuǵın jerlerde de erkek hám hayalları basınan qara qalpaqtı sheshpeydi, sol sebepli qaraqalpaq dep atalǵan.

Orenburgqa kelgen Murat Shayıx balası Xalpet Shayıx atası Murat Shayıxtıń eske túsiriwleri haqqında aytıp bergende, áyyemgi waqıtta olar (qaraqalpaqlar) Rossiya aymaǵındaǵı Volga dáryası boyı, Astraxan hám Qazan xanlıqları aymaqlarında kóship júrgen. Bul jerden olar bunnan 270 jıl burın Rossiya armiyası atlanısları sebepli dáslep Buxara tárepke, soń Aral teńizi átirapı, Sırdáryanıń tómengi eski anǵarı quyarlıǵındaǵı Jańakent qalasına hám Quwan dárya[170] boylarına jaylasqan[171].

Qaraqalpaqlardıń tili qazaq hám shegaradaǵı basqa xalıqlarǵa uqsap túrkiy tilles bolıp, Muxammed payǵambar tiykar salǵan islam dinine isenedi, diniy tárepten sawatlı ruwxanıylar hám

[170] Quwandárya-Sırdarıyaniń tómengi jaǵinan suw alǵan anǵarlarınan biri.
[171] Рычков П. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. –С.173-175.

bilimli adamlar oǵada kóp. Olar Muxammed payǵambar nızamların jaqsı biledi, islam dini qaǵıydalarınıń qollanılıwı qazaqlarǵa salıstırǵanda bekkem hám qatań qollanıladı. Sonıń ushın olarda xojalar kóp bolıp, qaraqalpaqlar Muxammed payǵambar úmmetleri hám shákirtlerin húrmet qıladı. Olardıń tiykarǵı azıq-awqatları diyqanshılıq ónimleri esaplanadı. Sonday-aq, olar sharwashılıq penen de shuǵıllanadı, olarda atlar jeterli emes, kerisinshe, iri shaqlı qara mallar kóp, olar ózlerinde, qorǵan, shegara aymaqlarda hám kóbirek Xiywa xanlıǵı qalalarına barıp sharwa malların satadı. Qazaqlar olardan porox, oq-dári hám qural satıp aladı, olardıń barlıǵın olar ózleri isleydi, ózlerin olardan qorǵaydı. Olardıń topıraqtan qurılǵan qorǵan qalaları bolıp, olardı dushpan basqınshılıqlarınan qorǵaydı. Qısta Aral teńizi dógeregindegi qamıslıqlarǵa ketedi. Olar áskeriy xalıq emes, al tınıshlıq suyıwshı, atap ótkenimizdey: geypara waqıtları bolıp turatuǵın basqınshılıqlarǵa da shıdam beredi. Házirgi waqıtta olar bul jaǵdaydan toyǵan bolıp, mıńǵa jaqını qazaqlar atlanısınan nárazı bolıp basqa aymaqlarǵa kóship ótken, basqaları usı jerlerde bólek-bólek qara úylerde jasaydı[172].

**Rus shıǵıstanıwshı alımları.** Orta Aziya xalıqlarınıń tariyxın izertlew rus shıǵıstanıw iliminde XVI-XVIII ásirlerden baslanadı hám XIX ásirde rawajlanadi. Shıǵıstanıwshı ilimpazlardan V.V.Bartold, A.N.Kononov, B.V.Kononov, B.V.Lunin hám basqalar rus shıǵıstanıw iliminiń ilim sıpatında qáliplesiwin Petr I dáwirine jatqaradı[173].

Rossiya imperiyasında dáslep Shıǵıs tillerin úyreniw Petr I dáwirinde joqarı qatlam wákilleri mekteplerinde baslanadı. Ol Rossiyanıń Shıǵısdaǵı máplerin de itibardan shette qaldırmadi. Petr I 1702-jılı 16-aprelinde paytaxtta jasaytuǵın rus puqaralarınıń shıǵıs tillerin úyreniwleri haqqında párman shıǵaradı hám bunıń ushın shet elden qánigeler hám muǵallimlerdı mirat etti.

[172] Рычков П. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. –С.176.

[173] Лунин Б.В. Средней Азия в дореволюционное и советское востоковедение. –Т.: Фан. 1965. –Б.26-28.

Ásirese, XIX ásir basında Rossiyanıń Shıǵıstı iyelew siyasatında joqarı oqıw órınlarındaǵı Shıǵıstanıw fakultetleri xızmeti úlken áhmiyetke iye boldı. 1807-jılı shólkemlestirilgen Qazan universitetinde Shıǵıs tillerı hám tariyxı menen shuǵıllanatuǵın qánigelerdı tayarlawǵa ayrıqsha itibar qaratıladı[174]. Usı universitette Shıǵıs tilleri boyınsha qánigeler tayarlaytuǵın dáslepki kafedra ashıladı. Onda arab tili, soń parsı tili hám basqa da Shıǵıs tilleri oqıtıladı. Shıǵıs tilleri boyınsha qánigeler 1811-jıldan Moskva universitetinde, 1819-jıldan bolsa Peterburg universitetinde tayarlanıp baslanadı. 1854-jılı Peterburg universitetinde Shıǵıstanıw fakultetinıń ashılıwı Shıǵıs xalıqları, sonday-aq, Orta Aziya xalıqlarnıń áyyemgi hám bay tariyxı, mádeniyatın úyreniwde, onı Rossiya jámiyetshiligine tanıstırıwda úlken áhmiyetke iye boldı.

Usı universitette P.S.Savelev, N.V.Xanıkov, V.V.Grigorev, V.V.Velyaminov-Zernov, N.İ.Veselovskiy, V.V.Bartold hám basqa da kóplep shıǵıstanıwshı qánigeler pitkerip shıǵadı.

Olardan V.V.Grigorev XIX ásir birinshi yarımındaǵı Orta Aziya xalıqlarınıń bay tariyxı hám mádeniyatın úyreniw boyınsha kóplep izertlewler alıp barǵan alımlardan biri. Ol 1836-jılı Peterburg universiteti Shıǵıstanıw bólimin juwmaqlaǵannan soń Orenburg qalasında isleydi. Onnan soń shegara komissiyasınıń baslıǵı wazıypasına tayınlanadı. Ol Orenburg qalası átirapında jasawshı xalıqlar túrmısı menen qızıǵadı. Sonday-aq, ol numizmatika máseleleri menen shuǵullanadı. Ol sol dáwirdegı kóplep teńgelerdi úyrenedi, ásirese, Peterburg hám Qazan universitetleri, Rossiya ılimler Akademiyasında saqlanıp atırǵan numizmatika kollekciyaların jıynaydı, olardı tariyxıy derek sıpatında úyrenedi.

V.V.Grigorev Rossiyanıń Orta Aziyaǵa áskeriy júrislerinde qatnasadı. XIX ásir 60-jıllarına shekem Orta Aziyadaǵı bir qatar wálayatlar Rossiya tárepinen basıp alınadı. 1867-jılǵa kelip Túrkistan general-gubernatorlıǵı shólkemlestiriledi. Bul dáwirge kelip Rossiya imperiyasınıń Xiywa xanlıǵına qızıǵıwshılıǵı kúsheyedi.

[174] Саидкулов Т. Ўрта Осиё халқлари тарихининг тарихшунослигидан лавҳалар. –Т.: 1993. –Б.102-121.

Xiywa xanlıǵın hár tárepleme úyreniw boyınsha keń kólemde ilimiy izertlewler alıp barıladı.

V.V.Grigorevtıń «Xiywa xanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar hám onnan Saraychik qorǵanına baratuǵın jol» atlı shıǵarması Xiywa xanlıǵın úyreniwge qaratılǵan izertlewlerden biri esaplanadı[175]. Shıǵarmada Xiywa xanlıǵı haqqındaǵı tereń maǵlıwmatlar menen bir qatarda, qaraqalpaqlar, olardıń xalqı sanı, qalaları, xanlıqtaǵı basqa xalıqlar menen óz ara múnásibetleri hám Rossiyanıń Xiywaǵa Ústirt plotası boylap júretuǵın jol bándirgileri haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen.

N.İ.Veselovskiy (1848-1918-jıllar) V.V.Grigorevtıń shákirti hám dawamshısı. Ol 1867-jılda Vologda gimnaziyanı juwmaqlaǵannan soń bir jıl oqıwǵa tayarlanadı. 1869-jılda Sankt-Peterberg universiteti Shıǵıs tilleri fakultetiniń arab-parsı-turk-tatar tilleri bólimine oqıwǵa kiredi. Universitetdı 1873-jılda juwmaqlaǵannan soń ilimiy izertlew islerin dawam ettiriw ushın fakultette islep qaladı. N.İ.Veselovskiy 1877-jılda «Xiywa xanlıǵı haqqında tariyxıy-geografiyalıq ocherkler» atamasındaǵı dissertaciyasın qorǵap shıǵıp magistrlik ilimiy dárejesin aladı.

Ol óz miynetiń jazıwda rus elshi hám sayaxatshılarınıń Xiywa xanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlarınan, Mirxand, Ibn Al-Asir usaǵan shıǵıs avtorları shıǵarmalarınan derek sıpatında paydalanadı. Shıǵarmada Xiywa xanlıǵında XVI ásirden baslap Rossiya basqınshılıǵına shekemgi dáwirde júz bergen waqıyalardı tariyxıy izshillik tiykarında jarıtıp beriwge háreket qılınǵan. Onıń «Xiywa xanlıǵı haqqında tariyxıy-geografiyalıq ocherkler» shıǵarmasında qaraqalpaqlar hám arallı ózbekler tariyxı, qalaları, sociallıq dúzimi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen[176].

N.Veselovskiy maǵlıwmatlardı jarıtıwda P.Rıchkov, I.Kirilov, D.Gladıshev hám rus geografiyalıq jámiyeti tárepinen toplanǵan dereklerden keń túrde paydalanıladı hám ayırımları qaytalanadı.

---

[175] Григорьев В.В. Описание Хивинского ханства и дороги туда из Сарайчиковской крепости //Записки ИРГО. – СПб., 1861. Кн. 2. – С. 105-138.

[176] Веселовский Н. Очерки историко-географических сведении о Хивинском ханстве от древнейших времен до настоящего. СПб., 1877 // Туркестанский сборник. Том. 156. – С. 364-388.

Olardan geyparalarin keltirip ótemiz. I.Kirilov hám P.Rıchkov maǵlıwmatları boyınsha, Aral wálayatı tolıq ǵárezsizlikke iye, olar aldınǵı waqıtta Xiywa xanlıǵı puqarası bolǵan. Biraq, jaqında olar Xiywa xanlıǵınan óz aldına ajıralıp shıǵıp ózlerine Xiywa xanlarınan xan saylaydı. Arallılar ózlerine Xiywa xanı áwladlarınan xan qoyǵan, olar áskeriy tárepten kúshsiz bolıp, hátteki 5 mıń adamlıq armiya da toplay almaydı. Házirgi waqıtta arallılar qırǵız (qazaq) sultanlarınan xanlar tayınlaydı. Jaqında Kishi júz xanı Abulxayırxannıń úlken balası bir qansha waqıt arallılarǵa xanlıq qıladı.

Aral wálayatı xalqı tórt tóbe, 32 urıwǵa ajıraladı. Olardıń eki qalası bolıp, olardı biy hám aqsaqallar basqaradı.

1. Mańǵıt urıwı qalası Shaxtemir, onda aqsaqallar Berdali-biy, Artiq-biy, Seytalı-biy, Qorazalı-biy;

2. Qońırat urıwı basqa qalada bolıp, onıń aqsaqalları Berdali biy, Beknazar biy, Balta Atalıq, Raxmanqulı biy, Áwez inaq.

3. Qıpshaq urıwı aqsaqalları: Orazalı qusbegi hám Pirim Atalıq.

4. Xoja urıwı aqsaqalları: Xatib-xoja, Mirza biy.

Demek, XVIII-XIX ásirlerdegi shıǵıstanıw ilimindegi jetiskenliklerdi esapqa alıp rus dereklerindegi qaraqalpaqlar haqqındaǵı maǵliwmatlardı jáne de tereń úyreniwdi dawam ettiriwimiz lazım.

# IV BAP. PATSHA ROSSIYASÍNÍŃ KOLONIYASHÍLÍQ DÁWIRDEGI TARIYXÍY-ETNOGRAFIYALÍQ IZERTLEWLERI

Rossiya imperiyası tárepinen Xiywa xanlıǵı basıp alınǵannan soń úlkeni hár tárepten ózlestiriw maqsetinde ekonomikalıq, siyasiy, áskeriy-statistikalıq, mádeniy hám basqa da tarawlarda keń kólemdegi ilimiy izertlew isleri alıp barıw jolǵa qoyıldı. Atap aytqanda, 1874-jıldan rus armiyası quramındaǵı áskeriy qánigelerden úlkeni úyreniwshi arnawlı «Ámiwdárya ilimiy ekspediciyası» shólkemlestirilgen edi. Usı ilimiy ekspediciyaǵa polkovnik N.G.Stóletov basshılıq qıladı. Ámiwdárya ekspediciyası aǵzaları tárepinen Ámiwdárya deltası aymaqların áskeriy topografiyalıq tárepten kartaǵa túsiredi. Aymaqta jasawshı etnoslardıń etnografiyalıq jaylasıwı úyreniledi, urıw-qáwimlerdiń dúzilisi, xojalıq turmısı, materiallıq mádeniyatı, etnofolklorlıq (ápsanalar, muzıkalar) shıǵarmaları izertlenedi[177].

Ekspediciyada etnografiyalıq statistikalıq bólimge L.N.Sobolev, Riza–Kuli Mirza, N.N.Karazin, úlkeni tariyxıy-etnografiyalıq tárepten úyreniw ushın A.V.Kaulbars, A.Kun, tábiyatı hám ekologiyasın izertlew ushın N.A.Severcov, haywanatlar dúńyasın úyreniw ushın M.N.Bogdanov, ósimlikler dúńyasın úyreniw ushın I.I.Krauze hám basqa tarawlarda qánigeler izertlew jumısların alıp baradı[178].

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzalarınan L.Sobolevtıń «Ámiwdárya ekspediciyası haqqında xatlar» («Письмо об Амударьинской экспедиций») shıǵarmasında XIX ásirdıń 70-jıllarındaǵı qaraqalpaqlardıń túrmıs tárizi, olardıń ótmishtegi ataması menen baylanıslı gúrrinler, tómengi Ámiwdárya oazisine

---

[177] Обзор русских путешествии и экспедиции в Среднюю Азию. Часть 3, 1869-1880 гг. – Ташкент. 1962.– С.37.

[178] Турганов Б. XIX–XX әсир басындағы Қарақалпақстан тәбийий ресурсларын изертлеў тарийхынан // Жанубий Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари // мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 2-қисм. – Б.231-233.

jaylasıwı, Shımbay qalası tariyxı haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Maǵlıwmatlardıń geyparaları ápsana hám rawayat túrinde, basqaları sol dáwir adamlarınıń kórgen waqıyaları, gúrińlerinen ibarat.

L.Sobolev tárepinen «Русский инвалид» gazetasına bir qatar maqalalar járiyalanǵan. Olarda Ámiwdárya boyındaǵı qaraqalpaqlar, Aral wálayatı, xojalıq turmısı, «Aq-qala» qorǵan qalası hám basqa da tariyxıy-etnografiyalıq maǵlıwmatlar járiyalandı[179]. Onıń «Русский инвалид» gazetasına jazǵan maqalasında: qaraqalpaqlardıń antropologiyalıq kelbeti, túr-túsi qazaq, ózbek, túrkmenlerden ajıralip turadı, qaraqalpaqlardıń bas kiyimi–malaqay, shógirme, qurash, dúgeley dep atalıp qoy terisinen tigiledi. Qaraqalpaqlar Ámiwdárya alabına qashan, qay jerden kóship kelgen – degen sorawdı dilmashlar arqalı kekse kisilerden soraǵan. Shımbayda úsh molla-qazı kelip olar ata-babaları Sırdárya boylarınan kelgenligin aytqan. Shımbay qalasınıń ornında burın «Shaxtemir» atlı qala bolǵan–dep maǵlıwmat beredi.

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzalarınıń izertlewleri rus geografiyalıq jámiyetiniń «Известия» jurnalı, Sankt-Peterburg qalasında shıǵatuǵın «Русский инвалид», Tashkent qalasındaǵı «Туркестанские ведомости» gazetalarınıń 1874-1879 jıllardaǵı sanlarında járiyalandı. Bul maqalalarda Aral boyı, Ámiwdárya alabındaǵı xalıqlardıń bay ótmishi, tariyxı, mádeniyatı, sociallıq turmısı tuwralı maǵlıwmatlar berildi.

Rus geografiyalıq jámiyeti jurnalınıń 1875-jılǵı 11-tom, 1-vıpısk sanında A.İ.Gluxovskiy Ámiwdáryanıń tómengi tárepindegi izertlew jumısları haqqında bayanat isleydi. Bul bayanatta qızıqlı pikirler bildirilgen: «Ámiwdáryanıń tómengi aǵımı hám onıń átirapındaǵı suw basseynlerin úyreniw Orta Aziyanıń qubla shıǵıstaǵı bay úlkeleri menen sawda-satıq baylanısların paroxod járdeminde ámelge asırıwdı támiyinleydi. Bul isti aqırına jetkeriw ushın Ámiwdáryanı Kaspiy teńizi menen baylanıstırıw ǵana qalıp tur. Ámiwdáryanı onıń eski angarı

---

[179] Русский инвалид. – СПб. 1874. № 213, №216– санлары

Sarıqamıs arqalı Kaspiyge ağızıw hesh qanday qıyınshılıq payda etpeydi, úlken qárejet hám miynet te talap etpeydi, tez hám qıyınshılıqsız ámelge asırıwǵa boladı,»[180] dep kórsetiledi. Patsha Rossiyasınıń Amiwdáryanı Kaspiyge ağızıwdan gózlengen máqseti Rossiyanı Hindistan menen baylanıstıratuğın úzliksiz suw jolına iye bolıw boldı.

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası N.A.Severtsovtıń 1875-jılı Turkistan general-gubernatorı K.P.Kaufmanǵa jollaǵan xatı oǵada qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Xatta jazılıwınsha, «Ámiwdárya hám Sırdárya aralıǵındaǵı joldı Jańadárya ańǵarın qayta tiklew arqalı qayta jolǵa qoyıw múmkin»[181].

N.A.Severtsevtıń XIX ásir aqırındaǵı Qaraqalpaqstannıń haywanatlar dúńyasın úyreniwde xızmetleri ayrıqsha esaplanadı. Onıń «Túrkistan haywanatlarınıń vertikal hám gorizantal tarqalıwı» atamasındaǵı ilimiy miyneti úlkedegi biologiyalıq kóp túrlilikti úyreniwde qunlı bolıp tabıladı[182].

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası M.N.Bogdanov tárepinen tómengi Ámiwdárya boyı tábiyatı, haywanatları hám kóllerdegi balıqlar dúńyası úyreniledi. Ilimiy izertlewleri nátiyjeside «Xiywa oazisi hám Qızılqum sahrası tábiyatınan ocherkler» atamasındaǵı shıǵarması júzege keledi[183]. Shıǵarma XIX ásirdegi úlke tábiyatınıń ózgeshelikleri, haywanatlar dúńyası, qumlardaǵı ósimlikler túrleri haqqındaǵı áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Avtor úlke ósimlikler hám haywanlar dúńyasın táriyiplewde olardıń súwretlerin de beriwge háreket qılǵan. Máselen, Sumray (lapotonos) qusınıń palapan dáwirindegi kórinisin súwretleydi. Ol

---

[180] "Известия" Императорского русского географического общества. том.11, вып. 1, 1875. –С. 5.

[181] Центральный государственный архив Республики Узбекстан (ЦГА РУз). Ф.И-1. Опись 16, д.636, лл11-15; д.938.лл.31-42. Автограф Н.А. Северцов.

[182] Турганов Б. XIX–XX әсир басындағы Қарақалпақстан тәбийий ресурсларын изертлеў тарийхынан //"Жанубий Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари" мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 2-қисм. – Б.231-233.

[183] Богданов М.Н. Очерки природы Хивинского оазиса и пустыни Кызыл-Кум.-Ташкент.1882.

úlke tábiyatın suwretlewde xalıq ápsanalarınan da paydalanadı. M.N.Bogdanov tómengi Ámiwdárya oazisiniń quslar hám haywanatlar dúńyasınan tısqarı, kóller hám dárya ańǵarlarındaǵı balıqlardıń túrleri, olardıń atları hám balıq awlaw orayları haqqında da maǵlıwmatlar beredi[184].

M.N.Bogdanov Ámiwdarya oazisindegi quslar hám haywanatlar dúńyası menen birgelikte aymaqtaǵı suw basseynleri hám olardaǵı balıq túrleri, balıq awlanatuǵın oraylar, balıqshılıq quralları haqqında maǵlıwmatlar beredi[185]. Qubla Aral boylarında XIX ásirdıń ekinshi yarımında tómendegi aymaqlar balıqshılıq orayları sıpatında rawajlanǵan[186].

1. Ámiwdáryanıń eki jaǵasın boylap, Nokis hám Xojeliden joqarı qaray Qıpshaqqa shekem. Bul jerlerde kóbinese súwen, ılaqa, sazan hám basqa balıqlardı awlanǵan.

2. Delta, Nokisten tómen qaray Aral teńizine shekem hám teńizdıń ózi, Úlken dáryanıń, kishkine dáryanıń hám Tallıqtıń quyar jerleri. Avtordıń pikirinshe, «Ámiwdáryanıń bul bólimi balıqlardıń anası» dep ataladı. Bul jerlerde bekire, súwen, ılaqa, sazan hám basqa balıqlar awlanadı.

3. Quwanıshjarma, Dáwqara kólleri - Qońırat hám Qaratereń jáne dáryanıń tarmaǵı Jańasuw. Balıq awlawdıń orayı Qońırat hám Qaratereń kólleri boldı. Bul jerlerde sazan hám aqmarqa kóbirek ushırasatuǵın edi.

Aral teńizi hám tómengi Ámiwdárya basseyndegi balıqshılıq tarawın ilimiy tárepteń úyreniw rus alımlarınan A.N.Nikolskiy tárepinen dawam ettirilgen. Onıń «Aral boyı basseyndegi balıqshılıq haqqında» miynetinde de Aral teńizi hám onıń átirapındaǵı kóllerdegi balıqlardıń túrleri, olardıń atları,

---

[184] Богданов М.Н. Очерки природы Хивинского оазиса и пустыни Кызыл-Кум.-– Б. 128-132.

[185] Sol jerde.

[186] Турганов Б., Мамитова М. XIX -XIX әсир басларында Қарақалпақстанда балықшылық// «Жанубий-Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари» мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 1-қисм.– Б.199-201.

balıqshılıq xojalıǵı hám balıq awlaw quralları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı tolıqtıradı hám jáne de bayıtadı[187].

Rus alımlarınan M.N.Bogdanov A.N.Nikolskiylerdıń miynetleri qaraqalpaqlardaǵı balıqshılıq tarawı tariyxın úyreniwde áhmiyetli tariyxıy derek bolıp tabıladı[188]. Olardıń miynetindegi maǵlıwmatlar boyınsha aymaqta balıqshılıq joqarı dárejede rawajlanǵan tarawlardan biri bolǵan.

Patsha Rossiyası Xiywa xanlıǵı basıp alınǵannan sońǵı dáwirde de Aral teńizin hám tómengi Ámiwdárya boyların hár tárepleme úyreniw dawam ettiriledi[189]. Belgili geograf L.S.Berg basshılıǵında 1899-1906 jıllarda Aral teńizin úyreniw ushın arnawlı ekspediciya shólkemlestiriledi. Onıń tárepinen Aral teńizi hár tárepleme úyreniledi hám jańa kartası dúziledi. L.S.Bergtıń «Aral teńizi. fizikalıq–geografiyalıq monografiya tájiriybesi» shıǵarmasında Aral teńizi tábiyiy georafiyası hám faunası haqqında kóplep maǵlıwmatlar berilgen[190].

L.S.Bergdıń izertlewlerinde Ámiwdárya hám Aral teńizinde suw qáddiniń ózgeriwi nátiyjesinde aymaqtaǵı xalıqtıń jaylasıwına baylanıslı tariyxıy maǵlıwmatlardı da tabıw múmkin.

A.Kun izertlewlerinde sol dáwirdegi Shımbay, Xojeli, Nókis, Qıpshaq, Raxmanberdi biybazar, Qıyat, Shabbaz-Waliy usaǵan tómengi Ámiwdárya boyındaǵı qala hám qorǵanlar, olardaǵı xalıq sanı, qalalılar turmısı, qalalardaǵı meshit-medreseler hám sawda-satıq isleri haqqında tereń maǵlıwmatlar berilgen.

Álbette, Orta Aziyada rus ilimpaz qánigeleri tárepinen alıp barılǵan izertlewler Rossiya imperiyası máplerinen kelip shıqqan.

---

[187] Никольский А.Н. О рыболовстве в водах Аралского моря// Известия географического общества. –том. XXIII. –СПб., 1887. Вып.-5.–С. 654-698.

[188] Турганов Б., Мамитова М. XIX -XIX әсир басларында Қарақалпақстанда балықшылық//«Жанубий-Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари» мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 1-қисм.– Б.199-201.

[189] Турганов Б., Сейтмуратов О. Арал теңизиниң географиялық тәрептең үйренилиўи тарийхынан. –Б. 38-41.

[190] Берг Л.С. Аральское море. Опыт физико-географической монографии.– СПб.,1908.

Olardı sın kózqarasta úyreniw búgingi kúnde tariyxtanıw pániniń aktual wazıypalarınan biri esaplanadı.

**A.V.Kaulbars maǵliwmatları -** Ámiwdárya ekspediciyası aǵzasi, áskeriy geograf, polkovnik. Onıń «1873-jılǵı tómengi Ámiwdárya oazisinde jeke izertlewlerinen maǵlıwmatlar» shıǵarmasında tómengi Ámiwdárya oazisindegi xalıqlar tariyxı, etnografiyası, jaylasıwı, urıwlıq duzimi haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Shıǵarmadan maǵlıwmatlar keltiremiz[191].

A.V.Kaulbars jazıwınsha, 1873 jılda Ámiwdárya deltalarında tórt xalıq; sart (Xorezmniń jergilikli xalqı), arallı ózbekler, qaraqalpaqlar hám qazaqlar jasaydı. Sartlar bul jerlerge sawda-satıq qılıw maqsetinde kelip ótırıqlasqan, basqa úshewi yarim kóshpeli hám kóshpeli xalıqlar bolıp, úlke sharayatına biyimlesip otırıqlı turmısqa kóshpekte. Olardan basqalarına salıstırǵanda arallı ózbekler otırıqlı turmısqa jedel ótıp atır. Olardıń awılları sırtqı kórinisi tárepinen Orta Aziyadaǵı basqa awıllardan derlik parıq qılmaydı. Olar turaqlı bir jerge iyelik qılıp, jer maydanların dıywallar menen orap qoyadı. Olardıń qalın baǵları bolıp, otırıqlı turmısqa tán. Olar aldınǵı dawirlerde kóshpeli túrmıs tárizinde jasaǵanlıǵınıń belgilerin baqlawımız múmkin. Atap aytqanda, bul jerlerde házirge shekem xalıqtıń kópshiligi qara úylerde jasaydı.

Qaraqalpaqlarda kóshpeli túrmıs belgilerin arallı ózbeklerge salıstırǵanda biraz kóbirek ushratıwmız múmkin. Tómengi Ámiwdárya boyındaǵı haqıyqıy kóshpeli xalıqlar qazaqlar esaplanadı. Ámiwdárya deltalarında jasawshı xalıqlardıń geografiyalıq jaylasıwın tómendegishe bólistiriwmiz múmkin:[192].

Ámiwdárya deltalarınıń pútkil sırtqı maydanı Quwanıshjarma, Dáwqara, Jańasuw, Tallıq deltalarınan teńizge shekem bolǵan úlken aymaqlarda qaraqalpaqlar jaylasqan.

Tómengi Ámiwdárya oazisindegi pútkil qazaq xalqı eki topar-ǵa bólinedi. Birinshisi Dáwqara kóli dógereginde, ekinshisi

[191] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. –СПб., 1881 г. Записки ИРГО.Том.9. –80 с. // Туркестанский сборник. Том.283.– С.500-543.

[192] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. – С.501.

batısdağı dáryanıń áyyemgi ózeni boyındağı házirgi waqıtta qurıp jatqan Aybuyır qoltığı tárepte jaylasqan. Arallı ózbekler da eki atawda jaylasqan. Basqa qáwimler menen birgelikte arallı ózbeklerdiń kópshiligi Qońırat qorǵanı átirapında jaylasqan bolsa, kem sanlı bólegi Shımbay qorǵanı dógereginde jaylasqan.

Tómengi Ámiwdárya boyında sartlar (ruslar Xorezmniń jergilikli xalqın solay ataǵan-T.B.) oǵada kem sanlı bolıp, olar tek ǵana bazar jaylasqan aymaqlarda jasaydı, tiykarınan sawda-satıq isleri menen shuǵıllanadı. Kóshpeliler bul jerlerge túrli sebepler menen hár túrli waqıtlarda kelip ornalasqan. Bul jerde xalıq aralas hár túrli qáwimlerden quralǵan.

**Qaraqalpaqlardıń arıs, qáwim hám urıwlarga ajıralıwı.** Házirgi waqıtta tómengi Ámiwdárya boyındağı qaraqalpaqlar eki arısqa ajıraladı. Hár bir arıs óz gezeginde qáwimlerden, qáwimler bolsa urıwlardan quralǵan. Tómendegi kestede qaraqalpaqlardıń urıwlıq duzilisi haqqındağı maǵlıwmatlar berilgen[193].

**On tórt urıw arısı**

| **Qıtay qáwimi** | | **Qıpshaq qáwimi** | | **Keńeges qáwimi** | | **Mańǵıt qáwimi** | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Bessarı | 7 | Sań-múrın | 10 | Aranshı | 12 | Aq-mańǵıt |
| 2 | Qayshılı | 8 | Mayli -balta | 11 | Ómir urıwı | 13 | Qara-mańǵıt |
| 3 | Bek-sıyıq | 9 | Qanǵ-li | | | 14 | Qara-sıyraq mańǵıt |
| 4 | Qaza-ayaqlı | | | | | | |
| 5 | Kúzen-anna | | | | | | |
| 6 | Sherewshi | | | | | | |

193 [Каульбарс А.В]. Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. – С.502.

***Qońırat arısı***

| ***Shúllik qáwimi*** | | ***Jawıngır*** | |
|---|---|---|---|
| 1 | Qıyat | 9 | Teristamǵalı |
| 2 | Ashamaylı | 10 | Baqanlı |
| 3 | Qoldawlı | 11 | Tiyekli |
| 4 | Qostamǵalı | 12 | Irǵaqlı |
| 5 | Balǵalı | 13 | Baymaqlı |
| 6 | Qándekli | 14 | Qazıayaqlı |
| 7 | Qara moyın | 15 | Uyǵur |
| 8 | Múyten | | |

Qaraqalpaq xalqı jası úlkenlerınıń maǵlıwmatlarına tiykarlanıp aytıw múmkin, qaraqalpaqlar tómengi Ámiwdárya oazisine kóship keliwi bunnan (1874 jildan) 80-90 jil burın[194] Sırdárya tárepten Perovsk portı jaqınınan, qazaqlar menen óz ara jánjelleri sebepli kóship kelgen. Túrli dereklerge tiykarlanıp sonı aytıw múmkin, Qubla Aral boylarına qaraqalpaqlardıń migraciyalıq procesi basqıshpa-basqısh ámelge asırılǵan. P.Rıchkov maǵlıwmatı boyınsha, qaraqalpaqlardıń bir bóleginiń tómengi Ámiwdárya boyındaǵı arallı ózbekler aymaqlarına kóship ótiwi 1760-jıllar dógereginde júz bergen.

1793-jılda Xiywaga kelgen Rossiyalı sayaxatshılar Blankennagel hám Levshin maǵlıwmatları boyınsha, qaraqalpaqlardıń Sırdárya boylarınan Qubla Aral boylarına migraciyası 1780-jıl hám 1798-jıllar dógereginde júz bergen.

Meyindorftıń pikirinshe, qaraqalpaqlar Sırdárya boylarınan 1807-jılda bir bólimi tómengi Ámiwdárya boylarına, basqa bólegi batıs Samarqand hám arqa Zarafshan táreplerge kóship mákan basqan.

[194] Yaǵnıy, 1780-1790-jillar átrapı boladı.

Podpolkovnik Makshievtıń «Tómengi Sırdárya» («Низовья Сирдарья») maqalasında da qaraqalpaqlardıń Sırdárya boyılarnan kóshiwi haqqındaǵı geypara maǵlıwmatlar ushıraydı.

**Qaraqalpaq urıwlarınıń geografiyalıq jaylasıwı.** Qaraqalpaqlar eki tiykarǵı bólim: on tórt urıw hám Qońırat arıslarına ajıraladı. On tórt urıw arısındaǵı qáwim hám urıwlar geografiyalıq tárepten tómendegishe jaylasqan:[195].

### Qıtay qáwimi. Qazı-ayaqlı urıwı.

1. Quwanıshjarmanıń shep jaǵası hám Kegeyli deltası bas bógetiniń oń tárepine jaqın aymaqlarda tiykarǵı xalqı jaylasqan.
2. Quwanıshjarmanıń Esim (IECCUM) deltasınıń orta aǵısında oń jaǵasında 50 qara úy jaylasqan.
3. Náwpir kanalı eki jaǵası boylap jaylasqan.

### Qayshılı urıwı

1. Kegeyli deltasınıń óń jaǵası, Shımbay qala- sınan joqarıda Ázirekli japtıń Boz-kólge quyarlıq jerinen tómende jaylasqan.
2. Qara-Tereń kóliniń bir bólegi Tampıy–ayaǵı kóli dógereginde Bessarı urıwı menen birge jigirma qara úyde jaylasqan.
3. Esim oazisindegi awıllarda.

### Bessarı urıwı

1. Bes-sarı jabınıń boyında, Náwpir kanalı quyarlıq jerinde, Kegeyli deltası batısındaǵı qıpshaq jap ortalarına shekemgi bolǵan aymaqlarda tiykarǵı xalıq jaylasqan. Basqa topari Náwpir kanalı batısınan Ásembay jabı arqasına shekem bolǵan aymaqta beksıyıq urıwı menen birgelikte jaylasqan.
2. Qaratereń kóli batısında, Jańa-suwdıń quyarlıǵına jaqın qublada 50 qara úy jaylasqan.
3. Porxan deltası boyında bir neshe awıl.
4. Shımbay qalasınan tómende Kegeyli deltası oń aǵısında aral lı ózbeklerge jaqın jerde bir neshe awıl jaylasqan.

---

[195] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. –СПб., 1881 г. / Записки ИРГО. Том.9. –80 с. // Туркестанский сборник. Том.283.– С.504-514.

**Bek-sıyıq urıwı**

1. Náwpir kanalı shep ağısındağı beksıyıq jabı boyında tiykarğı bólegi jaylasqan.

2. Qaratereń kóli batıs ağısında bessarı hám qayshılı urıwları menen birge 15 qara úy jaylasqan.

*Esletpe:* Qaza-ayaqlı, qayshılı hám bessarı urıwları geografiyalıq tárepten bir hákimshilik toparda, onıń nayıbı Mámbetbiy, oǵan beksıyıq urıwı da kiredi, olar bes-sarı urıwı menen tuwısqan.

**Anna-kúzen** urıwı eki urıw: anna hám ayteke. Kegeyli deltasınıń Náwpir kanalı quyarlıǵına jaqın jerdegi qaraqalpaqlardıń Asan biy qorǵanı dógereginde. (Náwpir kanalınıń quyarlıq jerinen onǵa jaqın japlarǵa suw ajıralatuǵın aymaqta jaylasqan, bul jerdi maǵan Ábiy-molla kórsetti, usı japlardıń birewiniń ataması Molla - Áwez dep ataladı).

**Kúzen urıwı.** Tiykarǵı xalqı anna urıwı menen birge, Náwpir kanalı oń aǵısınan tómengi tárepinde Yardıń-ayaǵı (Yardıń-Ayage) kóliniń joqarǵı bóliminde: Biydali bógetine shekemgi bolǵan aymaqlarda ayrıqsha awıllar bar.

**Sherewshe urıwı.** Náwpir kanaliniń Ásem-biy qorǵanınan tómende kishi japlarǵa quyarlıq jerinde kanalınıń eki aǵısında hám Náwpir kanalınıń Dawqara jolındaǵı eski kópir jaqınında, Náwpir kanalı arqasında Kók-Chungul (yamasa qara-say) ǵa quyarlıq jerinde kanaldıń shep aǵısında jaylasqan.

*Esletpe:* Anna-kúzen hám sherewshi urıwları bir hákimshilik toparga birlesedi, házirde olardı Ádil-atalıq basqaradı.

**On tórt urıwdıń qıpshaq qáwimi:**
**Maylı balta urıwı**

1. Kegeyli deltası basındaǵı Qıpshaq-jap boyında 3-6 verst aralıqdaǵı aymaqta tiykarǵı bólimi jaylasqan[196] (Náwpir kanalınan 6 verst tómende).

2. Náwpir kanalındaǵı úshinshi kópir jolınan qublada (Náwpir kanalı tómengi bólegi Kók-sheńgel qorǵanı tóbeliklerinde).

---

[196] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. – С.504-514.

**Sań - murun urıwı**

1. Tiykarǵı xalqı Kegeyli deltası оń aǵısında Sań-murın jap boyında Bóz-kólge quyarlıq jeriniń qarama-qarsı tárepinde.

2. Vais deltasınıń tómengi bóleginde 30 qara úy.

3. Qılish-qala bazarınan qublada 20 qara úy.

4. Óz aldına bólek awıllarda Náwpir kanalı ońaǵısındaǵı Ásembiy qorǵanı wayranalarınan tómende jaylasqan. Bulardan tısqarı, оń aǵıs aqırında kanaldıń quyarlıq jerinen tómende óz aldına bólek qıtay hám qıpshaq qáwimleri jaylasqan.

**Keńeges qáwimi. Ómir urıwı.** Shımbay qalasınan tómende Kegeyli deltası shep aǵısınıń aqırına shekemgi hám Ur-jap boyında jaylasqan.

**Aranshı urıwı.** Keńeges urıwınan basqa da, Aq jap boyında basqa urıwlar menen birgelikte, basqa bir bólegi Quwanısh-jarmadan tómende Tarlı-ózektıń baslanıw jerinen joqarı bóliminde jaylasqan. Usı aymaqta jaylasqan xalıq menen qazaqlar arasında óz ara jánjeller bolıp turadı.

*Esletpe:* bulardan tısqarı, keńeges qáwimi quramında terekli, mánjiwli, Nókis, aq-tuxım usaǵan urıwlar bar.

**Mańǵıt qáwimi. Aqmańǵıt urıwı.** Kegeyli deltası shep aǵısında, sonday-aq, Quwanıshjarmanıń baslanıwınan baslap Qızılózektıń baslanıwına shekemgi aymaqlarda jaylasqan.

*Esletpe:* Kegeyli deltasınıń baslanıw jerinen shep jaǵada 5-6 verst qashıqlıqta on tórt urıw qáwiminiń bir urıwı jaylasqan.

**Qara-mańǵıt urıwı.** Kegeyli deltası shep jaǵasındaǵı Qızılózektıń eki jaǵası boyında mákan basqan.

**Aq sıyraq mańǵıt urıwı**. Qamıs arıqtıń eki jaǵası boyında, Shımbaydan Kegeyli deltasınıń shep jaǵası boylap baslanıw jerine shekemgi aymaqlarda jaylasqan. Bunnan tısqarı, mańǵıt qáwimi awılları túrli aymaqlarda, keńeges qáwimine jaqın jerlerde de mákan basqan.

Atap ótiw kerek, on tórt urıw qáwimi tıykarınan Kegeyli deltasında hám Qońırattıń arqasıda suwǵarılatuǵın jerlerde jasaydı.

Geografiyalıq jaylasıwı boyınsha, on tórt urıw qáwimındegi qaraqalpaqlar ekige ajıraladı;

1. Qıtay hám qıpshaq qáwimlerı

2. Keńeges hám mańǵıt qáwimlerı

Olar arasındaǵı shegara Kegeyli deltası bolıp, qıtay hám qıpshaq qáwimlerı Kegeyli deltasınan Shıǵısta Náwpir oazisinde, keńeges hám mańǵıt qáwimleri bolsa batısta jaylasqan.

**Qońırat arısı**

**Shúllik qáwimi. Múyten urıwı.**

1. Jańasuwda qazaqlar menen birge dárya ırmaǵınıń baslanıw jerine deyin yamasa eki-asha kóline shekemgi bolǵan tabiyiy shegarada pútkil xalıq dáryanıń shep deltasınan teńizge shekemgi, yaǵnıy Jańasuw deltası boyında jasaydı.

2. Bizler bul urıwdı avgust ayında Terbenbes deltası jaǵalawlarında ushrattıq. Olar jazda batısta Qusqana tawına shekemgi bolǵan aralıqda kóship júredi. Bul bolsa usı urıw bir jerden ekinshi jerge kóship júrgenligin kórsetedi.

3. Úlken dáryanıń oń jaǵasında qoldawlı urıwı menen birge jasaydı, biraq bul jerde múytenler birinshi aymaqtaǵı xalıqqa salıstırǵanda azshiliqti quraydı.

4. Esim deltasınıń arqa noqatı Tentek kólge jaqın jerlerde.

**Qoldawlı urıwı.**

1. Úlken dáryanıń eki jaǵalawlarında teńizge shekemgi, Terbenbes tawı, Kegeyli hám Esim suw oazisleri hám tómengi Ámiwdárya deltası oraylıq bólimindegi aymaqlarda kóplep awılları ushıraydı. Úlken dáryanıń[197] oń jaǵasında Qazaq dáryanıń baslanıw jerinen aqırına shekem jaylasqan. Usı eki aymaq aralıǵında qazaqlar kóship júredi, jáne olar Esim ańǵari tómengi bólimi shep aǵısında kóship júredi.

2. Úlken dáryanıń baslanıwınan shep jaǵası boylap tómengi aǵısına shekemgi aymaqda qazaqlar menen birge jaylasqan.

3. Úlken dáryanıń joqarı aǵısındaǵı Iyshan-bóget dógereginde qándekli, ashamaylı urıwları hám qazaqlar birgelikte jasaydı[198].

---

[197] Úlken dárya–bul Ámiwdáryanıń tábiiy deltalarınan biri. Sol dawirde Úlken dárya deltası Altinkólden (házirgi Qanlıkól rayonı aymaǵı) baslanıp Ámiwdáryanıń teńizge quyarlıq aǵısı boylap aqqan.

[198] Esletpe*:* Usı aymaqta jáne qanjiǵalı urıwı da ushraydı.

## Ashamaylı urıwı

1. Tallıq deltası shep jaǵasında, Hákim-atadan teńizge shekemgi aymaqlarda jasaydı.

2. Qaraqum arqasında Qusqana tawǵa shekemgi aymaqta 50 qara úy.

3. Úlken dáryanıń joqarǵı tárepinde Iyshan-bóget dógereginde qoldawlı, qándekli urıwları hám qazaqlar birgelikte jasaydı.

4. Shortanbaydıń oń jaǵasında Kókshe qorǵanı oyranalarınan tómende 40 qara úy, jáne de tómenirekte usı urıwǵa tiyisli bir neshe awıl ushıraydı.

## Qostamǵalı urıwı

1. Medreseden Qusxana tawı arqa janbawırına shekem, Qaraqum shegarası hám de usı atamadaǵı kól átirapinda jaylasqan.

2. Esim ańǵarınıń shıǵısındaǵı tabiyiy shegarada, onnan tómenirekte Nurmanbet qorǵanı oyranları, hátteki Ásembiy qorǵanına shekem bolǵan aymaqlarda jaylasqan.

## Qándekli urıwı

1. Aq-meshit shegarasınıń tómengi jaǵalawlarınan Qusqana taw qublasındaǵı ulken kólge shekemgi aymaqlarda jaylasqan.

2. Qońırattan ónshelli uzaq bolmaǵan Qubataw (Jumalaq taw-T.B.) dógereginde, bunnan tısqarı Úlken dárya shep jaǵasınan Qońırat qalasına shekem hám de Qańlı-ózek ańǵarı boylap kóship júredi. Bizler olardıń shep jaǵalawdaǵı aqırǵı noqatındaǵı awılında avgust ayınıń ortalarında boldıq, awıldıń bir tárepinde qandekli, ekinshi tarepinde balǵalı urıwları jaylasqan.

3. Úlken dáryanıń joqarı tárepindegi burunǵi Iyshan bógettıń átirapında qoldawlı, ashamaylı urıwları hám qazaq qáwimleri menen birgelikte aralas jasaydı.

4. Esim ózektıń tómengi tárepindegi Tentek kól átirapında.

5. Óǵuz ańǵarınıń joqarı tárepinde.

6. Qusqanataw kólinen hám Súyin Iyshan aralıǵında.

7. Aq shıǵanaq, Sarı kólden batısındaǵı atawlardan Qusqana-tawǵa shekemgi aymaqlarda ornalasqan.

## Qara moyın urıwı

1. Bózatawdan Esim ózek ańǵarı oń jaǵasındaǵı Ters-aǵarǵa hám qos-tamǵalı urıwı jerlerine deyin, Quwanısh-jarmadan Qostamǵalıǵa shekem aymaqlarda jaylasqan.
2. Esim ózektıń tómengi aǵısında (Tentek kóldiń arqa tárepi).
3. Taygul qum shólindegi barxanlarda.
4. Qara-tereń kóliniń batıs jaǵalawlarında.
5. Turxan ańǵarı boyında bir neshe awıl jaylasqan.

Qıyat urıwı. Ashamaylı urıwı menen bir aymaqta jasaydı.

## Qońırat arısı. Jawıńǵır qáwimi.

**Terstamǵalı urıwı** (túrli geografiyalıq aymaqta jaylasqan).

1. Ámiwdáryanıń eki qurǵap qalǵan anǵarları, yaǵnıy Qońırat-tan qublada Qıyat jarǵan hám Shomanaydaǵı toǵaylıqlar hám de batıstaǵı qurıp qalǵan anǵarında jaylasqan. Usı aymaqta qazaq-lardıń da awılları ushıraydı.
2. Náwpir kanalı boyında (Shımbaydan 3-4 tash[199] qashıqlıqta).
3. Hákim-ataǵa jaqın aymaqta jaylasqan.
4. Qara jelge anǵarı hám Aq jap boyında (Shortanbay anǵarı eki jaǵalawlarında) baymaqlı, hatteki oń tórt urıw hám keńeges qáwimi menen birgelikte jasaydı.
5. Náwpir kanalı tómengi aǵısında Qabıl begler begi qorǵanı oyranlarında, Begler begi jabınıń eki jaǵası boyında jaylasqan.

**Sháwjeyli baqanlı uriwi.** Náwpir kanalı joqarǵı eki jaǵasında hám Terstamǵalı urıwına jaqın jaylasqan.

## Baymaqlı urıwı

1. Qusqanattaw kóli hám Shortanbaydan anǵar alıwshı Aq japqa shekemgi aymaqlarda. Bul urıwǵa tiyisli awıllar Aq japtıń joqarı aǵısında hám Qara qum anǵarı (ekiwide Shortanbaydıń

[199] Tash –órta a`sirlerdegi 6 verst shamasindaǵı uzınlıq ólshem birligi.

tómengi anǵarınan suw aladı) boyında basqa da urıwlar menen birge jasaydı.

2. Bir neshe awıl Náwpir kanalı tómengi aǵısında kópirden tómende hám Kók sheńgel tóbeligi arqasında hám Qabıl begler begi qorǵanı oyranaları arqa tárepinde jaylasqan.

### Qazayaqlı urıwı

1. Baymaqlı urıwı menen birgelikte jasaydı.

2. Shortanbaydıń tómengi aǵısı oń jaǵasında bir neshe qara úy ushıraydı. Olar basqa urıwlar menen birge Qaraqum ańǵarı hám Aq japtıń boyında jaylasqan (ekewi de Shortanbay boyında jaylasqan).

3. Náwpir kanalı tómengi aǵısında bir neshe awıl baymaqlı urıwı menen birge hám Igiz qumda óz aldına bólek jasaydı.

4. Kók-ózek hám Qaraózektıń qosilǵan jerinde Qara-buǵada.

**Uyǵur urıwı.** Baymaqlı hám qazayaqlı urıwı menen birgelikte, Ámiwdáryanıń oń jaǵasında hám Shortanbayda, Ámiwdáryadan 3-4 verst, Shortanbaydan 12-15 verst qashıqlıqta jasaydı.

**Tiyekli urıwı**. Náwpir kanalı joqarı aǵısında teristamǵalı hám sháwjeylı baqanlı urıwı qatarında, on tórt urıw jerlerinen tómenirekte Náwpir kanalındaǵı úshinshi kópiri jaqınında kók sheńgel tóbeliklerinde, teristamǵalı urıwı menen birge kóplep awıllar jaylasqan.

**Irǵaqlı urıwı**. Esimózektıń oń jaǵasında Kókózektıń baslanıw jerinde, basqa topari Burxan anǵarında jaylasqan.

**Balǵalı urıwı**. Men olardı arnawlı turde eń aqırı qaldırdım. Sebebi, ol urıwdıń shúllik yamasa jawıngır qáwimleriniń qaysı birine kiretuǵınlıǵın anıqlay almadım. Olardıń geografiyalıq jaylasıwı boyınsha kóshpeli turmıs keshirgenlikteń olardi shúllik qáwiminen bólek úyrendim.

Bul urıw Tallıqtıń óń jaǵasında, Ashamaylı urıwınıń qarsı aymaǵında teńiz jaǵalawlarınan joqarılap Hákim-atadan 12 verst tómendegi aymaqlarda jaylasqan.

Bunnan tısqarı, Ámiwdárya deltasında 150 ge shekemgi qara úylerde sayid, xoja urıwları jasaydı. Olar diniy adamlar bolıp

ózlerin payǵambar awladı dep esaplaydı. Olardıń birinshi awılın Quwanısh-jarmadan Qaraózek anǵarınıń baslanıw jerinen 11 verst qashıqlıqtaǵı aymaqta ushıraydı.

**Xalıq sanı.** A.V.Kaulbars miynetinde qaraqalpaqlar xalqı sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlar da tereń jarıtılǵan[200]. Ol qaraqalpaq urıwları jaylasıwı haqqındaǵı etnogeografiyalıq maǵlıwmatlardı Xiywa xanı ámeldarlarınan alǵan. Dáslep on tórt urıw arısı qáwimlerindegi xalıq sanı haqqında maǵlıwmatlar beredi.

Qıtay qáwimi 2200, qıpshaq qáwimi 1100, keńeges qáwimi 680, mańǵıt qáwimi 1020 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 5000 (bes mıń) qara úyden ibarat.

Xiywa ámeldarı maǵlıwmatı boyınsha, qaraqalpaqlar Xiywa xanına nóker berip turǵan. Ón tórt urıw arısı qáwimleri 1040, qońırat arısı 960 nóker, jámi 2000 nóker bergen. Esaplap kórilgende ón tórt urıw arısındaǵı qáwimlerde 4,8 qara úyge bir nókerden tuwrı keledi.

Bunnan juwmaqlap aytıw múmkin, qońırat arısı qáwimleri xalqı 4600 ge jaqın qara úy bolǵan. Barlıq qaraqalpaq xalqı 9600 qara úy yamasa ortasha esapta hár bir qara úyde bes adam bar dep esaplansa jámi 48 000 adam bolǵan.

Men (Kaulbars) maǵlıwmattıń durıslıǵına tekseriw ushın hár túrli adamlardan túrli waqıt hám túrli jerlerde maǵlıwmatlar jıynap bardım. Usı maǵlıwmatlar da joqarıdaǵı esapqa durıs keledi.

### On tórt urıw arısı qáwimlerı xalqınıń sanı

1. Qıtay qáwiminıń xalqı sanı*:* bes sarı 250-300; qayshılı 250-300; bek-sıyıq 200-200; qazı-ayaqlı 250-300; quyun-anna 400; sherewshi 200 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 1550-1700 ta qara úy-den ibarat.

2. Qıpshaq qáwiminnıń xalqı: seń-murın 400; maylı balta 400; qanǵlı 400 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 1200 ta qara úyden ibarat.

---

[200] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. – С.515-516.

3. Keńeges qáwimindegi aranshı hám umir (?) urıwları xalqı - 700-800 den 1000 ǵa shekem qara úyden ibarat.

4. Mańǵıt qáwimindegi aq mańǵıt, qara mańǵıt, qara siyraq mańǵıt urıwlarındaǵı jámi xalıq 1020 dan 1500 ge shekem qara úyden ibarat.

**Jámi on tórt urıw arısı qáwımlerı xalqı:** qıtay qáwimi 1550-1700; keńe-ges qáwimi 800-1000; mańǵıt qáwimi 1020-1500 ta qara úy, jámi ulıwmalıq xalqı 4570-5400 qara úyden ibarat.

**Qońırat arısı qáwimlerı xalqı sanı:**

1. Shúllik qáwimindegi urıwlar xalqı sanı: qoldawlı 600; qostamǵalı 300; múyten 300; qara moyın 350; qándekli 300; ashamaylı 500; qıyat 150; balǵalı 500 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 3000 qara úyden ibarat.

*2.* Jawıngır qáwiminıń xalqı sanı: teristamǵalı 300-400; bay-maqlı 350-400; qazı-ayaqlı 250-300; ırǵaqlı 250-300; uyǵır 250-300; tiyekli 130-150 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 1530-1850 qara úyden ibarat.

Qońırat arısı qáwimleri xalqı sanı: shúllik qáwimi 3000–3000, jawıngır qáwimi 1530-1850 qara úy, yaǵnıy jámi xalıq 4530-5850 ta qara úyden ibarat.

**Qaraqalpaqlardiń jámi sanı:** on tórt urıw arısı 4570-5400; qońırat arısı 4530-4850; sayid, xoja 100-150 qara uy, yaǵnıy jámi 9200-10400 qara úyden ibarat bolǵan.

Hár bir qara úyde eki jınıstan besewden adam bolǵanda 46000-52000 shamasındaǵı xalıq bolıwı kerek. Shımbaylı ámel-dar maǵlıwmatları boyınsha, bul xalıq geypara waqıtlarda urısqa 6600 ge shekem nóker bergen. Shama menen eki-úsh yamasa tórt-altı qara úy birewden nóker bergende birinshi jaǵdayda 13 200 ta, ekinshi jaǵdayda bolsa ortasha esapta 19 800 qara úyge tuwrı keledi. Biraq, geypara waqıtlarda tórt qara úyden bir nóker alınǵan, bul jaǵdayda birinshi jaǵdaydaǵı cifrlar durıs boladı. Bul esapta qaraqalpaqlardıń eń anıq sanı 14000-15000 qara úyden yamasa 75000 (jetpis mıń yamasa jetpis bes mıń) shamasındaǵı adamnan ibarat bolıwı múmkin.

**Arallı ózbekler.** Tiykarǵı xalqı Qońırat átirapındaǵı awıllarda, basqa bir bólegi Shımbay qalasında qaraqalpaqlar arasında jasaydı. Arallı ózbeklerdiń geypara shańaraqları tómengi Ámiwdárya oazisiniń túrli aymaqlarındaǵı bazarlarda sawda-satıq isleri menen shuǵıllanadı. Olardıń jasaw jerlerin kórsetemiz.

**Arallı ózbekler jasaw shárayatı.** Arallı ózbekler awıllarda paxsa jaylar, bir-birine tutasqan paxsa qorǵanlar, bul jerde bazar maydanı, kishi dúkanlar, ulıwmalıq qudıqlardı ushıratıwımız múmkin. Qala qurılısına tán awıllar kishi, qıysıq kósheler hám baǵlar bar. Arallı ózbekler jazda hám qısta qara úylerde jasaydı. Olardıń hayalları qudıqtan suw tasıydı hám basqaları úy jumısların orınlaydı. Olar júzlerin jawıp júrmeydi. Arallı ózbeklerdiń tiykarǵı xojalıq túri diyqanshılıq, baw-baqsha eginleri hám baǵshılıq penen shuǵıllanadı[201].

## Qońıratlıqlar toparı.

1.Úlken dáryanıń joqarı aǵısı shep jaǵasında Taz bóget qurılısına jaqın jerde Taz atlı Arallı ózbekler awılı bar. Onı baǵ orap túrıptı. Awıl bógetten 1,5 verst arqada jaylasqan. Arallı ózbekler awılları Úlken dárya shep jaǵası boyında da keń aymaqta Kuldenniń on tárepinen Qońıratqa shekem bolǵan jerlerde qazaq hám qaraqalpaqlar awılları menen birge jaylasqan.

2. Qońırat qalasınıń qubla–batısı hám arqasında, qublada Xojeli jolı boyındaǵı toǵaylıqlar baslanıwına shekemgi bolǵan jerlerde arallı ózbekler awılları jaylasqan. Arqada Tallıq deltasınan bir qansha tómenirekte, arqa-batısta Xanjaptıń aǵısı boylap mákan basqan.

3. Qońırat qalası xalqı arallı ózbeklerden ibarat.

## Shımbay toparı

1. Shımbay qalasında arallı ózbekler 150 úy, yaǵnıy shama menen 750 adam.

[201] [Каульбарс А.В]. Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. –СПб., 1881 г. / ИРГО. том.9. /Туркестанский сборник. Том.283.– С.567.

2. Shımbay qalasına jaqın jerlerdegi baǵlar átirapındaǵı xalıq arallı ózbekler.

3. Tómengi Ámiwdárya oazisiniń túrli jerlerinde geypara shańaraqlar sawda-satıq isleri menen shuǵıllanadı.

Usı maǵlıwmatlar boyınsha, tómengi Ámiwdárya oazisinde arallı ózbekler xalqı sanı 1000 (mıń) úy yamasa shańaraq, bul orta esapta 5000 (bes mıń) xalıq esaplanadı.

Sartlar (ruslar Xorezmniń jergilikli xalqın kemsitip solay ataǵan). Tómengi Ámiwdárya oazisindegi barlıq qala hám bazarlarda sartlardı ushıratıw múmkin. Shımbay qalasında 10 (on) shańaraq, basqa jerlerdegi olardıń anıq sanın anıqlay almadıq. Ulıwma, ortasha esapta 40-60 shańaraq, yaǵnıy 200-300 (eki júzden úsh júz) ge shekem xalıq bar.

**Tómengi Ámiwdárya oazisindegi umıwma xalıq sanı:** qaraqalpaqlar 46000 nan 52000; qazaqlar 43000-45000; arallı ózbekler 5000-5000; sartlar 200-300 úy yamasa shańaraq, jámi xalıq: 94200 den 102 300 adam shamasında bolǵan[202].

**Otırıqlı qaraqalpaqlar.** Qaraqalpaqlardıń otırıqlasqan tiykarǵı bólegi Kegeyli oazisinde jaylasqan. Kegeyli ańǵarınan óz gezeginde bir neshe awıl suw aladı. Biraq, Kegeyli deltası jaǵasında eski úy-jaylar yamasa jańa qurılıslardı ushıratpadıq. Buǵan ańǵarda bógetlerdiń joqlıǵı hám de suw tasqınları sebep bolsa kerek. Bir qansha baǵlardı japlar boyında, Shımbay átirapında, Kegeyli deltası aǵısı boyında, ásirese, úlken japlar Qızılózek hám Qamıslı, Shımbaydan tómende Ur-jap usaǵan japlar boylarında otırıqlı xalıq mákan basqan jerlerde ushıraydı.

Náwpir kanalı on jaǵasındaǵı baǵlar Kegeyli deltasınıń on aǵısındaǵı baǵlar menen tútasıp ketedi, bul jerler Shımbaydan 10 verst jaqın tómende jaylasqan. Ásirese, úlken baǵlar Náwpir kanalı shep jaǵasınan suw alıwshı bes-sarı hám bek-sıyıq japları boyında ushırasadı.

Ónshelli úlken bolmaǵan awıllar Kegeyli oazisinde Esim, Qaraózek hám Tarlı boylarında kóplep ushıraydı. Tómengi

[202] [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г.– С.525.

Ámiwdárya oazisinde házirgi waqıtta 40 qa jaqın qaraqalpaqlardıń qorǵanı túrkmenler basqınshılıǵınan qorǵanıw maqsetinde qurılǵan.

Kegeyli oazisinde biyday, tarı, júweri, jońıshqa, salı, kúnji, ziǵir, másh, baqsha eginlerinen piyaz, geshir, qawın, ǵarbız, asqabaq, azlı-kem muǵdarda paxta, Jańasuwdıń tómengi jaǵasında bolsa tek ǵana salı, tarı, baqsha eginleri hám azlı-kem muǵdarda paxta egiledi.

**Kóshpeli qaraqalpaqlar.** Qaraqalpaqlardıń Qońırat arısı urıwlarınıń kópshiligi kóshpeli tárizde turmıs keshiredi, olardan geyparaları otırıqlı turmısqa ótken. Qońırat arısınan otırıqlı turmısqa kóshken urıw awılları Esimózek ańǵarı joqarı hám orta oazisinde, Qaraózek ańǵarı baslanıw jerinde mákan basqan. Usı aymaqta qostamǵalı, qaramoyın, irǵaqlı hám qoldawlı qusaǵan Qońırat arısı urıwlarınıń bir neshe awılları bar.

A.Kaulbarstıń «Tómengi Ámiwdárya deltasındaǵı Shımbay qalası» maqalasında tómendegishe maǵlıwmatlar berilgen[203].

Tómengi Ámiwdárya oazisindegi eń zıyalı xalıq arallı ózbekler esaplanadı. Olar menen xiywalı ózbekler arasında derlik parıq joq. Shımbayda arallı ózbekler 150 úyge jaqın. Shımbay qalası ishindegi qaraqalpaqlardıń kópshiligi qara úylerde jasaydı. Shımbayda qaraqalpaqlar 150, qazaqlar 50, arallı ózbekler 150, sartlar 10 ta uy, 360 úy yamasa qara uy bar. Ortasha esapta hár bir úyde bes adam bolǵanda, jámi Shımbay qalasında 1800 ge jaqın adam jasaydı.

Biraq, málim bir waqıtta qalaǵa sawdagerler, ónermentler, patentshiler hám basqalar keledi. Shımbay qalasınıń barlıq xalqı sawda-satıq isler menen shuǵıllanǵanlıǵın atap ótiw kerek.

Qalada bir medrese bar, biraq qala dógereginen toǵız verst qashıqlıqta altı medrese jaylasqan. Qalada altı meshit bolıp, úshewi Kegeyli kanalı shep jaǵasında, úshewi oń jaǵasında jaylasqan. Sonday-aq, qala dógereginde kóplep meshitler ushıray-

[203] Каульбарс А. Город Чимбай в дельте Аму-дарьй // Газета Туркестанский ведомости. 1874 г. 3-декабря. №48.

dı. Shımbay qalası musılman dinin úgit-násiyatlawshı oraylardan esaplanadı.

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası A.V.Kaulbars tarepınen 1888-jılı Rossiya «genshtab» markasında «Ámiwdárya deltası atlas-kartaları» qupıya turde shıǵarıldı[204]. Bul atlasta Ámiwdárya boyı qaraqalpaqlarınıń qorǵan qalaları, eski mazar-qábiristanı, zıyarat orınları, qaraqalpaq urıw-qáwimleriniń etnografıyalıq jaylasıwı belgilengen. Atlas kartada Shax Abbas, Xojeli, Aq-qala, Shımbay, Qońırat qalaları joybarlarınıń sızılmaları orın alǵan. Tómengi Ámiwdárya aymaǵındaǵı Molla Pirim qalası, Azbergen qalası, Qulmanbiy qalası, Tas bulaq qorǵanı, Esenbiy qalalarınıń jaylasıw orınları kórsetilgen.

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzasi A.V.Kaulbars izertlewlerinde qaraqalpaq urıwlarınıń etnogeografiyalıq jaylasıwı, urıwlıq dúzimi, urıw atamaları, XIX ásir ekinshi yarımındaǵı xalıq sanı, túrmıs tárizi, xojalıǵı, sonday-aq, tómengi Ámiwdárya oazisindegi arallı ózbekler, qazaqlar hám Shımbay qalası haqqında qızıqlı maǵlıwmatlar qaldırılǵan.

**Kun Aleksandr Lyudvigovich** (1840-1888-jıllar)– Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası, áskeriy qanige, rus shıǵıstanıwshısı. Ol 1865-jılı Peterburg universiteti Shıǵıs tilleri fakultetin tamamlaǵan, 1866-jılı Orenburg, 1867-jılı Túrkstan general gubernatorlıǵına jumısqa jiberilgen. A.Kun Samarqandta Ámir Temur kitapxanasın qıdırıw isleri menen shuǵıllanǵan. 1870-1872-jıllarda Iskenderkól ekspediciyasında qatnasıp, Zarafshannıń joqarı oazisinde jasawshı ózbek hám tájik xalıqları tillerin úyrenedi. A.Kun etnografıya, arxeologiya, tariyx hám ónermentshilikke tiyisli 4 bólimnen ibarat «Túrkstan albomı»n dúzedi (1872-jılı).

A.L.Kún Túrkstan-general-gubernatorı Kaufmannıń Xiywa xanlıǵına áskeriy atlanısında áskeriy másláhátshi bolǵan. Ol Xiywa xanı sarayınan 300 ge jaqın shıǵıs xalıqlarına baylanıslı

[204] Атлас промеров в низовьях Амударьи генштаба полковника А.В.Каульбарса. - Спб. 1888. часть 1-12.

áyyemgi hám orta ásirlerge tiyisli qoljazba shıǵarmalardı Peterburg qalasındaǵı imperator kitapxanasına tapsırǵan. A.Kun hám onıń toparı Xiywadan teńge basıp shıǵarıwǵa arnalǵan 200 nusqa qalıp, mórler toplamı, xan taxtı, Jojıxan dáwirine tiyisli 172 teńge, Qońırat dinastiyasınan bolǵan Xiywa xanlarınıń teńge quyıwshı qalıpler hám bir qatar etnografıyalıq buyımlardı, atap aytqanda, altın hám gúmis bezeklerdı alıp ketken. Ol Xiywa xanlıǵı aymaǵındaǵı xalıqlardıń tariyxı hám etnografıyasın úyreniwga ayrıqsha itibar qaratqan. A.Kun Aral flotiliyası sudnosı (keme) arqalı Qońırattan Shımbayǵa shekem baradı. Ol bul aymaqtaǵı xalıqlardıń tariyxı, etnografıyası, turmısı, xojalıǵı, hákimshilik basqarıw sisteması haqqında maǵlıwmatlar tóplaydı.

A.Kunnıń «Qońırattan Shımbayǵa shekemgi tómengi Ámiwdárya oazisi xalıqları mádeniyatı» («Культура оазиса Амударьи от Кунграда до Чимбая») shıǵarmasında Ámiwdárya oazisi xalıqları qaraqalpaqlar, arallı ózbekler, qazaqlar, olardıń qalaları, túrmıs tárizi haqqında kóplep maǵlıwmatlar qaldırılgan. Shıǵarmadaǵı maǵlıwmatlardı keltirip ótemiz[205].

Ámiwdáryanıń on jaǵasındaǵı kóshpeli qırǵız (qazaq) hám qaraqalpaq xalqı ushın Xojeliden keyingi oraylıq bazar Shımbay qalasında jaylasqan. Qala xalqı az sanlı bolsa da, bul jerde 300 ge jaqın úyler bolıp, sawda-satıq isleri tártipli túrde alıp barıladı. Qalada 150 ge jaqın dúkan hám turaqlı ustaxanalar jaylasqan. Bazar kúnleri satıwshı sawdagerler 400 ge jaqın adamdı quraydı. Qala orayınan Kegeyli kanalı aǵıp ótedi. Bazar duyshembi hám sárshembi kúnleri boladı. Xojeli, Úrgenish hám basqa da qalalarǵa sawda-satıq ushın kemelerde paxta, balıq hám basqada ónimler alıp barıladı. Shımbay qalasında úsh meshit hám bir mektep bar. Qala bunnan on bes jıl burın Allabergen máxrám tárepinen dıywal menen qórshap óralǵan. Yaǵnıy, shama menen 1858-jıllar átirapına tuwrı keledi. Házirde bul diywallar qulaǵan, izleri bolsa álleqashan joq bolıp ketken. Házir qala bazardı óz

[205] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая // Туркестанский сборник. Том 123. – С. 223-259; Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая // Туркестанский ведомости 1873. № 23-32; 1874. № 2-3.

aymaǵı sheńberine qamtıp alǵan. Shımbay qalasında baǵlar kem, tek qala sırtında ǵana aldıńǵı dawirdegi úlken baǵlar qalǵan.

Aytıwlarınsha, Shımbay qalası payda bolǵanlıǵına ele uzaq waqıt bolmaǵan, yaǵnıy bunnan 140-jıl burın bul jerge dáslepki ret qaraqalpaqlardıń otırıqlı mákan-jaylar qurılǵan[206]. Aqsaqal Temur hám onıń jeńil qolları menen usı mákan tez arada sawda-satıq qalasına aylanadı. Shımbayda dásturiy túrdegi sawda-satıq, yaǵnıy kóbirek balıq, júweri hám diyqanshılıq ónimleri satıladı.

Dáwqara kóli jaǵalawlarında kóshpeli qırǵız (qazaq), sonday-aq geypara qaraqalpaq urıwları jasaydı. Kólge jaqın jerde kishi Qilishqala qorǵanı bar. Qorǵan sırtında bir neshe onlaǵan úyler hám eki-úsh dúkan bar. Aldın, bul jerde ózleriniń bazar kúnleri bolatuǵın edi, házirde sawda-satıq isleri ushın Shımbay qalasına baradı. Dawqara kóli jaǵası qamıslıqlar menen oralǵan, bul kólde kemeler úlken qıyınshılıqlar menen qamıslıqlar ishinen júriwine tuwrı keledi. Bizler keyingi kúni Ámiwdáryanıń ońjaǵasındaǵı kishi qorǵan Nókiske keldik. Aldıńǵı dáwirde Nókis Ámiwdáryanıń on jaǵasında bolıp, tek ǵana jigirma verst tómengi aǵımında jaylasqan edi. Muxammed Ámin xan (Madamin xan) pármanına muwapıq qorǵanda jasawshılar basqa jerge kóshirilgen. Házirgi waqıtta bul jerde qorǵan diywallarınıń ayırım bólekleri saqlanıp qalǵan[207]. Nókis xalqı ózbeklerdiń nókis qáwiminen quralǵan, olar 200 jaqın úyden ibarat. Qorǵanda jasawshılar balıqshılıq hám diyqanshılıq penen shuǵıllanadı.

Qıpshaq qalası Ámiwdárya boyında jaylasqan. Qıpshaq xalqı ózbeklerdiń qıpshaq qáwiminen quralǵan, sharwashılıq hám diyqanshılıq penen shuǵıllanadı. Jerleri dáryanıń eki jaǵısında da bar, tiykarǵı jerleri dáryanıń shep jaǵasında jaylasqan. Dáryanıń ońjaǵasına qıpshaqlılar tek ǵana bahar hám jazda ótedi. Qala eki qorǵannan ibarat. Eski qorǵan Muxammed Raxim xan dáwirinde qurılǵan, jańa qorǵan eski qorǵan jaqınında jaqın dáwirde yomudlardan (turkmen qáwimi) qorǵanıw maqsetinde qurılǵan. Jańa

---

[206] A.Kun maǵliwmatları boyınsha Shımbay qalası 1730-jıllara qurılǵan.

[207] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая. – С. 231-232.

qorǵanda búgingi kúnde xalıq joq. Qıpshaqtıń tiykarǵı xalqı eski qorǵanda jaylasqan. Qalada 10 (on) ǵa jaqın dúkan hám ustaxanalar, 120 (bir júz jıgırma) úy, bir meshit hám bir mektep bar. Bazar háptede eki márte juma hám shembi kúnleri boladı[208].

Raximberdi biy-bazar Allaqulıxan wáziri Raximberdi biyge tiyisli jerler bolıp esaplanadı. Ol bul jerlerdi bunnan 30 jıl burın, yaǵnıy shama menen 1844-jıllar átirapında sawǵaǵa alǵan. Biy bul jerlerge Ámiwdáryadan kanal qazdırıp alıp keltirgen, bul jerde jumıs islewdi qálewshılerge jerdı ijaraǵa berip, salıq jıynap aladı. Raximberdi biyde jumıs islewshi adamlardıń bir neshe mákanları bolıp, olar jarımshı dep ataladı. Bul jerge xalıq xanlıqtıń barlıq jerlerinen jıynalǵan. Jerdıń birinshi xojayını bul jerdegi xalıqqa qolaylıqlar jaratıp, olarǵa kanal qazdırıp suw keltirgen. Házirgi waqıtta qorǵan dógeregi diywal menen qorshalǵan. Qorǵan diywalı ishinde 100 úy hám 50 dúkan bar. Onda kishi bazar maydanı bolıp, ekshembi hám juma kúnleri bul jerge qorǵan dógeregindegi xalıq hám dárya tárepten ózbekler sawda-satıq islew ushın keledi. Aymaqta 12 awıl bolıp, xalqı hár túrli millet: ózbek, sart, qırǵız (qazaq), qaraqalpaq, hátteki turkmenlerdi de ushratıw múmkin.

Raximberdi biy–bazar mákanın arqadan Sultan-ways tawı orap turıptı. Bul jerde jergilikli xalıq ushın muqaddes zıyarat ornı bolǵan Sultan-ways qábırı jaylasqan[209].

Házirgi Qıyat qalası Elbars xan dáwirinde qurılǵan, onshelli úlken bolmaǵan qorǵan 50 úyden ibarat. Qorǵan sırtında, arqa dárwaza tárepte 30 ǵa jaqın dúkan hám bazar jaylasqan. Qıyat qalası xalqı kópshiligi ózbek hám sartlardan ibarat. Qorǵannıń úlken bólegi bos bolıp, oyran jaǵdayda, bul jerde xojalıq júrgiziw isleri toqtap qalǵan, qorǵannıń usı bólegi qala sırtında mákan basqan. Shax-Abad (Shabbas) okrugi ájayıp gózzal aymaqta Nókis hám Raximberdi biy–bazar aralıǵında jaylasqan.

Ulıwma alǵanda, Raximberdibiy-bazardan Aq-qamısqa shekemgi Ámiwdáryanıń on jaǵasındaǵı jerler ónimdar bolıp,

---

[208] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая. – С. 236 – 238.

[209] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая. – С. 239 -244.

xalıq tıǵız jaylasqan. Usı aymaqta pútkil oazis baǵ hám egin maydanlardan ibarat, turmıs qızǵın. Dáryaǵa jaqın jerlerde kóshpeliler mákan basqan. Dáryadan uzaqtaǵı kanallardıń eki jaǵası boyında qatar awıllar mákan basqan. Ámiwdáryanıń tábiyiy deltalarınan basqa jáne bes kanal: Shoraxan, Bózjap, Shamjap, Biyjap hám Ómirjap kanalları jaylasqan. Shah Abad-Wáliy (Shabbas) ónshelli úlken bolmaǵan qorǵan bolıp, oyranaǵa aylanǵan áyyemgi Qıyat qalası órnında boy kótergen. Qalanıń áyyemgi bóleginde jartı oyrana minara jaqınında belgisiz imarat Shah Abad-Wáliy (Shabbas), Keshirmes-Baba mazarı hám eski qala diywalları qaldıqları saqlanǵan.

Áyyemgi paytaxt qalanıń bir múyeshinde házirgi Shah Abad-Wáliy (Shabbas) qalası diywallar menen oralǵan. Bul jerde 200 (eki júz) ge jaqın úy, 15 (on bes) dúkan, 2 (eki) meshit hám 2 (eki) mektep jaylasqan. Bazar piyshembi hám ekshembi kúnleri boladı. Bul jerdegi bazarǵa qońsı qalalar Xanqa, Úrgenish, Shoraxan, Raxmanberdi biy bazardan sawdagerler keledi.

Shah Abad-Wáliydegi pútkil sawda-satıq jergilikli xalıqtıń mútájliklerin qanaatlandıradı. Shah Abad-Wáliy, Raxmanberdibiy bazar hám Shoraxanda xan tárepinen qoyılǵan hákimleri joq. Bul aymaqlardı xannıń járdemshileri yamasa kádqudalar basqaradı. Bul degeni, usı qalalarǵa tiyisli pútkil jerler xanǵa hesh qanday salıq tólemeydi. Bul jerler xannıń járdemshileri hám úlken bólegi xan tuwısqanlarına tiyisli. Máselen, Shoraxan Seyd-Muxammed (Seyd-Magamed) xannıń dayısı Ámir Ul-Omir (Ul-Umeru) ge, Raxmanberdibiy-bazar xannıń atalas aǵası Eltuzar-Inaqqa tiyisli bolǵan. Hár biriniń bul jerlerde óz basqarıwshısı boladı, salıq jıynaw dáwirinde olar salıq jıynaydı[210].

Qaraqalpaqlar Shımbay qalasında jasawshı óz basqarıwshısına iye, júz bergen hár qanday urıs-jánjellerdı, máselen Aqqamıs jaqınında bolsa da bul jerdegi hesh bir qazı arzanı kórip shıǵıw huqıqına iye emes. Qaraqalpaqlarǵa tiyisli arzalardı Shımbay qalası qazısı sheshedi.

---

[210] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая.– С. 239 -244.

A.Kunnıń «Qońırattan Shımbayǵa shekemgi tómengi Ámiwdárya oazisi xalıqları mádeniyatı» shıǵarmasında Shımbay, Qıpshaq, Qıyat, Shah Abad-Wáliy (Shabbas) qalaları hám Raxmanberdibiy bazar makan jayları haqqında keń túrde maǵlıwmatlar beredi[211].

B.V.Andrianov birinshilerden A.L.Kun arxivinen Xiywa xanları hújjetlerin tawıp úyrenedi hám ilimiy aylanısqa kirgizedi[212]. Sol tiykarda XVIII-X1X ásirdegi qaraqalpaqlardıń etnogeografiyalıq jaylasıwı, etnikalıq quramı, qalaları, biyleri, salıq sestemasi, Xiywa xanlıǵı ushın beretuǵın nókerleri, qazıwǵa beldar toplaw isleri tuwralı tariyxıy maǵlıwmatlardi anıqlaydı.

**Nikolay Nikolaevich Karazin** (1842-1908-jıllar)–rus jazıwshısı, xudojnik hám ilimpaz. N.N.Karazin qaraqalpaqlar turmısı hám gózzal tábiyatı haqqında túrli janrlardaǵı suwretler avtorı esaplanadı. Ol 1874-jılı shólkemlestirilgen N.Stóletov basshılıǵındaǵı Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası esaplanadı. Onıń dóretiwshiliginde qaraqalpaqlar turmısı hám tábiyatı haqqındaǵı temalar ayrıqsha áhmiyetke iye.

A.N.Karazin 1874-jılda Xojeli qalasında bolǵanında, onıń ájayıp tábiyatı, ekonomikalıq turmısnıń joqarılıǵına tań qaladı hám «Xojelini-Ámiwdárya boyındaǵı Venetsiya» dep táriypleydi. Onıń sol dáwirindegi Xojeli qalası kórinisin sáwlelendirgen súwreti 1886-jılda «Xojeli bazarı» ataması menen «Niva» jurnalında basıp shıǵarıladı. Sol dáwirde qala bazarınıń orayınan aǵıp ótiwshi Súwenli kanalına qalanı óz ara tutastıratuǵın bir qatar basqa japlar da kelip quyılǵan. Kanaldan sawdagerler júklerdi tasıwda ishki transport baylanıs jolı sıpatında paydalanǵan, yaǵnıy, olarda keme hám sallar transport wazıypasın atqarǵan. Tariyxıy-geografiyalıq maǵlıwmatlar boyınsha Súwenliden Boyrashı, Jipekshi, Jadıger qazǵan, Bahaybek, Kólab, Ayrańlı usaǵan japlar suw alıp, olar kóshe wazıypasın da atqarǵan.

---

[211] Турганов Б., Худайназаров Д. Қубла Қарақалпақстан аймағындағы XVIII-XIX әсирлердге тийисли қалалары // "Қарақалпақстанда археология илиминиң жетискенликлери" атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. -Нөкис. 2019.– Б.116-119.

[212] Б.В.Андрианов. Архив А.Л.Куна // Этнография. -М.: 1951

N.N.Karazinnıń «Arqadan qublaǵa» (С Севера на юг – СПб., 1905, Изд. П.П.Сойкина) romanındaǵı waqıyalardıń bir bólegi Aral teńizi Qubla jaǵalawları hám Ámiwdárya boylarında bolıp ótedi. Ol romanında óz jolında kórgen tábiyat kórinislerin, qalalar, insanlar turmısın isenimli tárizde bayan etedi. Atap aytqanda, onıń Toqmaq ata haqqındaǵı ápsanası qaraqalpaq balıqshılarınıń ótmishdegi túrmıs tárizi haqqında qızıqlı maǵlıwmat bolıp tabıladı. N.Karazin tárepinen áyyemgi Shımbay qalası haqqında kóplep tariyxıy gúrrinler hám rawayatlar jazıp alınǵan. Máselen, onıń «Arqadan qublaǵa» romanında Shımbay qalası táriyplengen, usı maǵlıwmatlar boyınsha eski qala maketin qayta tiklew múmkin. N.N.Karazin tómengi Ámiwdárya boylarındaǵı kóplep jerlerde boladı. Onıń sociallıq turmısqa tiyisli motivlerindegi táriyplewlerinde miynetkesh xalıq bolǵan diyqanlar, sharwadarlar, balıqshılardıń awır turmısı kórsetilgen[213].

Karazin Taras Shevchenkodan soń Rossiya xudojnikleri arasında birinshi bolıp qaraqalpaqlar turmıs tárizin súwrette táriypleydi. Qaraqalpaq xalqı hám úlkesi tábiyatınıń ózgesheliklerin Rossiya hám batıs Evropa mámleketleriniń túrli baspaları (Живописная Россия. Т. Х. 1885, «Всемирная Иллюстрация». Т., XIII, 1875), (Jurnal «Нива», № 44, 1874) hám basqa arqalı keń jámiyetshilikke tanıstıradı. Onıń «Aral teńizi kórinisi», «Aral teńizi», «Ústurt», «Ámiwdárya eskekshileri», «Qaraqalpaq», «Qaraqalpaqlar úyi», «Qamıslı jaǵıs», «Qaban», «Jolbarıs», «Balent dalańlıqlardaǵı kiyik», «Seksewil», «Sarı kóldegi balıqshılar», «Kishkine arba», «Qaraqalpaqlar túrleri», «Nókis awılı», «Shılpıq áyyemgi qorǵan», «Janıp turǵan jalıń dógereginde» qusaǵan kartinaları sol dáwirdegi qaraqalpaqlar turmısı hám gózzal tábiyatı haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar beredi[214]. N.N.Karazin ilimpaz sıpatında da bir qatar isler alıp baradı. Ol 1874-jılı Shımbay bazarınan seksen jaslı kempirden «Qatınlar xanlıǵı» hám basqada bir neshe ápsana

---

[213] Каразин Н.В. Низовья Аму. Путевые очерки «Вестник Европы» 1875. № 2-3. // Туркестанский сборник. Том, 76, – С. 204-205.

[214] Живописная Россия Том. Х.–СПб.,1885; Нурмухамедов М.К. Шығармаларының еки томлығы. I том. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1983. – Б. 255-259,261.

hám erteklerdı jazıp aladı. Bunday xalıq áwızeki dóretiwshiligi dóretpeleri, qaraqalpaq folklori marjanları esaplanadı.

N.Karazin Shımbay qalası haqqında maǵlıwmatlar beredi[215]: Shımbay bazarı, kósheleri tar hám qısqa. Shımbayda tastan qurılǵan úyler az. Pútkil qala paqsa diywallar menen 1,5 verst shamasında oralǵan. Qaraqalpaqlar jazda jaylawǵa kóship, qısta Shımbay qalasına qaytıp keledi. Olar qırmandı birgelikte jıynaydı. Qaraqalpaqlardıń ulıwma xalqı qırq mıń qara úyge jaqın.

Kegeyli kanalı Shımbay qalası oraylıq kósheleriniń birinen aǵıp ótedi. Kegeyli kanalınıń tómengi aǵısı bir neshe japlarǵa ajıralıp ketedi. Kegeyli anǵari–bul Shımbay qalası turmısı, ol tiykarǵı suw jollarınan biri bolıp esaplanadı.

N.N Karazinniń miynetlerinde úlkemiz hám Shımbay qalası tariyxı boyınsha maǵlıwmatlar berilgen. Bul óz gezeginde tariyxımizdıń úyrenilmegen betlerin tolıqtıradı.

**Riza-kuli Mırza maǵlıwmatları -** Ámiwdárya ekspediciyası aǵzasi, iranlı shahzada, Rossiya imperatordıń fligel-adyutantı hám gvardiya polkovnigi bolıp tabıladı. Onıń «Ámiwdárya oblastınıń qısqasha bayanlaması» atamasındaǵı shıǵarma bar[216]. Shıǵarma Riza-kuli Mırzanıń «sóz bası» menen baslanadı. Onda «men Orta Aziyalılardıń, Zakavkazie hám Azerbayjandaǵı qáwimlerdiń turmısındaǵı ayrıqshalıqdı kórsetiwge talpındım»-dep kórsetilgen. Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń turmısı, úrip-ádeti, mádeniyatı haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen.

Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń milliy dástúrlerinen toyları, ayaq oyınları haqqındaǵı gúrrińi (jigitlerdıń sekirip oynawları, hayal-qızlardıń átkónshek tebiwleri hám basqa) kitap, qaǵaz, qálem, dáwet tuwralı maǵlıwmatları qızıǵıwshılıq tuwdıradı[217]. Sonday-aq, Tasqırman, Shımbay qalası tuwralı ápsanalardı bayanlaydı[218].

---

[215] Каразин Н. В низовьях Аму. Путевые очерки..– С.204-205.

[216] Краткий очерк Амударьинской области. Составлен персидским принцем Риза-Кули Мырза флигель-адъютантом его императорского величества и гвардия полковником. –СПб., 1875.

[217] Краткий очерк Амударьинской области… –С.34-35.

[218] Sol jerde. 7-8 bet.

Shıǵarmada geypara tartıslı pikirler de bolıwına qaramastan qaraqalpaq xalqı tariyxı ushın áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Shıǵarmada qaraqalpaqlardıń turmısi, tiykarınan Shımbay qalası tariyxı haqqında maǵlıwmatlar berilgen[219]. Bunda qaraqalpaqlar arasında otırǵan basqa qáwimler haqqında da sóz etiledi.

«Shımbay qalası xalqı úsh qáwimnen (millet-T.B.) turadı: qaraqalpaqlar, qazaqlar, arallı ózbekler. Bul jerde ózbekler 150 úy, yaǵnıy 750 jan. Olardıń barlıǵı otırıqshı turmıs keshiredi. Kópshiligi Shımbaydıń qalasında hám qala dógereginde turadı. Olardıń sanı tuwralı maǵlıwmat tekseriwdi talap etedi, sebebi pikirler hár túrli.

Xiywa xanliǵında jigirma mıńnan aslam persiyalı qullar bolǵan. Xiywa basıp alınǵannan keyin olar azat boldı. Bul jarlı xalıq ayanıshlı jaǵdayǵa kelgen. Olar meniń Shımbay qalasına kelgenimdi esitip, bizlerdi Persiyanıń shahı óz eline qaytarıw ushın jibergen dep oylaptı. Men olarǵa kóp qıyınshılıq penen onıń biykar gáp ekenin, Rossiya mámleketiniń xızmetkeri sıpatında kelgenimdi, ullı dárejeli imperatordıń xızmetinde ekenimdi ayttim.

Shımbay bóliminde samal táwir-aq qattı esedi, kóp shańǵıt kóteriledi. Bir kúni júdá ıssı boldı, termometr quyashta 48 $^{0}$ tı kórsetti. Usı jıldıń úshinshi iyulinde úsh sutka qatarınan nóser jawınnan keyin termometr túste 26 $^{0}$, suwda 20 $^{0}$ boldı. Bul jerde qalalılardan basqa qáwimlerdiń barlıǵı qara úyde jasaydı. Qalalılar qam gerbishten órilgen jaylarda turadı. Qurılısta aǵash az jumsaladı, jaydıń áynek qapıları ǵana aǵashtan boladı. Jayları bir qabatlı, tóbesi jalpaq, aǵash jayıp, qamıs penen bastırıp topıraq salınadı. Terezeleri aynalanǵan úyler de ushırasadı, kóbinshe kúndiz ashıp, aqshamǵa qaray jawıp taslaytuǵın taqta terezeler. Jaylar bir bólme bolıp keledi, tek qurǵın xojalıqlarda dáliz boladı. Jaydıń ultanı qurı jer. Peshleri (oshaq) júdá ápiwayı, tek tútin shıǵatuǵın trubka. Kópshilik jaylarda ol da joq, ortadan shuqanaq qazadı da oǵan ot jaǵıp tamaq pisirip ishedi. Sol otqa jılınadı.

---

[219] Риза-кули Мырза Әмиўдәрья областынның қысқаша баянламасы //Әмиўдәрья журнал,1992, №2,– Б. 92-102

Tútin shıǵıw ushın tóbeden tesik qoyadı. Shımbayda usı waqıtqa deyin bir de monsha joq. Shımbaydıń kósheleri júdá jaman. Dúkanlar tártipsiz hám sistemasız túrde birine-biri tutastırılıp qurılǵan. Biraq dúkanda zatlardıń túri kóp, sapası onsha emes[220].

Biziń túsinigimiz benen qaraǵanda Shımbay qala emes, al sárshembi hám shembi kúnleri dógerektegi elatlardıń adamları jıynalıp sawda-satıq etetugın orın. Usı maqsette shıǵıstan batısqa qarap aǵatuǵın Kegeyli arnasınıń eki jaǵasına tórt júzge jaqın dúkan ornalasǵan.

Shımbayda bes meshit, eki medrese bar. Bazar maydanshası xannıń burıngı baǵınıń ornına islengen. Aǵashları shawıp taslanǵan.

Shımbay bólimindegi kópshilik xojaliq buyımları Xiywa yamasa Úrgenish qalalarinda tayarlanǵan. Ílaydan islengen ıdıslardıń, geybirewleri sırlanǵan. Úlken hám kishkene tarelkalar forması boyınsha biziń qol juwatuǵın chashkalarǵa uqsas. Olardıń bahası biziń baha menen bes, on, on bes, geyde jıgırma tıyınǵa deyin baradı. Gilem toqıw barlıq jerde keń eń jayǵan, biraq gilem-lerinin` ayırımlari kavkaz gilemlerine usaǵan menen onsha sapası jaqsı emes, kiyizleri, ásirese aq kiyizi, júdá jaqsı islenedi. Gilem-niń bahası altı somnan otız somǵa dıyin baradı, kiyizdiń bahası bes som menen jıgırma somnıń arasında boladı.

At-ulaw ushın islenetuǵın er-sayman hám ánjamları Iran menen Kavkaz artı ellerine uqsas, biraq jergilikli ustalar onsha ko`rkem soǵalmaydı eken.

Kegeyli menen Quwanısh jarmanıń eki boyı, Shımbay qala-sınıń dógeregi úsh–bes shaqırım kólemdegi jerler qaraqalpaqlar ekken baǵlar menen búrkelgen. Bul baǵlarda terek, tal, erik, shabdal, alma, anar, jiyde ósedi. Olardıń baǵlarǵa qarawı jaqsı. Shımbay bóliminde gúl ósiriw joq. Tek shayxananıń qasında gúl bar. Bul jerde Hajı-Duvan atlı iranlıqlar turadı (14 adam). Olar eki yarım kvadrat sajen jerge gúl ekken. Qaladaǵı adamlardıń qaysı óner menen qanshası shuǵıllanatuǵını tuwralı men birqansha maǵlıwmat jıynadım. Olardan: sabın islep shıǵarıwshılar-20 ad-

[220] Sol jerde.

am, zerger hám mıskerler-5 adam, un qarazshılar -6 adam, etik-shiler-16 adam, ǵárrekshiler -3 adam, temirshiler-6 adam, aǵash ustalar-10 adam, juwazshılar -10 adam, nanbayshılar - 8 adam, kónshiler - 8 adam, tárezishiler ólshewshiler -3 adam, qassaplar – 20 adam, malaqayshılar – 5 adam, azanshılar- 2 adam, imam – 2 adam, muftiy – 2 adam, qazı -30 adam (?), molla -40 adam (?), suwpı –2 adam, pul almastırıwshı -3 adam, dáldalshı – 5 adam, shashtárez – 4 adam, jámi – 210 adam.

Bul jerde bir de fabrika joq.

Xiywa menen Shımbaydıń dógeregin jaylaǵan qazaqlardıńda ayrıqsha atı shıqqan bayları bar. Olar Taǵay-bay, Áy-Mámbetbay, Odurbay. Bulardıń hár qaysısınıń baylıǵı (qoy menen jılqısı) jıgırma mıń somǵa baradı.

Kúnlikshi jazda kúnińe qırıq tıyın aladı (awqatı xojeyinnen), al basqa máwsimlerde jigirma tıyın. Shımbaydaǵı hám Xiywa xanlıǵınıń barlıq jerindegi joqarǵı ólshem batpan dep ataladı, ol eliw funtqa teń.

Shımbaydaǵı tórt júz qırq eki dúkanda mınaday zatlar menen sawda etedi: Qımbat tawarlar - 22 dúkan, dári darmaq hám azıq-awqat zatları- 31 dúkan, shapanlar- 26 dúkan, juwaz hám qarazxana -51, temeki, shay hám qant dúkanları - 102 dúkan, bo-yawxana 32, ustaxana- 28 dúkan, sabın -5 dúkan, qassapxana - 28 dúkan, nanbayxana-11 dúkan, sandıq -13 dúkan, may ónimleri – 11 dúkan, balıq – 4 dúkan, aqsha almastırıw -3 dúkan, malaqay -5 dúkan, kómir -6 dúkan, etik hám gewish mási -23 dúkan, may 7-dúkan, tas ıdıslar -2 dúkan, jońıshqa -4 dúkan ha`m basqa da dúkanlardin` barlıǵı - 442 dúkang`a jetedi[221].

Basqa jerler menen sawda-satiq isleri túye kárwanlarında júri-tiledi, al Buxara menen Ámiwdárya suw jolı arqalı alıp barıladı. Kárwanlar Orenburg hám Qazalı (Sırdarya boyındaǵı) qalalarına qatnaydı. Kárwanlar Shımbayǵa kelgende kóplep tovar alıp keledi, al qaytarda onsha kóp ónim alıp qaytpaydı.

Shımbaydıń bazarında satılatuǵın mallardan alınatuǵın alım pulınıń muǵdarı: at hám túyeden - qırq tıyın, sıyır, ógiz, eshekten

[221] Sol jerde.

- 20 tıyın, qoydan–10 tıyın, otın hám mal otı satqanlar hesh nárse tólemeydi.

Shımbay qalasında eki medrese bar[222]. Olardıń hár qaysısında 25 ten bala oqıydı. Medresede turli tiller oqıtıladı: parsı, túrk, arab hám shıǵatay tilleri. Bul tillerde balalar jazıp hám oqıy alatuǵın boladı. Esapqa da úyrenedi, ol «Handusá» (handasa) dep ataladı. Qaǵaz Buxaradan aldırıladı, qálemi qamıstan. Men qaǵazı, qálemi hám sıyasınan úlgi ushın ákelip, geografiyalıq jámiyetke tapsırdım. Ol jerdegi medreselerde mınaday kitaplardı kórdim. Qazanda basılǵan Qoran-karım, júdá eski waqıtta Buxarada jazılǵan. Muxtaser-diniy mazmundaǵı kitap. Hijriy jildiń 1282–jılı Shımbayda jazılǵan Háfiz shiǵarmaları; hijriy jildıń 1250–jılı Buxarada shıǵatay tilinde jazılǵan Nawayı shiǵarmaları. Bulardan basqa jáne úsh kitapdı rus geografiyalıq jámiyetine tapsırdım».

Riza-kuli Mırza miynetinde Shımbay qalasınıń abadanlastırıw islerine baylanıslı maǵliwmatlar da berilgen; Kegeyli hám Quwanıshjarma kanalınıń eki jaǵasında, Shımbay qalasınıń átirap-larında sup-sulıw baǵlar ırǵalıp tur[223]. Usı baǵlardıń gúllán baylıǵı onshama kóp emes terekler, tallar, erik, shabdal, alma, almurt hám jiyde bar. Biraq ne ósip atırǵan bolsa, sonıń bári kewildegidey jaqsı miywe beredi. Shımbayda gúl ósiriwshilik degen joq.

Qaraqalpaqlardıń oraylıq qalası Shımbay geografiyalıq jaqtan qolaylı jerde ornalasqan. Kegeyli kanalın jaǵalap oǵada kóp xalıq qonıs basqan. Shımbayǵa shekem suw jolı baradı, ol bazardı, Ámiwdárya bólimi hám Xiywa xanlıǵınıń barlıq baslı punktleri menen baylanıstırıp turadı[224]. Shımbaydan tovarlar suw jolı arqalı Jańa Úrgenshke hám basqa da jerlerge tasıp alıp barıladı. Bunnan tısqarı, Shımbayda qurǵaqlıqtaǵı jollar da biri-biri menen tutasadı, usı jollardıń eń baslıları Nókis, Dawqara hám Kegeyliniń tómengi jaǵalawları arqalı ótedi.

**N.A.Maev maǵlıwmatları**. Ol dáslep 1848-1849 jıllarda №1 port, yaǵnıy Kazalinsk qalasınan Aral teńizi, Ámiwdáryanıń

---

[222] Sol jerde.
[223] Қарақалпақлардың тарийхы бойынша дәреклер.– Б. 92,95.
[224] Sol jerde.

quyarlıq jerinen Qońıratqa shekemgi aymaqlarda ótkerilgen ekspediciyada qatnasadı hám aymaqtıń geografiyası, tariyxı, qalaları haqqinda maǵliwmatlar jıynaydı.

Ámiwdárya Qıpshaq qalasınan soń deltalarǵa ajıraladı[225].

1). Lawdan- dáryanıń shep jaǵası Qıpshaq qalasınan batısta 30 verst tómende Bestóbe tawına qarama-qarsı jerden baslanıp Aybuyır kóline quyadı.

2). Quwanısh-jarma yamasa Kókózek deltası Xojeli qalasınan ońda qarama-qarsı tárepke ajıraladı.

3).Qarabaylı - Lawdan hám Quwanısh-jarma deltalarınan arqa-batısta Ámiwdáryadan baslanadı.

4). Úlken dárya - Altinkólden baslanıp Ámiwdáryanıń teńiz tárepdegi tómengi aǵısı boylap aǵadı hám Tallıq deltasına quyadı.

5). Tallıq deltası hesh bir kólge qoymaydı, tek ǵana Ámiwdáryanıń bir ańǵarı bolıp, Qońırat qalasınan tómeni Tallıq dep ataladı, teńizge shekem baradı hám bir neshe mayda ańǵarlarǵa bólinip ketedi.

**Qaraqalpaqlar.** Qaraqalpaqlar Úlken dárya, Qazaq dáryadan baslap Dáwqara kóline shekemgi aymaqlarda ornalasqan[226]. Olar 10 000 (on mıń)ǵa jaqın qara úyden ibarat. Kópshiligi diyqanshılıq penen shuǵıllanadı, olardı aqsaqallar basqaradı. Olar Xiywa xanına salıq, sharwa malları ushın zakat, yaǵnıy júz qoyǵa bir, jigirma shaqlı qara malǵa bir, altı túyege bir túye salıq tóleydi. Bunnan tısqarı, 25 000 tilla, urıs dáwirinde 4000 nóker beredi. Geypara waqıtlarda, salıq tólewden bas tartadı, salıq jıynawshılarǵa narazılıq hám qarsılıqlar da kórsetedi. Olarda balıqshılıq jaqsı rawajlanǵan, bunıń ushın olarda kemeler bar. Bunday kemelerden Qońırat qalasınan teńizge shekemgi aralıqta 150 (bir júz elıwı) keme jıynaw múmkin. Olardıń úlkenlerı 300 pudqa shekem, kishkineleri 50 pudqa shekemgi júklerdi kóteredi. Qaraqalpaqlar XVIII ásirdıń ekinshi yarımında qazaqlar menen kelise almay, tómengi Sırdárya boylarınan házirgi jerlerine kóship

225 «Ежегодник». Материалы для статистики Туркестанский край. под ред. Н.А. Маева. Вып. II. 1873. // Туркестанский сборник, Том.60. – С. 28.

226 «Ежегодник». Материалы для статистики Туркестанский край. – С. 35.

kelgen. Qaraqalpaqlarǵa geypara waqıtlarda túrkmenler hám xiywalıqlardıń salıq jıynawshıları basqınshılıqlar shólkemlestirip turadı. Qaraqalpaqlar tınıshlıq suyıwshı xalıq bolsa da, bir neshe ret Xiywa xanına qarsı kóteriliske shıqqan. Máselen, 1855-1856-jıllarda Ernazar Alakóz basshılıǵında kóterilis bolıp ótti.

Tómengi Ámiwdárya oazisinde qazaqlardıń túrli urıwları jasaydı, olardıń ishinde tabın, cheklin, kishkene cheklin hám qarakesek urıwları kópshilikti quraydı. Qazaqlardıń bir bólegi, yaǵnıy 2000 (eki mıń) ǵa jaqını qaraqalpaqlar arasında kóship júredi. Olardıń jasaw sharayatı hám túrmıs tárizleri birdey, basqa úlken bólegi, yaǵnıy 5000 (bes mıń) ǵa jaqını Tallıqtıń eki aǵısınan Aybuyır qoltıǵına shekem mákan basqan. Qazaqlar tiykarınan sharwashılıq penen shuǵıllanadı. Jazda óz sharwaların Ámiwdárya jaǵası boyında baǵadı.

**Qońırat**. Qońırat qalası xalqı ózbekler, qazaqlar, sartlar hám azǵantay bólegi iranlı qullardan ibarat[227]. Turkmenler bul jerde geypara waqıtlarda boladı. Qońırattıń ulıwma xalqı 6-8 (altı-segiz) mıń adam shamasında. Sawda-satıq isleriniń bir bólegi hám paxtashılıq sartlardıń qolında esaplanadı. Basqa barlıq xalıq pútkilley diyqanshılıq, sharwashılıq hám azlı-kem muǵdarda jipekshilik penen shuǵıllanadı. Qońırat qalası kóshpeli qazaq, qaraqalpaq, túrkmenlar ushın áhmiyetli sawda orayı esaplanadı, bul jerde kóplep diyqanshılıq hám sharwa malları satıladı. Qońıratlıqlar jerden paydalanǵanlıǵı ushın Xiywa xanına salıq tóleydi. Salıq eki túrde: natural hám pul formasında alınadı. Pul menen tek ózine toq jer iyeleri salıq jıynawdan aldın hár bir tanap jer ushın úsh teńgeden bes teńgege shekem, yaǵnıy suwǵarılıw sharayatına qarap tóleydi. Kimde-kim salıqdı aldınnan tólewge jaǵdayı kelmese, ol qırmandı jıynaw dáwirinde ónimnıń 1/3 teń bir bólegin salıq sıpatında tóleydi. Qońırat Tallıq deltasına jaqın jerde jaylasqan bolıp, tıs formasındaǵı paxsa diywallar menen qorshalǵan. Qalada artilleriya joq. Qala tısqarısındaǵı barlıq úyler

[227] «Ежегодник». Материалы для статистики Туркестанский край. под ред. Н.А. Маева. 1873. – С. 37.

oyrana bolǵan. Qalada hákimnıń úyi hám 3000 (úsh mıń)ǵa jaqın qara úy bolǵan.

**Qońırat qalası haqqındaǵı maǵlıwmat**. Qońırat qalası bunnan 200 jıl burın (yaǵnıy 1673-jıllar) qurılǵan[228]. Ol dáwirde Muxammed Nazarbiy Qońırat begi bolǵan. Soń onıń inisi Seyidnazar biy Qońırat biyi bolǵan. Sol dáwirde Qońırat qalası dıywal menen qurshalǵan, tórt dárwazası bolǵan. Qońıratta Xojamurat biy, soń Tóremurat biy qalanıń hákimi bolǵan. Tórebiy qaytıs bolǵannan soń Qońıratqa Berdibay hám Muratniyaz biylar altı jıl biylik qılǵan. Olardan soń Palwanbiy, Kishi Muratbiy Qońırattı basqaradı. Olardan soń Muratniyaz biy, Seyitnazar biy, Seyitmurat biyler basqaradı. Qońıratta eki meshit, júzden aslam dúkanlar bolǵan. Urıslar nátiyjesinde Qońırat qalası diywalları qulap qalǵan. A.Kun Qońıratta Tajımurat biy, Seyidbiy, Niyaz biylerdeń tariyxıy gúrrinlerdı jazıp alqan.

**Xojeli -** Xiywa qalasınıń arqa-batısında 127 verst qashıqlıqta jaylasqan[229]. Xalqı ózbekler, átirapında qazaq hám qaraqalpaqlar kóship júredi. Danilevskiy kelgen waqıtta qala qorǵan menen qurshalmaǵan. Házirde turkmenlerdıń basqınshılıqlarınan qorǵanıw maqsetinde qorǵan qurılǵan, biraq áhmiyetsiz áskeriy garnizon, jámi 30 (otız)ǵa jaqın nókerler bar, awır qurallanǵan armiya joq.

Ámiwdárya deltalarında Xiywa xanlıǵındaǵı bir neshe qorǵanlar bar. Olar Vais-mama, Qorǵansha, Jańa Nókis, Bent hám basqa.

**Nókis.** Jańa Nókis qorǵanı fligel-adyutant Butakov «Obruchev» atlı barkazında Qarabaylı deltasına jaqın jerde kórgen. Bu qorǵan Qarabaylı deltası baslanıwınan joqarıda 14,5 verst qashıqlıqta jaylasqan. Eski Nókis oyranalarınan 5-10 verst

---

[228] Санкт-Петербургдеги Шығыстаныў институти Шығыс архиви бөлими. Фонд 33. А.Л. Кун, опис I, дело,– Б. 10,14. //Шамамбетов Б., Юсупов О. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. -Нөкис. 1995. –Б.71.

[229] «Ежегодник». Материалы для статистики Туркестанский край. под ред. Н.А. Маева. Вып. II. 1873.–С. 37.

tómende. Jańa Nókis qorǵanı uzınlıǵı 200 (eki júz) sajen, qorǵan balentligi 3 sajen. artelleriya joq[230].

Tómengi Ámıwdárya oazisinde qaraqalpaqlar 10000 (on mıń) qara úy, ortasha hár bir úyde bes adam bolǵanında 50000 (eliw mıń) adam, qazaqlar 7000 (jeti mıń) qara úy yamasa 35 000 (otız bes mıń) adam esaplanadı. Qońırat qalasında 8000 (segiz mıń) xalıq, Xojeli qalasında 8000 (segiz mıń) xalıq, basqa qorǵanlarda shama menen 1000 (bir mıń ) adam bolǵanda, tómengi Ámiwdárya oazisinde jámi 102000 (bir júz eki mıń) xalıq bar.

Patsha Rossiyasınıń koloniyalıq siyasatındaǵı maqsetlerden biri Ámiwdáryanıń tómengi alabında paxta egiletuǵın egislik maydanların keńeytiw agrar tarawdaǵı baslı baǵdarlardan biri boldı. Paxta hám shiyki zat ónimlerin Rossiyada jaylasqan sanaat kárxanalarına alıp ketiw ushın jol transport qatnasıqların jaqsılawdı talap etti. Agrar qatnaslar boyınsha kóplep miynetler avtorı O.Shkapskiy "Ámiwdarya ocherkleri. Tómengi Ámiwdárya aymaǵındaǵı awıl xojalıǵı mashqalaları" («Амударьинские очерки. К агроному вопросу на нижней Амударье. -Ташкент, 1900)» miynetinde tómengi Ámiwdárya oazisinde diyqanshılıqtıń rawajlanıwı dárejesi, onıń keleshegi haqqında izertlew júrgizedi. Bul miynetde O.Shkapskiy «Xiywa oazisinıń shette jaylasıwı hám basqa xalıqaralıq jollar hám mámleketler menen baylanıslardıń jolǵa qoyılmaǵanlıǵı jergilikli awıl xojalıq ónimlerin eksport islewge tosqınlıq etpekte»[231] - dep jazadı. Ol Ámiwdáryanıń tómengi tárepinde paxta maydanların keńeytiwdi biyday egilgen maydanlardı qısqartıw esabınan hám Ámiwdáryanıń tómengi tárepinen Rossiyaǵa (Krasnovodsk yamasa Uralsk) temir jol ótkeriw arqalı ámelge asırıw múmkin ekenligi kórsetedi.

Patsha Rossiyası tómengi Ámiwdárya oazisindegi ishki hám sırtqı jollardı úyreniwge ayrıqsha itibar qaratıladı. Xiywa xanlıǵı hám qubla Aral boyları qalaların baylanıstırıwshı ishki hám qońsı mámleketler menen baylanıstıratuǵın jollar haqqında «Turkistan áskeriy okrugi haqqında áskeriy-statikaliq maǵlıwmatlar. Xiywa

[230] Sol jerde.

[231] Шкапский О. Амударьинские очерки. К аграрному вопросу на нижней Амударье.-Ташкент. 1900.–С.201.

rayonı» («Военно-статистическое описание Туркестанского военного округа. Хивинский район. (-Ташкент, 1912)») toplamında maǵlıwmatlar berilgen. Bul toplamda tómengi Ámiwdárya oazisindegi ishki jol qatnaslarında tómendegi baǵdarlardıń áhmiyetke iye ekenligi atap ótiledi[232]:

1. Petro-Aleksandrovsk-Nókis-Shımbay (234 verst), Nókis-Qońırat (84 verst) baǵdarları áhmiyetli oraylardı hám Xiywa xanlıǵınıń arqa bólimin baylanıstırǵan;

2. Xiywa-Xazavat-Góne Urgenish-Qońırat (260 verst) Xiywa xanlıǵınıń qubla hám arqa bólimlerin baylanıstırǵan;

3. Petro-Aleksandrovsk-Xanqa -Xiywa (67 verst) hám Petro-Aleksandrovsk-Xanqa-Jańa Úrgenish –Shabbaz - Góne Úrgenish (219 verst) Petro-Aleksandrovsk qalası menen Xiywa qalasın hám xanlıqtıń basqa áhmiyetli qalaları menen baylanıstırǵan.

Tómengi Ámiwdárya oazisin sırtqı qalalar menen baylanıstırıwshı jollar: «Xiywa oazisin Tashkent hám Orta Aziya temir jolları menen baylanıstırǵan Ámiwdárya arqalı Charjowdan Aral teńizine shekem hám Aral teńizinde Ámiwdáryadan Aral teńizi pristanına shekemgi qolaylı jollar» baǵdarları arasındaǵı aralıq ólshemler haqqındaǵı maǵliwmatlar berilgen[233]. Bunda «joldıń dárya bólimi (350 verst) úsh sutka átirapında basıp ótiwge boladı,» dep kórsetiledi[234].

A.O.Brikelmeyer, K.V.Nikolaevskiylerdıń «Kaspiy–Aral temir jolındaǵı ekonomikalıq qatnasıqlar» joybarında Qubla Aral boyları, Ústirt keńisliginiń tábiyiy baylıqları, Shıǵıs elleri menen sawda baylanısları, sharwashılıq, balıqshılıq, suwǵarma diyxanshılıq, paxtashılıq, baǵdarshılıqtıń rawajlanıwı hám onıń keleshegi haqqında júdá bay materiallar toplanǵan. Bul joybarda Orenburg-Tashkent baǵdarına qaraǵanda Charjow-Aleksandrov Gay baǵdarınıń ekonomikalıq jaqtan úlken áhmiyetke iye ekenligi bastan-aq málim bolǵanlıǵı atap ótiledi[235].

---

[232] Военно– Статическое описание Туркестанского военного округа. Хивинский район.-Ташкент, 1912.–Б. 22.

[233] Военно– Статическое описание Туркестанского военного округа.– Б. 24.

[234] Военно– Статическое описание Туркестанского военного округа.-Б.26.

[235] Каспийско - Аральская железная дорога в экономическом отношении. К проекту А.О.Брикельмейера и К.В.Николаевского. –СПб., 1914.

## Juwmaqlaw

Xalqımız tariyxınıń belgisiz betlerin jarıtıwda jazba dereklerdıń áhmiyeti oǵada úlken bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XIX ásirlerdegi tariyxına baylanıslı maǵlıwmatlar Xiywa xanlıǵı arxivleri, Munis, Agahiy hám qaraqalpaq shayırları Jiyen Jiraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq shıǵarmaları menen bir qatarda Shıǵıs Evropalı elshi, sayaxatshı, áskeriy qánigeler, mámleketlik ǵayratkerler shıǵarmalarında, eslewlerinde kóplep ushıraydı. Sebebi, XVII-XIX ásirlerde Rossiya imperiyası Orta Aziyanı basıp alıw maqsetinde kóplep maǵlıwmatlardı jıynawǵa qızıǵıwshılıǵı kúsheygen dáwir bolıp tabıladı.

Bul dáwirde ruslardıń áskeriy-siyasıy, diplomatiyalıq, sawda-satıq, ilimiy hám basqa maqsetlerdegi ekspediciyaları, elshilik saparları, sayaxatları Orta Aziya xalıqlarınıń tariyxı, túrmıs tárizi, jasaw sharayatı, geografiyalıq jaylasıwı hám mádeniyatı haqqındaǵı dereklerdı jáne de tereńlew hám sın kóz-qarastań úyreniw úlken áhmiyetke iye. Atap aytqanda, olarda qaraqalpaq xalqı tariyxı, etnografıyası hám mádeniyatı haqqında da kóplep qımbatlı maǵlıwmatlar berilgen. XVII-XVIII ásirler qaraqalpaq xalqı tariyxında quramalı siyasıy waqıyalar, gúresler, jetiskenlik hám mashqalalarǵa tolı dáwir sıpatında túsindiriledi. Bul dáwirde Buxara xanlıǵı, Qubla Aral boyları hám Ural dógereginde jasap atırǵan qaraqalpaqlar menen Sırdárya boylarındaǵı qaraqalpaqlardıń óz ara baylanısları kúsheyip Túrkistan qaraqalpaqları dógereginde jámlesiw procesi júz bermekte edi. 1723-jılǵı jońǵar qalmaqlarınıń Sırdárya boylarına basqınshılıq júrisleri bul procestıń tosqınlıqqa ushırawına sebep boladı. Hátteki, bul dáwirde qaraqalpaqlar óz mámleketshiligine iye bolǵan. Bul mámlekettıń basında Tabarchuk Sultan, Ǵayıp Sultan, Ishim Muxammedxan uqsaǵan húkimdarları bolǵan. Jońǵar qalmaqlarınıń basqınshılıǵınan qorǵanıw maqsetinde Ishim Muxammedxan 1722-jılda Rossiya mámleketi menen doslıq múnásibetlerin jaqsılawǵa háreket qılǵan. Máselen, 1721-jılı qaraqalpaqlar xanlıǵına kelgen rus elshisi D.Vershinin menen birge 1722-jılı qaraqalpaq elshileri Jánibek batır basshılıǵında

Peterburqa baradı. Biraq, 1723-jılı qaraqalpaqlar jonǵarlar basqınshılıǵı nátiyjesinde ekige ajıralıp ketedi.

Usı oqıw qollanbanıń ilimiy áhmiyeti hám aktuallıǵı sonnan ibarat, XVII-XIX ásirler qaraqalpaq xalqı tariyxında quramalı dáwir bolıp esaplanadı. Bu dáwirde qaraqalpaq xalqı awır sociallıq-siyasıy waqıyalar, migracion processlerdı óz basınan ótkeredi. Bulardan, 1723-jılǵı Jonǵanrlar basqınshılıǵı nátiyjesinde bir xalıqtıń «joqarı» hám «tómengi» qaraqalpaqlar bolıp ekiga ajıralıp ketiwi, Kishi Júz qazaq xanlıǵı hám Xiywa xanlıqları basqınshılıq júrisleri, tómengi qaraqalpaqlardıń Sırdárya boylarınan Aral teńizi, tómengi Ámiwdárya boylarına kóship ótiw máseleleri quramalı tariyxıy process esaplanadı.

Shıǵıs Evropalı elshi hám sayaxatshıları shıǵarmaları, eslewlerinde qaraqalpaqlardıń geografiyalıq jaylasıwı, tariyxı, mádeniyatı hám siyasiy turmısı haqqındaǵı áhmiyetli hám tereń maǵlıwmatlar berilgen.

XVII-XIX ásirlerde qaraqalpaqlar siyasiy hám geografiyalıq jaylasıwı tárepten kishi júz qazaq xanlıǵı, Buxara, Qoqan hám Xiywa xanlıqları menen tıǵız baylanıslı esaplanadı. Bul haqqında Buxarada bolǵan rus elshileri B.Pazuxin (1669–1671 j.j.), T.Burnashev (1794-1795 j.j.), N.Xanıkov (1842-1843 j.j.) Buxara xanlıǵıdaǵı qaraqalpaqlar haqqında, 1813-1814-jıllarda Qoqan xanlıǵında bolǵan rus elshisi F.Nazarov Qoqannan ónshelli uzaq bolmaǵan jerdegi Sırdárya boyındaǵı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar beredi. Dereklerde kórsetiliwinshe, Buxara xanlıǵı aymaǵındaǵı qaraqalpaqlar Buxara qalasınıń arqasında, Qızılqum shólinde, Jizzax hám Oratóbe aralıqlarında jasaǵan. Búgingi kúnde Kenimex hám Tamdı rayonlarında jasawshi qaraqalpaqlardıń áwladları maǵlıwmatlardıń durıslıǵın tolıq dálilleydı. XVII ásir aqırı hám XVIII ásirdegi qaraqalpaqlar hám arallı ózbeklerdiń mámleketshilik tariyxı haqqında D.Vershinin (1721-jıl), P.Rıchkov (1712-1777-jıllar), D.Gladıshev hám I.Muravin (1740 -1741-jıllar), D.Rukavkin (1753-jılı), A.Butakov (1848-1863-jıllar) hám basqalardıń qızıqlı maǵlıwmatları berilgen.

XVIII ásirdegi Sırdárya boyı qaraqalpaqlarınıń Kishi Júz qazaq xanlıǵı menen óz ara kelispewshilikleri sebepli Qubla Aral boyı hám Ámiwdárya boylarına migraciyası, yaǵnıy kóship ótiw procesi júz beredi. Bul haqqında P.Rıchkov (1712-1777 jıllar), Blankennagel (1793 jıl), Levshin, A.Kaulbar hám basqalar maǵlıwmatlar qaldırǵan. Maǵlıwmatlardı talqılaw juwmaqları, Sırdárya jaǵalawlarındaǵı qaraqalpaqlar xalqı migraciyası XVIII-ásir 40-jıllarında baslanip XIX ásir basına shekem dawam etkenligin kórsetedi. Migracion procesler bir neshe basqıshta ámelge asırılǵan.

Rossiya imperiyası Xiywa xanlıǵıń basıp alǵannan soń da jergilikli xalıq haqqında maǵlıwmatlar jıynawǵa ayırıqsha itibar qaratadı.

Bunda siyasiy mápler názerde tutılǵanlıǵı barlıǵımızǵa belgili. 1874-jılı N.G.Stóletov basshılıǵında Ámiwdárya ekspediciyası shólkemlestiriledi. Ekspediciya aǵzaları túrli tarawlarda tómengi Ámiwdárya oazisinde ilimiy izertlew jumısların alıp baradı. Olardan A.Kaulbars, A.Kún miynetlerinde tómengi Ámiwdárya oazisindegi qaraqalpaqlar, ózbekler, qazaqlardıń etnogeografiya-lıq jaylasıwı, urıwlıq duzimi, xalqı, qala hám qorǵanları, etnografiyası haqqında tereń maǵlıwmatlar qaldırilǵan.

Juwmaqlaw sıpatında sonı aytıp ótiw kerek, qaraqalpaqlar XVII-XVIII ásirlerde xalıq sıpatında qáliplesken ana Watanı Qubla Aral boyı hám tómengi Ámiwdárya oazisine kelip jaylasqan. Qaraqalpaq xalqı óz tariyxıy rawajlanıw jolında kóplep awır sınawlar hám qıyınshılıqlardı óz basınan keshirgen. Olardı pidayılıq hám mártlik penen jeńip ótip materiallıq hám ruwxiy mádeniyatın óz áwladlarına jetkerip kelgen. Bul bolsa xalqımızdıń bay tariyxı hám mádeniyatın jáne de keńirek bayanlaw ushın jazba dereklerdı tereń úyreniwdı talap etpekte.

## Atamalardíń túsindirme sózligi

**Aral hákimligi** – 1625-1814-jıllarda Qubla Aral boylarında arallı ózbek hám qaraqalpaqlardíń ǵárezsiz mámleketi bolǵan[236]. Aral hákimliginiń eń aqırǵı húkimdarı sıpatında Tóre suwpı (1814-jılı óltiriledi) tilge alınadı.

**Aq dárya** –Qonırat rayonındaǵı Qızıl jar aymaǵınan soń Ámiwdárya eki úlken shaqapshaǵa ajıralǵan, bular Aq dárya hám Qıpshaq dárya dep atalǵan. Aq dárya Ámiwdárya dep te atalǵan.

**Aqjaǵıs** – XIX ásirdiń aqırında Qara tereń kóline onıń shıǵıs jaǵınan quyıp turǵan Kókózektıń bir shaqapshası bolǵan. Qara tereń kóliniń shıǵıs jaǵı XIX ásirde Tampı–Ayaǵı dep atalǵan[237].

**Versta** –XIX ásirdegi uzınlıq ólshem birligi; 1,6 km ǵa teń.

**Ǵayıp Sultan (xan)** – Ishim Muhammed Bahadirxannıń ulı, qaraqalpaq xanı. Rus elshisi M.Tevkelev 1734-jılı Sırdárya boyındaǵı qazaqlar ordasında bolǵanda Ǵayıp xan qaraqalpaqlar xanı bolǵan. 1734-jılda qazaq elshileri menen birge qaraqalpaq elshileri da Peterburgta imperator sarayında qabıl etiledi. Bul waqıtta imperator Anna Ioanovna tárepinen qaraqalpaqlar xanı Ǵayıp xanǵa da jarlıq jiberiledi.

**Jańadárya** – L.Bergtiń maǵlıwmatı boyınsha Sırdáryanıń túslik jaǵınan dáryanın eki úlken salası teńizge quyǵan[238]. Onıń biri Jańadárya bolıp, bir ese tolıp tasıp, bir ese suwı kemeyip qurıp qalatuǵın bolǵan. Jańadáryanıń salası Perovskiy (Qızıl Orda) qalasınan 12 verst tómende bolǵan.

**Jańakent qalası** – Ishmuxammed xan dáwirinde Sırdárya boyında qaraqalpaqlardıń oraylıq qalası bolǵan.

**Ishmuxammed xan** –Sırdárya boyında 1720-jıllarda qaraqalpaqlar xanı bolǵan. Qazaqlardıń kishi júzi xanı Abulxayır dáwirinde (1693-1748-jıllar) húkimdarlıq etken.

---

[236] Задыхына К.Л. Узбеки дельты Амударьи // ТХАЭЭ. Том.I. –Москва. Наука, 1952.– С.324-325.

[237] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? (Қарақалпақстан топономикасы тарийхынан). –Нөкис. Қарақалпақстан. 1965.– Б. 28.

[238] Берг Л. Аралское море. 1908.– С.32.

**Kegeyli kanalı** – XIX ásirdegi diyqanshılıq oazislerinen biri. Kegeyli kanalı kóplep shaqapshalarǵa bólinip ketgen. Olardıń qatarına Náwpir, Besjap, Mayjap, Qızılózek, Tazqara, Shoqarıqqa usaǵan kanallar jatadı.

**Kókózek**– diyqanshılıq oazislerinen biri. Kókózek–Quwanısh jarma kanalınıń eski ataması. Rawayatlar hám jergilikli maǵlıwmatlar boyınsha, Xiywa xanı Muxammed Rahimxan 1806-1825-jıllarda Jańadárya boylarınan kóship kelgen qaraqalpaqlardı otırıqlı diyqanshılıq turmısqa ótkeriw maqsetinde Kókózek deltasın keńeytiriw, jańa kanal hám japlar qazdırıw maqsetinde jergilikli xalıqtı qazıw jumıslarına jumsaydı. Qazıwǵa qatnasqanlarǵa xan ǵáziynesi esabınan jarma (milliy awqat túri – T.B.) biypul tarqatıladı. Qazıwǵa qatnasqanlar «bul quwanıshlı jarma boldı»-dep quwanısadı. Sonǵı dáwirde Kókózek kanali jergilikli xalıq arasında Quwanısh jarma dep atala baslaydı.

**Lawdan**–Ámiwdaryanıń ańǵarlarınan biri. Ámiwdaryanıń shep jaǵası Qıpshaq qalasınan batısta 30 verst (48 km) tómende Bes–Tóbe tawına qarama-qarsı jerden baslanıp Aybúyır kóline qoyǵan.

**Máhrem** – xanǵa járdemshi, aqılgoy.

**Mendigask** –sonǵı Aral hákimligi hukımdarı Tóremurat suwpınıń máhremı. Tóremurat suwpı qartayıp kózi kórmey qalǵannan soń oǵan satqınlıq qılıp Xiywa xanı tárepke ótip ketedi. Soń Qońıratqa Qutlımirat bekke shekem hákimlik qıladı.

**Muxammed Pana** – Qońırat qalasında Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz xanlıq dúzıw maqsetinde 1858-1859 jıllardaǵı kóteriliske basshılıq qıladı. Sonǵı Aral hákimligi hukımdarı Tóremurat -suwpınıń aqlıǵı.

**Náwpir kanalı –** Shımbaydan jeti shaqırım tómende Kegeyli kanalınan bólinedi. Náwpir burın gúllán Náwpir volostınıń jerlerin suwlandırıp ótırǵan kanal bolǵan. Náwpir kanalınıń tómengi jaǵı burunǵı Oraz atalıq jerlerine shekem barǵan. Besjap Náwpir kanalınıń 1910-jıllardan sońǵı ataması esaplanadı[239].

---

[239] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған ? – Б. 25-26.

**Nuralı xan** –1740-1749-jıllarda Aral hákimligin xanlıq qıladı. Qazaqlardıń Kishi Júzi xanı Abulxayırdıń (1693-1748 jıllar) balası. Ol 1749-jılı atasınıń órnına xan bolıp tayınlandı.

**Ózgent –**Sırdáryanıń tómengi ağısında jaylasqan qala.

**Pud** – patsha Rossiyası dáwirindegi awırlıq ólshem birligi.

**Raximberdi biy bazar** – Beruniy rayonı aymaǵındaǵı bekınıs qorǵanlardan biri.

**Tabarchuk Sultan** – Sırdárya boyında 1694-jıldan qaraqalpaqlar xanı bolǵan. Kishi Júz qazaq xanı Táwke xannıń balası.

**Táwke xan** – 1680-1718 jıllardaǵı Kishi Júz qazaq xanı.

**Tallıq ańǵarı** – Ámiwdárya ańǵarlarınan biri, Qońırat rayonı aymaǵınan baslanıp teńizge shekem baradı hám bir neshe mayda ańǵarlarǵa bólinip ketedi. Tallıq deltası hesh bir kólge quymaydı. Qaraqalpaq xalqı tariyxında Tallıq dáryası belgili orın tutadı. XIX ásirdiń basında Tallıq burqırap aǵıp turǵan dárya bolıp, onıń eki boyında tıǵız el jaylasqan. Butakovdıń bildiriwine qaraǵanda, 1824–jıllarda Tallıq boylarında 20 mıń qaqıra jay bolǵan. Qaraqalpaqlardıń bir bólimi XIX ásirdıń baslarında Tallıq, Aqdárya boylarına kóship kelgen, bunda olar balıqshılıq, diyqanshılıq, mal sharawshılıǵı menen shuǵıllanǵan. XIX ásir aqırı XIX ásir baslarında Tallıq suwsız kewip qaladı, bunnan keyin Sorkólden hám Tallıq boylarınan xalıq kóshe baslaydı[240].

**Tampi-Ayaǵı** – XIX ásirde Qara tereń kóliniń shıǵıs jaǵı Tampı-Ayaǵı dep atalǵan. Quwanıshjarmanıń ayaǵın Támpı dep ataydı.

**Tarlı –** házir qurıp qalǵan eski ańǵar, XIX ásirde tarlı Quwanıshjarmanıń bir shaqapshası bolǵan. Qaraqalpaqlar usı átirapqa kóship kelgen jıllarında Tarlınıń boyına aqmanǵıt, qaramanǵıt, uyǵır, keneges urıwları kelip jerlesip, onıń eki boyına ılǵıy tarı egedi. Sonlıqtan bundaǵı dáryanıń atı Tarılı dep ataladı. Tarılı degendegi dáslepki «i» sesti sońǵı «ı» sesti tásirinde túsip qalıp, «Tarlı» bolıp atalǵan[241]. 1930-1932-jıllarda Tarlıdan tınıq

240 Қосбергенов Р. XIX әсирдың ақыры XIX әсирдың басларында Хийўа ханлығындағы қарақалпақлардың аўҳалы. – Нөкис. 1960. –Б.40.

241 Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? .–Б. 29.

suw aǵıp turǵan, ol Baqanshaqlı kólden alıp, ayaǵı Dawıt kólge quyǵan.

**Tash** – Orta Aziyada qalalar arasındaǵı qashıqlıqtı ólshewde isletilgen uzınlıq ólshem birligi. Shama menen bir tash 8,5-9,5 km yamasa 12 mıń adımǵa ǵa tuwrı keledi[242].

**Tóre suwpı** – Aral hákimliginiń eń aqırǵı húkimdarı. 1814 jılı Xiywa xanı tárepinen til biriktiriwshilik nátiyjesinde óltiriledi.

**Toqpaq ata –** Moynaq qalası Úsh say poselkasında, biyik qumnıń basında jaylasqan qoyımshılıq. Toqpaq ata jóninde Jiyen jıraw hám Kúnxoja shıǵarmalarında: Toqpaqtan esti qattı jel, bunnan bardım Házireti Toqpaqqa degen qatarlar ushırasadı. Bul oniń XVIII ásir ortasınan belgili ekenligin kórsetedi. Bul jerde bolǵan Vengriyalı alım Herman Vamberi (1863-jılı) Toqpaq atanıń «balıqshılardıń piri» ekenligin, gúmbezı ishinde eski shapanın, úy buyımlarının saqlanǵanlıǵın aytadı.

**Úlken dárya** – Ámiwdáryanıń deltalarınan biri. Úlken dárya Qanlıkól rayonı Altinkól aymaǵınan baslap Ámiwdáryanıń teńizge quyarlıq aǵısı boylap aqqan hám Tallıq deltasına quyǵan.

**Shayıq Jálil tawı** –Qarataw dizbeklerinde jaylasqan. Jergilikli xalıqtıń taw janbawırındaǵı zıyarat órinlarınan biri. Ámiwdáryanıń oń jaǵasında házirgi Ámiwdárya rayonı Qıpshaq fermerler birlespesi, Xojakol bólimi aymaǵına tuwrı keledi.

**Shabbas (Shah-Abad)** –Beruniy rayonı aymaǵında jaylasqan, ayyemgı bekınıs qorǵanlarınan biri.

**Shaxtemir –** Shımbay rayonı aymaǵındaǵı áyyemgi qala. 1740-jılı rus elshıları D.Gladıshev menen I.Muravin Orenburgtan Xiywaǵa shekemgi sayaxatında Shaxtemir qalasında bólǵan. Ol waqıtta Shaxtemir qalası Kegeyli kanalınıń sol jaǵında jaylasqan. D.Gladıshev menen I.Muravin Shaxtemir tuwralı mınaday dep jazadı: «Bul qalanıń jayları ılaydan salınǵan, aynalası or, jaqın jerde kóli bar, al xalqı awız suwdı quduqtan ishedi, qala átirapında

[242] Ўзбек совет энциклопедияси. Жилд.11. –Тошкент. 1978. –Б.204.

jeke–siyrek torańgıl aǵashları ushırasadı. Bul qaladan teńizge shekemgi aralıq eki kúnlik jol»[243].

**Shortanbay –** Ámiwdárya ańǵarlarınan biri, Nókis rayonı aymaqlarına tuwrı keledi. Tok tawınıń arqa-batıs tusınan aǵıp ótip, ayaǵı Qusqanataw oypatına quyatuǵın bolǵan. Bul tuwralı Kaulbars miynetinde jazadı: Burın Shortanbay kishkene arıq bolǵan, keyin anǵarı kem-kemnen keńeyip, suwdıń tasıwı menen jolındaǵı kóplegen egisliklerdı hám baǵlardı nabıt etken[244].

**Shımbay** –XIX ásir basinda Shaxtemir qalasına jaqin aymaqta payda boladi[245]. Qala ishinen Kegeyli kanalı aǵıp ótken. Shımbaydın tiykarǵı xalqı qaraqalpaqlar, arallı ózbekler hám qazaqlar bolǵan. Olar sawdegerlik penen shuǵıllanǵan. Qalada jámi 1700-1800 adam jasaǵan.

**Qazaq dárya**–Úlken dáryanıń oń jaǵasında dáryanıń áyyemgi ańǵarlarınan biri. Úlken dáryadan Qazaqdárya bólinip teńizge quyǵan. Qazaqdárya bir neshe dáwirdıń ishinde bir ese tolıp suw aǵıp, bir ese suw aqpay boz bolıp, mudam ózgerip turǵan. Ámiwdáryanıń oń jaǵasındaǵı Moynaq rayonınıń aymaǵı bolıp, Shımbay rayonı menen qońsılas esaplanadı.

**Qabaqlı ata** – Qaraózek rayonı aymaǵına tuwrı keledi. XVII-XIX ásirlerde Aral teńizin jaǵalap jasaǵan qaraqalpaqlardın, sonday-aq, keyin ala qonıs basqan qazaqlardın, úlken qoyımshılıǵı arqadan qublaǵa sozılǵan qum ústine ornalasqan. Qoyımshılıqda XVIII-XIX ásirlerde salınǵan qatar arxitekturalıq estelikler-maqbaralar saqlanǵan. Zıyaratshılar keletuǵın orın Qabaqlı ata qábiri bolıp tabıladı. Xalıq arasında ol haqqında hár qıylı ánız-apsanalar saqlanıp kelgen.

**Qarabaylı deltası** - Ámiwdáryanıń shep jaǵasındaǵı ańǵarlarınan biri, Shomanay rayonı aymaǵında jaylasqan. Qarabaylı deltası Lawdan hám Quwanıshjarma deltalarınan arqa-batısta baslanadı.

---

[243] Поездка из Орска в Хиву и обратно в 1740-1741 годах современная Гладышев и Муравиным. –С. 12.

[244] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған ? - Б. 29.

[245] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған ? –Б. 64.

**Qılish-qala**–Dawqara kóline jaqın aymaqta jaylasqan. Taxtakópir rayonı aymaǵına tuwrı keledi.

**Qorqıt ata maqbarası -** Sırdáryanıń tómengi aǵısında jaylasqan. Qorqıt ata tariyxıy shaxs, tolıq atı Qorqıt ibn Abul Hamid. Ol XII ásirde Sırdárya boyında jasaǵan oǵuz-pecheneg qáwimleriniń biyi, batırı hám jırawı, qaraqalpaq jırawlarınıń babası. Qorqıt ata túrkmen, azerbayjan, qazaq, noǵay folklorlarında belgili. Ańızlarǵa qaraǵanda, Qorqıt ata dúńyadan ótkennen keyin oǵan arnap tórt jerde (Sırdárya, Mańǵıslaw, Emba, Ústúrt) maqbara tiklengen.

**Quwandárya -** Sırdáryanıń ańǵarlarınan biri. Sırdáryanıń tómengi jaǵınan suw alıp Aralǵa quyǵan. A.Butakov 70 jastaǵı qazaqtıń biyi Maqtıbay menen sóyleskende, 1780-jıllarda Quwandárya suwı Sırdáryanıń suwına qaraǵanda mól bolǵan[246]. Bul waqıtta Quwandárya Sırdáryanıń bas ańǵarı esaplanǵan.

**Quwanısh jarma**-Ámiwdáryanıń oń jaǵasındaǵı baslı ańǵarlarınan biri. Kók ózek dep de atalǵan. Nókis hám Kegeyli rayonları aymaǵınıń bir bólegi, Qaraózek rayonı, Taxtakopir rayonınıń aymaqların suw menen támiynlep turǵan tariyxıy kanal.

**Qutlımirat bek** –Qońıratta 1858-jıldıń gúzine shekem hákimlik qılǵan, Xiywa xanlıǵı ámeldarı. Qońırat wálayatın qalmıq qáwiminen bolǵan jasawıl bası Mámet arqalı basqarıp turadı. Salıqlardı jıynawda jawız hám sıqmar bolǵan.

**Qusqana taw** – XIX ásirdiń birinshi shereginen baslap Ámiwdáryanıń oń tárepindegi qaraqalpaqlardıń diyqanshılıq oazislerinen biri. Bozataw rayonı aymaǵı Qálen awıl aymaǵına jaqın jerde jaylasqan.

---

[246] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған ? - B.8.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 24-майдаги «Қадимий ёзма манбаларни сақлаш, тадқиқ ва тарғиб қилиш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисидаги» қарори // Халқ сўзи газетаси. 2017 йил 25-май. №103 (6797) сони.

2. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. – Тошкент. Шарқ, 1998.

3. Абулғази Баҳодирхон. Шажарай турк. –Тошкент. Чўлпон, 1992.

4. Аполлова Н.Г. Экономические и политические связи Казакстана с Россией в XVIII – начале XIX в. – Москва. 1960.

5. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? (Қарақалпақстан топономикасы тарийхынан). – Нөкис. Қарақалпақстан. 1965.

6. Бартольд В.В. Сведения об Аральском море и низовьях Амударьи с древнейших времен до XVII века. Соч., т. 3. – Москва. 1965.

7. Берг Л.С. Аральское море. Опыт физико-географической монографии. – СПб., 1908.

8. Бетгер Е.К. Дневник А.И. Бутакова, как материал для его биографии и для истории изучения Аральского бассейна // Дисс. Канд. Ист. Наук. – Ташкент. 1942.-186 с.

9. Бирзе А.М. К историй каракалпаков XVIII в.(начало) //Красный Архив. – Москва. 1938. №6 (91).

10. Бирзе А.М. К историй каракалпаков XVIII в. //Красный Архив. – Москва. 1939, N1 (92).

11. Богданов М.Н. Очерки природы Хивинского оазиса и пустыни Кызыл-Кум.-Ташкент.1882.

12. Бурнашев Т. Путешествие от Сибирской линий до города Бухары в 1794 году и обратно в 1795 году // Сибирский вестник, издаваемый Гр Списским. – СПб., 1818. Ч. II-III. –С. 183-284.

13. Бутаков А.И. Эпизод из современной истории Средней Азий. //Туркестанский сборник. 1867. Том.5. – С.235-244.

14. Бутаков А.И. Несколько страниц из историй Хивы. Туря-Суфи управления Кунградом // Туркестанский сборник. Том. 52.

15. Веселовский Н. Очерки историко-географических сведении о Хивинском ханстве от древнейших времен до настоящего. СПб., 1877 // Туркестанский сборник. Том. 156. – С. 364-388.

16. Военно-статическое описание Туркестанского военного округа. Хивинский район.-Ташкент, 1912.

17. Гребкин. А. Д. Узбеки русский Туркистан. Сборник изданный по поводу политехн. Выставка. – Москва, 1872.

18. Григорьев В.В. Описание Хивинского ханства и дороги туда из Сарайчиковской крепости//Записки ИРГО. – СПб., 1861. Кн. 2. – С. 105-138.

19. Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства //Записки Русского географического общества. Кн. V. – СПб., 1851.

20. «Дневные записки плавания А.И. Бутакова на шхуре «Константин» для исследование Аралсккого моря в 1848-1849 гг». // Подготовка к печати Е.К. Бетгера. – Ташкент, 1953. – 60 с.

21. «Ежегодник». Материалы для статистики Туркестанский край. под ред. Н.А. Маева. Вып. II. 1873. // Туркестанский сборник, Том.60.

22. Есбергенов Х. Қоңырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. – Нөкис. 1993.

23. Ефремов Ф. Странствование и приключение в Бухару и Хиве, Персии и Индий, и возвращение оттуда черед Англию в Россию. – СПб., 1786.

24. Ефремов Ф. Странствование в Киргизской степи Бухары, Хиве, Персии, Тибет Индий и возвращение его оттуда через Англию в Россию. – Казань, 1811.

25. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. – М-Л.: 1950.

26. Живописная Россия Том. Х. -СПб., – М., 1885.

27. Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи//Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Том.1. – М.: АНССР. 1952.

28. Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бўйлари. – Тошкент. Фан, 1973.

29. Иванов П.П. Материалы по изучению истории каракалпаков. Сборник: Каракалпакия. –Л.: 1934. Т.2.– С.178-199.

30. Иванов П.П. Очерки истории каракалпаков//Сборник: Материалы по истории каракалпаков и Каракалпакстан. – М-Л.: 1935.

31. "Известия" Императорского русского географического общества. том.11, вып. 1, 1875.

32. Казахско-русские отношения в XVI-XVIII веках. – Алма-Ата. АН Каз ССР, 1961.

33. Камалов С. XVIII әсирдеги қарақалпақ-рус қатнасықлары. -Нөкис.1966

34. Камалов С. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. – Ташкент. Фан, 1968.

35. Камалов С., Уббиниязов Ж., Кощанов А. Из истории взаимоотношений каракалпаков с другими народами Средней Азии и Казахстана в XVII-начале XX вв. -Ташкент. 1988

36. Камалов С. Қарақалпақлардын халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. - Нөкис. 2001.

37. Каразин Н.В. Низовья Аму. Путевые очерки «Вестник Европы» 1875. № 2-3. // Туркестанский сборник. Том. 76. -С. 204-205.

38. Каспийско - Аральская железная дорога в экономическом отношении. К проекту А.О.Брикельмейера и К.В.Николаевского. – СПб., 1914.

39. [Каульбарс А.В.] Низовья Амударьи описанныя по собственным исследованиям в 1873 г. –СПб., 1881 г. Записки ИРГО.Том.9.–80 с. //Туркестанский сборник. Том.283.-С.500-543.

40. Каульбарс А. Город Чимбай в дельте Аму-дарьй // Газета Туркестанский ведомости. 1874 г. 3-декабря. №48.

41. [Каульбарс А.В.] Атлас промеров в низовьях Амударьи генштаба полковника А.В.Каульбарса. - Спб., 1888. часть 1-12.

42. Килевейн Е. Отрывок из путешествия в Хиву некоторые подробности о ханстве во время правления Сейд-Мухаммад хана 1856-1860 г.//Туркестанский сборник.-Том. 388. -С. 1-12.

43. Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая // Туркестанский сборник. Том 123.-С. 223-259.

44. Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Аму-дарьи от Кунграда до Чимбая // Туркестанский ведомости 1873. № 23-32; 1874. № 2-3.

45. Книга Большому Чертежу // Подготовка к печати и редакция К.Н. Сербиной. -М-Л.: 1950.

46. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдың екинши ярымынан XXI әсирге шекем. –Нөкис. Қарақалпақстан. 2003.

47. Қосбергенов Р. Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы.–Нокис. 1972.

48. Қосбергенов Р.К. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы Қарақалпақ халқының мәденияты ҳәм турмысы. –Нокис. 1974.

49. Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках (до XIX в.)//Вестник ККО АНРУз. № 2, 1996.-С.82-84.

50. Қудияров А. Город Чимбай в русских источниках (конец XIX начало XX вв.)// Вестник ККО АНРУз. № 3, 1996.

51. Қудияров А. Ремесло Чимбае и его окрестностях// Вестник ККО АНРУз. № 1-2, 1997.

52. Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках // Автореферат кандидат историческии наук. –Нукус. 1999.

53. Кудияров А. Қаракалпақстан калаларынын тарийхынан // Вестник ККО АНРУз. №7. 2004. –С.49-50.

54. Лунин Б.В. Средней Азия в дореволюционное и советское востоковедение. –Ташкент. Фан. 1965.

55. Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. -Ташкент. Фан. 1988.

56. Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Узбекистана в сообщениях путешественников и ученых (20-80-е годы XIX в.). -Ташкент. Фан. 1990.

57. Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Восточные и Европейские источники XVII –XVIII веков по истории каракалпаков // Вестник ККО АНРУз. –Нукус. 2004. №3-4. -С.73 -79.

58. Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Города и поселения Каракалпаков в XVII –XIX вв. (Материалы к своду памятников материальной и духовной культуры каракалпаков) // Вестник ККО АНРУз. –Нукус. 2005. №1-2.-С.95 -106.

59. Маслова О.В. Образ русских путешествие и экспедиций в Среднюю Азию // Материалы к истории изучения Средней Азий. Ч. I, 1715-1856. -Ташкент, 1955.

60. Материалы по истории каракалпаков. Труды институт востоковедение АН СССР. Том.VII. –М.: -Л.: 1935.

61. Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрлар таярлаў. -Нөкис. Қарақалпақстан. 1992.

62. Назаров Ф. Записки о некоторых народах и землях средней части Азий. -Москва: Наука, 1968.

63. Никольский А.Н. О рыболовстве в водах Аралского моря// Известия географического общества. –Том. XXIII. –СПб., 1887. Вып.-5. –С. 654-698.

64. Нурмухамедов М.К., Жданков Т.А., Камалов С.К. Каракалпаки. -Ташкент. Фан, 1971.

65. Нурмухамедов М.К. Из истории русско-каракалпакских культурных связей -Тошкент. 1974

66. Нурмухамедов М.К. Рус-қарақалпақ мәдений байланыслары тарийхынан. -Нөкис. 1977.

67. Нурмухамедов М. К. Шығармаларының еки томлығы. –Нөкис. Қарақалпақстан. 1983. –Б.221-291.

68. Обзор русских путешествии и экспедиции в Среднюю Азию. Часть 3, 1869-1880 гг. – Ташкент. 1962.

69. Пискунова И.В. Сырдарьинские Каракалпаки и Россия в XVIII веке. // Вестник ККО РУз. 1993. № 3.-С.57-59.

70. Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. -СПб., 1851 // Туркестанский сборник. Том. 343.-С.1-71.

71. Попов А.Н. Сношения России с Хивою и Бухарою при Петре Великом // Записки русского географического общества (Записки РГО). –СПб., 1853. Кн. IX. -С. 378- 379.

72. Посланник Петра I на Восток. Посольство Флорио Беневени в Персию и Бухару в 1718-1725 годах. - Москва, 1986. -С. 68.

73. [Риза-кули Мырза]. Краткий очерк Амударьинской области. Составлен персидским принцем Риза-Кули Мырза флигель-адъютантом его императорского величества и гвардия полковником. –СПб., 1875.

74. Риза-кули Мырза. Әмиўдәрья областының қысқаша баянламасы//Әмиўдәрья журнал,1992, №2. -Б. 92-102

75. Родословная история о татарах. -СПб., 1768. Т.2. Ч.8.

76. Руссов. Путешествие из Оренбурга в Хиву Самарского купца Рукавкина в 1753 г. С приобщеннем разных известий о Хиве с отдаленных времен до нынъ// Из журнала М ВН Дель 1839. Часть. 34. кн.12.–С.351-401 //Туркестанский сборник. Том. 386. -С. 388-391.

77. Русский инвалид. – СПб. 1874. № 213, №216-санлары

78. Рычков П. И. Топография Оренбургская. То есть Обстоятельное описание Оренбургской губернии. -Санкт-Петербург, 1762. Часть. I.

79. Рычков П. И. История Оренбургская. 1730-1750 гг. -Оренбург, 1896. 2- издание.

80. Савельев П.С. Путешествие г. Базинера через Киргизскую степь в Хиву // Географиеские известия. -СПб., 1849. -№ 4. -С.170-208.

81. Сайманов С. Город Кунград и Аральское владение в XVIII в.// Вестник ККО АНРУз. № 4, 1996.

82. Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX в. (40-60-е гг. XIX в.)// Вестник ККО АНРУз. № 1-2, 1997.

83. Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX // Автореферат кандидат исторический наук. -Нукус, 2001.

84. Сайманов С.А.Кун. Арал бойы халықлары ҳаққында // Вестник ККО АН РУз. №7. 2004. –С. 60-61.

85. Саидкулов Т. Ўрта Осиё халқлари тарихининг тарихшунослигидан лавҳалар. –Тошкент. 1993.

86. Садыков А. Экономические связи Хивы с Россией. – Ташкент. 1965.

87. Сарыбаев К. Қарақалпақстандағы жер-суў катнасықлары тарийхынан. –Нөкис. 1960.

88. Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. – Нукус. Каракалпакстан. 1995.

89. Татищев В.Н. История Российская. Том. VII. -М.-Л.: 1968.

90. Татищев В.Н. Лексикон Российской исторической, географической, политической и гражданской. -СПб., 1793, ч. III.

91. Терентьев М.А. Россия и Англия в борьбе за рынок. – СПб., 1876.

92. Тилеумуратов М. Истоки культурных связей каракалпаков с соседними народами. – Нукус. Каракалпакстан. 1986.

93. Тилеўмуратов М. Қарақалпақлардың туўысқан халықлар менен мәдений байланыслары. -Нөкис. Қарақалпақстан, 1989.

94. Тилеумуратов М. Исторические и культурные связи каракалпаков с Россией и Башкирией в XVIII-начале XX вв. - Нукус. Каракалпакстан. 1993.

95. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы-тарийхый дерек. -Нокис. 1994.

96. Тилеўмуратов М. XVIII-XIX әсирлер тарийхын изертлеўде С.Камаловтың мийнетлери //Вестник ККО АНРУз.- Нокис. 1994. №3.-Б. 84-85

97. Толстова Л.С. Материалы по этнографии Ферганских каракалпаков //Краткие сообщения Института этнография АНСССР, Вып. XXI.

98. Толстова Л.С. Из истории Ферганских каракалпаков (К вопросу о переселении группы каракалпаков в Ферганскую долину) // Ученые записки Каракалпакского Госпединститута. –Нукус. 1957.

99. Толстова Л.С. Каракалпаки Ферганской долины (Историко-этнографический очерк). –Нукус. 1959.

100. Толстова Л.С. Этнографическая группа «Каракалпаков» составе узбеков Самаркандской области //Вестник КК АНРУзССР. 1960. N-2.

101. Толстова Л.С. Некоторые сведения о бухарских каракалпаках // Вестник КК ФАН УзССР. 1961. N-1.

102. Толстова Л.С. Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса в XIX и начале XX в. –Нукус. -Ташкент 1963.

103. Толстова Л.С. К вопросу о Закавказского-передней азиатских связах в этногенезе каракалпаков (мою стены) //Общественные науки в Узбекистане. -Ташкент. 1966.

104. Толстова Л.С. О некоторых каракалпакско-башкирских фольклорных связах //Археология и этнография Башкирии. IV материалы научной сессии по этногенезу Башкир. -Уфа. 1971.

105. Толстова Л.С. Жоқары қарақалпақлар. - Нөкис. Қарақалпақстан. 1975.

106. Турганов Б., Утемисов А. XVII- XVIII әсирлердеги қарақалпақлардың экономикалық турмысы //«Жанубий Оролбўйи археологияси, этнографияси, тарихи ва тарихшуносликнинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республикалик илмий-назарий анжуман материаллари. -Нукус. 2017. -Б. 107-110.

107. Турганов Б, Мадреимов Ф. П. Рычков мийнетлери Қарақалпақстан тарийхынан дерек сыпатында // “Ижтимоий фанларнинг долзарб масалалари: ривожланиш истиқболлари” мавзусидаги халқаро илмий-назарий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. 2-болим. –Б.186-188.

108. Турганов Б. XIX–XX әсир басындағы Қарақалпақстан тәбийий ресурсларын изертлеў тарийхынан // “Жанубий Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари” мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 2-қисм. -Б.231-233.

109. Турганов Б., Сапарова А. Қарақалпақ халқының XIX-XX әсир басларындағы дийқаншылық егин түрлери //”Жанубий-Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари” мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 1-қисм.-Б.201-203.

110. Турганов Б., Мамитова М. XIX -XIX әсир басында Қарақалпақстанда балықшылық // “Жанубий-Оролбуйи биологик хилма-хиллигини сақлаш, қайта тиклаш ва муҳофаза қилишнинг экологик масалалари” мавзусида халқаро илмий-назарий анжуман материаллари.-Нукус. 2018. 1-қисм.-Б.199-201.

111. Турганов Б., Утемисов А. Жанубий Оролбўйлари ҳақидаги географик-картографик маълумотлар //“ География фани ва уни ўқитишнинг долзарб масалалари” мавзусидаги Республика миқёсида илмий-назарий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. -Б.131-133

112. Турганов Б., Сейтмуратов О. Арал теңизиниң географиялық тәрептеӊ үйренилиўи тарийхынан// “География келажакга назар” мавзусидаги Республикалик илмий-амалий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. –Б. 38-41.

113. Турганов Б. Тарихий манбаларда Қорақалпоғистондаги табиий бойликлари ҳақидаги маълумотлар// “География келажакга назар” мавзусидаги Республикалик илмий-амалий анжуман материаллари. –Нукус. 2018. –Б.41-43.

114. Турганов Б, Мадреимов Ф. А.И.Бутаков күнделиги – Қубла Аралбойы халықлары тарийхы бойынша дерек //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1-бөлим. -Нөкис. 2019.-Б.79-82.

115. Турганов Б. Турғанбаев А. Л.С.Толстова – қарақалпақ халқы тарийхын изертлеўши алым //«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1-бөлим. -Нөкис. 2019.-Б.75-76.

116. Турганов Б., Худайназаров Д. Қарақалпақлардың XVII-XIX әсирлердеги қала ҳәм қорғанларының үйренилиў тарийхынан//«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселе-лери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1-бөлим. -Нөкис. 2019.-Б.71-74.

117. Турганов Б., Сапарова А. Қарақалпақстан тарийхын үйрениўде елши Г.И.Данилевскийдиң мағлыўматлары–дерек сыпатында//«Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасында Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. 1-бөлим. -Нөкис. 2019.-Б.77-78.

118. Турганов Б., Худайназаров Д. Қубла Қарақалпақстан аймағындағы XVIII-XIX әсирлердге тийисли қалалары //“Қарақалпақстанда археология илиминиң жетискенликлери” атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференция-сы материаллары топламы. -Нөкис. 2019.-Б.116-119.

119. «Уральские войсковые ведомости» газета. № 9. 1868 г. 25-февралья.

120. Ханыков Я.В. Пояснительная записка к карте Араль-ского моря и Хивинского ханства с окрестностями//Записки русского географического общества. 1851.кн. V. -СПб., 1851.

121. Ханыков Н.В. Описание Бухарского ханства. -Спб., 1843.

122. Xojaniyazov G. Les fortifications karakalpakes aux XVII-XIX siucles // Karakalpakes et autres gens de l` Aral. Entre rivages et deserts. Caiers d` Fsie Centrale, # 10, 2002/

123. Хожаниязов Г. Каракалпаки в приаральском микрорайоне в XVI-XVII вв.// Археология Приаралья. Вып.VII. -Ташкент. Фан.2008.-С.159-162.

124. Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар. -Нөкис. 1994.

125. Хожаниязов Ғ., Ҳакимниязов Ж, Пайзуллаева Ш. Бердақ дәўириндеги қорған–қалалар.–Нөкис. Қарақалпақстан, 2015.

126. Хозяйство каракалпаки в XIX- начале XX века. – Ташкент, Фан. 1972.

127. Хожаниязов Г.Аралъско-кунградскос владение// Вестник КК отделение АН РУз №7 2004. –С. 52-53.

128. Центральный государственный архив Республики Узбекстан (ЦГА РУз). Ф.И-1. Опись 16, д.636, лл11-15; д.938.лл.31-42. Автограф Н.А. Северцов.

129. Чулков М. Историческое описание Российской коммерций. -Москва, 1785. Том.2. Кн.3.

130. Шамамбетов Б., Юсупов О. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дереклер. -Нөкис. 1995.

131. Шкапский О. Амударьинские очерки. К аграрному вопросу на нижней Амударье.-Ташкент. 1900.

132. Юсупов О.Ж. Рус алымлары қарақалпақ ҳәм рус қатнасықлары ҳаққында // УзССР ҚҚФ «Хабаршысы» 1988. №2.

133. Юсупов О. П.П. Ивановтың архиви // Әмиўдәрья. – Нөкис. 1986. №2 саны.

134. Юсупов О. Об-архиве историка П.П. Иванова // Вестник КК ФАН УзССР. –Нукус. 1986. №2.

135. Юсупов О.Ж. Жанибек Батыр, Маман Батыр, Мурад Шайых Әзийз Баба, Қоразбек бий Аталық. -Нөкис. Қарақалпакстан. 1993.

# MÁZMUNI

Kirisiw ....................................................................3
I Bap. XVII - XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqı tariyxınıń tariyxtanıw ádebiyatlarında jarıtılıwı ..........................................7
II Bap. XVII - XVIII ásirlerdegi Rossiyalı elshi hám sayaxatshılardıń qaraqalpaqlar haqqındağı mağlıwmatları ..........27
1.1. «Úlken sızılma kitabı» -tariyxıy derek.............................32
1.2. Ağa-inili Pazuxinler elshilik saparı (1669-1671 jıllar)....33
1.3. S.Remezov «Sibirdıń sızılma kitabı» (1696 jıl) .............34
1.4. 1697-jılğı Xiywa xanlığına sayaxat.................................35
1.5. Dmitriy Vershinin elshiligi (1721-jılı) ............................36
1.6. Florio Beneveni elshiligi (1721-1725 jıllar)....................37
1.7. Mırza Tevkelev elshilik saparı (1731-1733- jıllar) .........39
1.8. D.Gladıshev hám I.Muravinler elshilik saparı (1740-1741-jıllar) .................................................................40
1.9. Danil Rukavkinnıń Xiywağa sayaxatı (1753 jil).............47
1.10. Filipp Efremov (XVIII ásirdiń 70 jılları).......................48
1.11. Mendiyar Bekchurin elshiligi.......................................50
1.12. T.Burnashev elshiligi (1794-1795 jıllar).......................51
1.13. Filipp Nazarov sayaxatı (1813-1814 jıllar) ...................52
1.14. G.I.Danilevskiy elshilik saparı (1842-1843 jıllar).........53
1.15. Ağa-inili tuwısqan Xanıkovlar .....................................56
1.16. A.I.Butakov kúndeligi (1848-1849 jıllar)......................58
1.17. N.Ignatevtıń – Xiywa xanlığına elshilik saparı..... ........62
III Bap.Rossiyalı mámleketlik isker hám tariyxshılarınıń qaraqalpaqlar haqqındağı mağlıwmatlari .......................................66
2.1. Ivan Kirilovich Kirilov (1695-1735 jıllar) .......................69
2.2. Vasiliy Nikitovich Tatishev (1686-1750 jıllar)...............72
2.3. Mixail Dmitrievich Chulkov (1743-1792 jıllar)..............73
2.4. Petr Ivanovich Rıchkov (1712-1777 jıllar)......................74
2.5. Rus shığıstanıwshı alımları ............................................78

IV Bap. Patsha Rossiyasınıń koloniyashiliq dáwirdegi tariyxıy-etnografıyalıq izertlewleri..............................................82
3.1. A.V.Kaulbars maǵlıwmatları..........................................87
3.2. Kun Aleksandr Lyudvigovich (1840 – 1888 jıllar).......102
3.3. Nikolay Nikolaevich Karazin (1842-1908-jillar)..........107
3.4 Riza-kuli Mırzanıń maǵlıwmatları.................................109
3.5 N.A.Maev maǵlıwmatları .............................................113
Juwmaqlaw.........................................................................119
Atamalardıń túsindirme sózligi ..........................................122
Paydalanılǵan ádebiyatlar...................................................128

# Esletpe ushın

## Esletpe ushın

## Esletpe ushın

**Turǵanov Baxit Qurbanbaevich**

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍNAN DEREKLER

**(XVII - XIX ásirlerdegi Rossiyalı elshi hám sayaxatshılardıń maǵlıwmatları tiykarında)**

(Oqıw qollanba)

**Bas redaktor:** Q.M.Qoshanov
**Redaktor:** A.Abdujalilov
**Ko'rkem redaktori:** S. Abduvaliyev
**Tex. redaktori:** U. Vohidov
**Operatori:** D. O'rinova

**Licenziya: AI №190, berilgen waqtı 10.05.2011**
Original-maketten basıwǧa ruqsat etildi 26.11.2019-j.
Formatı 60x84 $^{1}/_{16}$. Kegli 11,5. «Times New Roman»
garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 9,0 b.t.
8,37 shártli b.t. Nusqası 100 dana. Buyırtpa 20-11.

«Tafakkur-bo'stoni» baspası. 100190. Tashkent qalası,
Yunusobod-9, 13-54. E-mail: yunusali_1987@mail.ru

«Tafakkur-bo'stoni» MCHJ baspa-poligrafiyasında
basıldı. Tashkent qalası, Chilanzar kóshesi, 1.
Telefon: (890) 000-33-93